



# TRI-COUNTY MANYEL MANM POU 2022

10 Mas 2022  
1-877-600-5472  
TTY 711

[TrilliumOHP.com](https://TrilliumOHP.com)



Community Health Plan®

# Konte Clackamas-Multnomah-Washington yo

**Èske W Bezwen Èd Pou Konnen Avantaj Ou yo? Rele nou. Nou vle ede ou resevwa pi bon swen ou merite a.**

## Trillium Community Health Plan OHP

(ki genyen ladan Trillium Behavioral Health)

13221 SW 68th Parkway, Ste. 500, Tigard, OR 97223

Biwo nou an gen aksè pou chèz woulant.

Lè Fonksyonman\*: Lendi - Vandredi, 8 a.m. - 5 p.m.

Lè Lokal: **541-485-2155**

Nimewo Gratis: **1-877-600-5472** (TTY: 711)

Faks: **844-805-3991**

<http://www.trilliumohp.com>

Si ou bezwen yon trajè pou ale oswa sot nan randevou swen sante w yo: tanpri, rele:

**Jesyon Transpò Medikal (MTM, Medical Transportation Management)**

Nimewo Gratis: 877-583-1552 (TTY: 711)

Ou kapab jwenn èd pou peye trajè yo.

\*Si ou bezwen èd andeyò lè fonksyonman sa yo, tanpri, kite yon mesaj oswa rele Founisè Swen Jeneral (Primary Care Provider, PCP) ou an. PCP ou an gen yon moun ki disponib pou reponn telefòn nenpòt lè, 24 sou vennkat, 7 jou sou sèt. Pou sèvis pou kriz sante mantal yo, tanpri gade seksyon "Sèvis Ijans ak Sèvis Kriz nan Kesyon Sante Mantal". Si ou gen yon ijans, rele 911.

## Dental Care Organizations

### Advantage Dental Services

Sèvis Kliyantèl Nimewo Gratis 1-866-268-9631

TTY: 711

### Capitol Dental Care

1-503-585-5205 oswa nimewo gratis

1-800-525-6800

TTY: 1-800-735-2900

### Oregon Dental Service

1-503-243-2987 oswa nimewo gratis

1-800-342-0526

TTY: 1-503-243-3958 oswa 1-800-466-6313

## ORÈ POU JOU FERYE 2022: BIWO TRILLIUM YO FÈMEN

|                               |                         |
|-------------------------------|-------------------------|
| Joudlan                       | Lendi 3 Janvyè 2022     |
| Anivèsè Martin Luther King Jr | Lendi 17 Janvyè 2022    |
| Memorial Day                  | Lendi 30 Me 2022        |
| Fèt Endependans (obsève)      | Lendi 4 Jiyè 2022       |
| Labor Day                     | Lendi 5 Septanm 2022    |
| Jou Thanksgiving              | Jedi 24 Novanm 2022     |
| Jou Aprè Thanksgiving         | Vandredi 25 Novanm 2022 |
| Lavèy Nwèl                    | Vandredi 23 Desanm 2022 |
| Fèt Nwèl (obsève)             | Lendi 26 Desanm 2022    |
| Lavèy Nouvèl Ane              | Vandredi 30 Desanm 2022 |

## Asistans Lang ak Entèpretasyon

Tout manm yo gen dwa pou yo jwenn enfòmasyon sou pwogram ak sèvis yo ak pou yo kapab itilize yo. Nou ofri kalite èd gratis sa yo:

- Lang siy;
- Entèprèt langaj oral;
- Materyèl nan lòt lang; ak ekriti
- Braille, gwo karaktè, ak nenpòt fòm ki pi bon pou ou.

Si w bezwen èd oswa w gen kesyon, tanpri rele Sèvis Manm lan nan 1-877-600-5472 (TTY 711).

Ou kapab jwenn yon entèprèt lang oral oswa lang siy nan randevou ou an si ou bezwen youn. Lè ou rele pou yon randevou, fè biwo pwofesyonèl swen sante w la konnen ou bezwen yon entèprèt epi pou ki lang.

### **Si w bezwen yon entèprèt lang oswa entèprèt langaj an siy pou vizit swen sante yo, ou kapab:**

1. Rele Trillium.
2. Rele biwo doktè w la epi mande l pou l mete yon entèprèt disponib pandan vizit ou a.

W ap jwenn enfòmasyon sou Entèprèt nan Domèn Swen Sante yo nan:

[www.Oregon.gov/oha/oei](http://www.Oregon.gov/oha/oei).

### **Si usted necesita esta información en otro idioma, en letra grande, Braille o audio, llame a Trillium en uno de los números mencionados anteriormente.**

Tout nouvo manm yo pral resevwa yon pakè byenveni ki gen ladan l yon kopi Manyèl Manm nan. Ou kapab jwenn yon kopi Manyèl Manm lan, oswa yon kopi nan yon lòt lang, ki enprime san ou pa peye pou sa. Rele Sèvis Manm yo nan 1-877-600-5472; TTY: 711. N ap voye yon manyèl pa lapòs ba ou nan lespas 5 jou ouvrab. Ou kapab gade yon vèsyon elektwonik sou sit entènèt nou an nan: [www.trilliumohp.com/memberhandbook](http://www.trilliumohp.com/memberhandbook)

Si ou mande nou voye manyèl la pa imèl ba ou, n ap note sa nan dosye ou. Ou dwe ba nou apwobasyon w pou n voye l ba ou pa imèl.

**Anglè:** ATANSYON: Si w pa pale anglè, sèvis asistans pou lang, gratis, disponib pou ou, sa gen ladan tradiksyon ekri, entèpretasyon oral, entèprèt ki sètifye ak kalifye pou lang pale ak lang siy, lòt chwa fòma, ak èd ak sèvis oksilyè, sa gen ladan sèvis ekri. Rele 1-877-600-5472; TTY: 1-877-600-5473.

**Español** (Spanish): ATENCIÓN: si no habla inglés, tiene a su disposición servicios de asistencia lingüística sin cargo, que incluye traducciones, interpretaciones, intérpretes certificados y calificados de lenguaje hablado y de señas, formatos alternativos y servicios y asistencia auxiliares, incluidos formatos escritos. Llame al 1-877-600-5472; TTY: 1-877-600-5473.

**Tiếng Việt** (Vietnamese): CHÚ Ý: Nếu quý vị không nói tiếng Anh, chúng tôi có thể cung cấp dịch vụ hỗ trợ miễn phí cho quý vị, bao gồm dịch vụ biên dịch tài liệu, thông dịch trực tiếp, thông dịch viên ngôn ngữ ký hiệu và ngôn ngữ nói có trình độ, định dạng khác, dịch vụ và công cụ hỗ trợ, bao gồm cả tài liệu dạng văn bản. Vui lòng gọi số 1-877-600-5472; TTY: 1-877-600-5473.

**简体中文** (Chinese): 注意:如果您不會說英語,您可以免費獲得語言協助服務,包括書面翻譯、口譯、經過認證和合格的口語和手語翻譯、其他格式的文件以及包括書面交流在內的輔助工具和服務。請致電 1-877-600-5472; TTY: 1-877-600-5473。

**Русский язык** (Russian): ВНИМАНИЕ: Если вы не говорите на английском языке, то вам доступны бесплатные услуги перевода, в том числе письменный и устный перевод, услуги присяжных и квалифицированных устных переводчиков и переводчиков жестового языка, альтернативные форматы и вспомогательные средства и услуги, в том числе письменные. Звоните по номеру 1-877-600-5472; TTY: 1-877-600-5473.

**한국어** (Korean): 주의: 영어를 구사하지 않으시면, 번역, 통역, 인증되고 자격을 갖춘 통역사 및 수화 통역사, 대체 형식, 보조 지원 및 서비스, 서면



형식 등으로 언어 지원 서비스를 무료로 제공해드립니다.  
1-877-600-5472번, TTY: 1-877-600-5473번으로 전화해 주십시오.

**Українська (Ukrainian):** УВАГА! Якщо ви не розмовляєте англійською, вам доступні безкоштовно послуги письмового та усного перекладу, зокрема професійний усний переклад та сурдопереклад, альтернативні формати та інша допомога, зокрема письмова. Звертайся за телефоном: 1-877-600-5472; Телетайп: 1-877-600-5473.

**日本語 (Japanese):** 注意事項: 英語以外での対応をご希望の方は、無料の言語支援サービスをご利用ください。文書での翻訳、口頭での通訳、認定や資格を取得している手話通訳士による口語と手話の通訳、その他の方法、筆談等の補助的支援やサービスをご利用いただけます。電話 1-877-600-5472、TTYサービス: 1-877-600-5473。

**العربية: (Arabic)** تنبيه: إذا كنت لا تتحدث اللغة الإنجليزية، فستتوفر لك خدمات المساعدة اللغوية مجاناً، بما في ذلك الترجمات الكتابية والترجمات الشفوية ومترجمي لغة الإشارة والمترجمين المرخصين والمؤهلين، والتنسيقات البديلة والمساعدات والخدمات المساعدة بما في ذلك الكتابية. اتصل بالرقم ١-٨٧٧-٦٠٠-٥٤٧٢؛ الهاتف النصي: ١-٨٧٧-٦٠٠-٥٤٧٣.

**Română (Romanian)** ATENȚIE: Dacă nu vorbiți limba engleză, vă sunt disponibile servicii de asistență lingvistică gratuite, inclusiv traduceri scrise, interpretări orale, interpreți autorizați și calificați pentru limbajul semnelor și limbajul vorbit, formate alternative, precum și dispozitive și servicii auxiliare, inclusiv servicii în scris. Apelați numărul de telefon 1-877-600-5472; TTY: 1-877-600-5473.

**ខ្មែរ (Cambodian)** ប្រយ័ត្ន: ប្រសិនបើអ្នកនិយាយភាសាអង់គ្លេសមិនបានទេនោះ សេវាជំនួយខាងភាសា ដោយមិនគិតថ្លៃ មានសម្រាប់អ្នក រួមបញ្ចូលទាំងការបកប្រែសំណេរ ការបកប្រែផ្ទាល់មាត់ អ្នកបកប្រែភាសាសញ្ញានិងភាសានិយាយ ដែលមានលក្ខណៈសម្បត្តិគ្រប់គ្រាន់ និងមានវិញ្ញាបនបត្របញ្ជាក់ ទម្រង់ផ្សេងៗជំនួស និងជំនួយនិងសេវានានា រួមទាំងសំណេរ។ ទូរសព្ទមកលេខ 1-877-600-5472; TTY: 1-877-600-5473

**XIYYEEFFANNAA** (Cushite): HUBADHAA: Afaan Ingilizii kan hin dubbanne yoo taatan, tajaajilootni gargaarsa afaanii, kaffaltii irraa bilisa ta'an, isiniif qophaa'aniiru: hiikkaa barreeffamaa, hiikkaa faanii/sagalee, hiiktota afaan dubbatamuu fi afaan mallattoo waraqaa ragaa qabanii fi ga'umsa qaban, filannoo foormaatii biroo, fi deggersa meeshaalee fi tajaajiloota, kan barreeffamaa dabalatee of-keessatti kan hammatu. 1-877-600-5472; TTY: 1-877-600-5473 irratti bilbilaa.

**Deutsch** (German) ACHTUNG: Wenn Sie kein Englisch sprechen, stehen Ihnen kostenlos sprachliche Hilfsdienstleistungen zur Verfügung, darunter schriftliche Übersetzungen, mündliche Dolmetscher, zertifizierte und qualifizierte Dolmetscher für Laut- und Gebärdensprache, alternative Formate sowie Hilfsmittel und Dienstleistungen, auch schriftlich. Rufnummer: 1-877-600-5472; TTY: 1-877-600-5473.

**فارسی کتبی**، (Farsi): توجه: چنانچه انگلیسی نمی دانید، خدمات کمک زبان رایگان، از جمله ترجمه های جایگزین، و ترجمه شفاهی، مترجمان زبان گفتاری و اشاره دارای گواهی و واجد شرایط، فرمت وسایل و خدمات کمکی، از جمله موارد کتبی، در دسترس شماست. با شماره تماس بگیرید 1-877-600-5473؛ TTY: 1-877-600-5472.

**Français** (French) ATTENTION : Si vous ne vous exprimez pas en anglais, des services d'assistance linguistique gratuits sont à votre disposition. Il s'agit notamment de la traduction des documents écrits, de l'interprétation des discours, de l'interprétation certifiée et adéquate en langue parlée et en langue des signes, d'autres formats, ainsi que des aides et services auxiliaires, y compris écrits. Composez le numéro 1-877-600-5472 ; ATS : 1-877-600-5473.

**ภาษาไทย** (Thai) โปรดทราบ: หากคุณไม่ได้พูดภาษาอังกฤษ เรามีบริการผู้ช่วยแปลภาษาให้บริการฟรี ซึ่งรวมถึงการแปลเป็นลายลักษณ์อักษร การแปลปากเปล่า ล่ามแปลภาษาและล่ามภาษามือก็ได้รับการรับรองและมีคุณสมบัติรูปแบบการแปลอื่นๆ รวมถึงความช่วยเหลือและบริการเสริมอื่นๆ ซึ่งรวมการเขียนเป็นลายลักษณ์อักษรด้วย โทร 1-877-600-5472 หรือส่งข้อความทางโทรศัพท์: 1-877-600-5473

## **Trillium Community Health Plan (Trillium) vle bay manm nou yo pi bon swen ak pi bon sèvis.**

### **Èske w panse Trillium Community Health Plan (Trillium) te trete w nan yon fason ki pa jis?**

Trillium dwe respekte lwa eta ak lwa federal sou dwa sivil. Li pa kapab trete moun nan fason ki pa jis nan okenn nan pwogram oswa aktivite akòz:

- Laj yon moun
- Koulè
- Orijin Nasyonal
- Idantite seksyèl
- Eta sivil
- Sèks
- Ras
- Relijyon
- Oryantasyon seksyèl
- Andikap

Ou gen dwa pou antre, soti nan batiman ak sèvis yo ak pou itilize yo. Ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon nan yon fason ou konprann. Trillium pral fè chanjman ki rezonab nan règleman, pratik ak pwosedi pandan l ap diskite avèk ou sou bezwen w yo.

### **Pou deklare enkyetid ou pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte:**

Trillium Community Health Plan

555 International Way, Building B, Springfield, OR 97477

Nimewo Gratis 877-600-5472 (TTY 711)

<https://www.trilliumohp.com/members/oregon-health-plan/for-members/member-satisfaction.html>

Tanpri, kontakte Sèvis Manm yo nan 541-485-2155; Nimewo Gratis: 1-877-600-5472; TTY: 1-877-600-5473, Lendi jiska Vandredi, 8:00 a.m. pou rive 5:00 p.m. Ou kapab kite yon mesaj nan lòt moman yo, ni lè wikenn ak jou konje federal yo. N ap retounen rele w nan pwochen jou ouvab la. Ou gen dwa pou egzèse dwa w yo antanke manm san okenn aksyon negatif oswa diskriminasyon. Si ou santi ke yo pa te respekte dwa ou yo, ou ka depoze yon doleyans.

Epitou ou ka kontakte yon Ombudsperson atravè Otorite Sante Oregon yo nan 1-877-642-0450 oswa TTY: 711. Apèl la gratis.

### **Epitou ou kapab kontakte Kowòdonatè Non-Diskriminasyon Trillium lan:**

Geno Allen, Kowòdonatè Non-Diskriminasyon

Voye yon imèl nan: [gilbert.e.allen@trilliumchp.com](mailto:gilbert.e.allen@trilliumchp.com)

Voye l pa lapòs nan: 555 International Way, Building B, Springfield, OR 97477

Telefòn: 541-650-3618, Nimewo Gratis 877-600-5472 oswa TTY 711

Ou gen dwa pou depoze yon plent pou dwa sivil nan òganizasyon sa yo:

### **U.S. Department of Health and Human Services Office for Civil Rights (Biwo Dwa Sivil Depatman Sante ak Sèvis Imèn yo Etazini an, OCR)**

Sit entènèt: <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/smartscreen/main.jsf>

Voye imèl bay: [OCRComplaint@hhs.gov](mailto:OCRComplaint@hhs.gov)

Telefòn: 800-368-1019, 800-537-7697 (TDD)

Pa lapòs bay: **Office for Civil Rights**

200 Independence Ave. SW, Room 509F, HHH Bldg., Washington, D.C. 20201

### **Sit entènèt Dwa Sivil**

Oregon Health Authority (OHA): [www.oregon.gov/OHA/OEI](http://www.oregon.gov/OHA/OEI)

Imèl bay: [OHA.PublicCivilRights@state.or.us](mailto:OHA.PublicCivilRights@state.or.us)

Telefòn: 844-882-7889 (TTY 711)

Pa lapòs nan: **Office of Equity and Inclusion Division**

421 SW Oak St., Suite 750, Portland, OR 97204

### **Bureau of Labor and Industries Civil Rights Division**

Imèl bay: [crdemail@boli.state.or.us](mailto:crdemail@boli.state.or.us)

Telefòn: 971-673-0764

Pa lapòs nan: **Bureau of Labor and Industries Civil Rights Division**

800 NE Oregon St., Suite 1045, Portland, OR 97232

|                                                                                       |           |
|---------------------------------------------------------------------------------------|-----------|
| Konte Clackamas-Multnomah-Washington yo .....                                         | 1         |
| Asistans Lang ak Entèpretasyon .....                                                  | 2         |
| <b>BYENVENI NAN TRILLIUM COMMUNITY HEALTH PLAN .....</b>                              | <b>11</b> |
| <b>KISA PLAN SANTE OREGON (OREGON HEALTH PLAN, OHP) LAN YE?.....</b>                  | <b>11</b> |
| Lis sèvis sante priyorite .....                                                       | 11        |
| Kisa yon Òganizasyon Swen Kowòdone (Coordinated Care Organization, CCO) ye?.....      | 12        |
| Kisa swen ki jere ak frè pou sèvis la ye? .....                                       | 12        |
| E si mwen pa vle pou se Trillium ki se CCO mwen?.....                                 | 12        |
| Kòman m ka antre nan yon lòt CCO? .....                                               | 13        |
| <b>ENFOMASYON SOU PLAN AN .....</b>                                                   | <b>14</b> |
| Kiyès pou m rele si m gen kesyon? .....                                               | 14        |
| Kisa Sèvis Kowòdinasyon Swen Entansif (Intensive Care Coordination, ICC) yo ye? ..... | 16        |
| Konsèy Konsiltatif Kominotè .....                                                     | 19        |
| Lèt pwoteksyon asirans OHP .....                                                      | 19        |
| Kijan pou mwen jwenn yon entèprèt? .....                                              | 20        |
| <b>KI DWA AK RESPONSABLITE M GENYEN ANTANKE MANM? .....</b>                           | <b>20</b> |
| Dwa antanke Manm .....                                                                | 21        |
| Responsablite Manm yo .....                                                           | 22        |
| Dwa antanke Pasaje.....                                                               | 23        |
| Responsablite Pasaje yo .....                                                         | 23        |
| <b>KIJAN POU JWENN SWEN MEDIKAL LE OU BEZWEN YO .....</b>                             | <b>24</b> |
| Kijan mwen kapab jwenn yon doktè oswa pwofesyonèl swen sante?.....                    | 24        |
| Kisa Swen Jeneral la ye? .....                                                        | 25        |
| Kijan pou m chwazi yon Founisè Swen Jeneral (PCP)?.....                               | 25        |
| Kòman m kapab pran yon randevou avèk PCP m nan? .....                                 | 25        |
| Kòman m kapab chanje PCP m nan? .....                                                 | 26        |
| Men kèk ti konsèy pou ede w gen yon pi bon relasyon avèk PCP ou an: .....             | 26        |
| Nou kouvri dezyèm opinyon yo .....                                                    | 26        |
| E si m pa ka rive nan randevou m lan?.....                                            | 26        |



|                                                                                       |           |
|---------------------------------------------------------------------------------------|-----------|
| E si m bezwen jwenn swen imedyatman?.....                                             | 27        |
| E si m bezwen konsilte yon espesyalis oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante?.....       | 27        |
| E si m ap resevwa Sèvis ak Sipò Alontèm?.....                                         | 27        |
| Anba a, w ap jwenn yon lis sèvis ou kapab resevwa san rekòmandasyon PCP w la. ....    | 27        |
| Kijan m kapab jwenn apwobasyon pou sèvis yo?.....                                     | 28        |
| Lòt Avantaj OHP Kouvri.....                                                           | 28        |
| Èske nouvo teknoloji kouvri? .....                                                    | 30        |
| Ensitasyon pou doktè .....                                                            | 30        |
| Èske m ka jwenn yon trajè pou m al nan randevou m lan? .....                          | 31        |
| <b>AVANTAJ AK SÈVIS KI KOVRI .....</b>                                                | <b>31</b> |
| Ki sèvis OHP kouvri?.....                                                             | 31        |
| Kijan m kapab kanpe sou itilize tabak?.....                                           | 33        |
| Rezime Lis verifikasyon Avantaj .....                                                 | 34        |
| Sèvis planin famiyal ak pou evite gwosès .....                                        | 40        |
| E si mwen ansent? .....                                                               | 40        |
| Kijan m kapab jwenn medikaman sou preskripsyon mwen yo?.....                          | 41        |
| Kilès nan medikaman yo ki pa kouvri?.....                                             | 41        |
| <b>IJANS MEDIKAL AK SÈVIS POU SWEN IJAN.....</b>                                      | <b>43</b> |
| Kisa yon ijans medikal ye?.....                                                       | 43        |
| Sèvis anbilans.....                                                                   | 43        |
| Kijan m kapab jwenn swen apre yon ijans? .....                                        | 44        |
| Kijan m kapab jwenn swen ijan?.....                                                   | 44        |
| Kote yo Bay Swen Ijan yo.....                                                         | 44        |
| <b>AVANTAJ AK SÈVIS POU SWEN DAN OU YO .....</b>                                      | <b>45</b> |
| Kisa sèvis dantè yo ye? .....                                                         | 45        |
| Kijan pou m chwazi yon plan pou swen dan? .....                                       | 46        |
| Kijan mwen kapab itilize avantaj pou swen dan m yo?.....                              | 46        |
| Kijan pou m chwazi yon Dantis Swen Jeneral (PCD)? .....                               | 46        |
| Kòman m kapab pran yon randevou avèk Dantis Swen Jeneral mwen an?.....                | 46        |
| Èske m ka jwenn yon trajè pou m al nan randevou m lan? .....                          | 46        |
| Kòman m kapab chanje Dantis Swen Jeneral mwen an? .....                               | 46        |
| E si m panse m dwe konsilte yon espesyalis oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante? ..... | 46        |

|                                                                                                       |           |
|-------------------------------------------------------------------------------------------------------|-----------|
| <b>KI AVANTAJ DANTÈ MWEN GENYEN?.....</b>                                                             | <b>47</b> |
| Rezime Avantaj ak Sèvis yo .....                                                                      | 47        |
| <b>IJANS DANTÈ &amp; SÈVIS POU SWEN DANTÈ KI IJAN .....</b>                                           | <b>48</b> |
| Kisa yon ijans dantè ye? .....                                                                        | 48        |
| Kisa yon sèvis pou swen dantè ki ijan ye? .....                                                       | 48        |
| E si m pa nan vil la epi gen yon ijans oswa mwen bezwen jwenn swen ijan?.....                         | 48        |
| Kijan m kapab jwenn swen apre yon ijans?.....                                                         | 48        |
| <b>AVANTAJ POU SANTE MANTAL AK DEPANDANS NAN PWODUI CHIMIK.....</b>                                   | <b>49</b> |
| Kisa sèvis sante mantal yo ye? .....                                                                  | 49        |
| Sèvis sante mantal pou adilt.....                                                                     | 49        |
| Sèvis sante mantal pou timoun.....                                                                    | 49        |
| <b>KÒMAN MWEN KAPAB ITILIZE AVANTAJ POU SANTE MANTAL AK DEPANDANS SOU PWODUI CHIMIK MWEN AN?.....</b> | <b>50</b> |
| Kòman mwen kapab jwenn tretman pou depandans sou pwodui chimik (alkòl oswa dwòg)?.....                | 50        |
| Kijan mwen kapab jwenn yon pwofesyonèl sante mantal? .....                                            | 50        |
| E si mwen bezwen èd sou kijan pou chwazi yon pwofesyonèl sante mantal? .....                          | 50        |
| Kòman m kapab pran yon randevou avèk pwofesyonèl sante mantal mwen an? .....                          | 51        |
| Kijan m kapab jwenn medikaman sou preskripsyon mwen yo?.....                                          | 51        |
| <b>IJANS SANTE MANTAL AK SÈVIS POU KRIZ .....</b>                                                     | <b>51</b> |
| Kisa yon ijans sante mantal ye?.....                                                                  | 51        |
| E si m pa nan vil la epi gen yon ijans? .....                                                         | 52        |
| Èske m ka jwenn yon trajè pou m al nan randevou m lan? .....                                          | 52        |
| <b>PLENT (DOLEYANS) AK KONTESTASYON .....</b>                                                         | <b>52</b> |
| Kòman mwen kapab depoze yon plent oswa doleyans? .....                                                | 52        |
| Si yo refize yon sèvis – kòman mwen kapab mande fè yon kontestasyon? .....                            | 53        |
| Kijan pou Konteste yon Desizyon .....                                                                 | 53        |
| Si yo refize kontestasyon m nan, kijan m kapab jwenn yon entèprèt? .....                              | 54        |
| E si mwen bezwen yon odyans rapid (akselere)?.....                                                    | 54        |
| Èske y ap kanpe sèvis mwen yo? .....                                                                  | 54        |
| Kisa pou m fè si m resevwa yon fakti? .....                                                           | 54        |
| Responsablite pou frè.....                                                                            | 55        |
| Kilè m ap gen pou peye pou sèvis swen sante yo nan OHP? .....                                         | 55        |

|                                                                                                          |           |
|----------------------------------------------------------------------------------------------------------|-----------|
| <b>KÒMAN POU M PATAJE DESIZYON SOU FEN LAVI M YO?.....</b>                                               | <b>56</b> |
| Desizyon pou fen lavi ak Direktiv Alavans (Testaman Lavi) .....                                          | 56        |
| Deklarasyon pou tretman pou sante mantal .....                                                           | 56        |
| <b>ÈSKE ENFÒMASYON PÈSONÈL MWEN YO PRIVE?.....</b>                                                       | <b>57</b> |
| Dosye w yo prive.....                                                                                    | 57        |
| Kòman m kapab rapòte yon plent pou vyolasyon konfidansyalite oswa yon pwoblèm sou konfidansyalite? ..... | 58        |
| <b>AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE .....</b>                                                              | <b>58</b> |
| <b>KÒMAN MWEN KAPAB RAPÒTE FWOD, GASPIYAJ OSWA ABI MWEN SISPÈK?.....</b>                                 | <b>60</b> |
| <b>KONEKTE SWEN SANTE OU .....</b>                                                                       | <b>61</b> |
| <b>MO POU KONNEN .....</b>                                                                               | <b>63</b> |
| <b>NÒT .....</b>                                                                                         | <b>65</b> |

# BYENVENI NAN TRILLIUM COMMUNITY HEALTH PLAN

Se depi 1977 n ap ede moun nan Plan Sante Oregon (Oregon Health Plan, OHP). Nou kontan ba w sèvis. Nou te voye manyèl sa ba ou paske w ap resevwa avantaj swen sante nan OHP. Tanpri, pran tan w pou li manyèl sa a. W ap jwenn repons pou anpil nan kesyon w genyen sou sèvis, avantaj ak sou fason pou jwenn èd si w bezwen li. Ou ka mande jwenn yon kopi manyèl sa nenpòt ki lè.

Trillium se yon Òganizasyon Swen Kowòdone (Coordinated Care Organization, CCO). Nou se yon konpayi k ap travay avèk pwofesyonèl swen sante ak patnè kominotè yo pou moun ki nan OHP.

Founisè ki nan Òganizasyon Swen Kowòdone (CCO) nou an se: Sante Fizik, Sante Konpòtmantal, Sante Dantè, ak

Jesyon Transpò Medikal MTM (Medical Transportation Management, MTM).

Trillium CCO bay trajè gratis pou ale nan randevou ki gen ladan yo sèvis sante fizik, mantal ak sèvis sante dantè.

Trillium kowòdone swen pandan l ap travay avèk chak manm ansanm ak pwofesyonèl swen sante yo pou l kapab jwenn pi bon fason pou l reponn ak bezwen medikal ansanm ak bezwen ki pa medikal yo. Epitou Patient Centered Primary Care Homes (PCPCHs) ka ede kowòdone bezwen medikal ak bezwen non-medikal manm yo.

## KISA PLAN SANTE OREGON (OREGON HEALTH PLAN, OHP) LAN YE?

Plan Sante Oregon (Oregon Health Plan, OHP) se yon pwogram ki peye sèvis swen sante pou moun Oregon ki gen revni ki ba yo. Eta Oregon ak pwogram Medicaid Gouvènman Etazini an peye pou li.

### OHP PEYE POU:

- Vizit kay doktè
- Preskripsyon
- Sejou nan lopital
- Swen dantè
- Sèvis sante mantal
- Èd pou kanpe sou sigarèt, alkòl ak dwòg
- Trajè gratis pou ale nan sèvis swen sante ki kouvri yo.

OHP ka founi aparèy oditif, ekipman medikal, ansanm ak swen sante adomisil si ou kalifye.

OHP pa kouvri tout bagay. W ap jwenn yon lis maladi ak pwoblèm medikal yo kouvri, ki rele Lis Sèvis Sante Pwòpòrtè (nan lòd) sou entènèt la nan: <http://www.oregon.gov/oha/hsd/ohp/pages/prioritized-list.aspx>

Jeneralman, OHP pa kouvri lòt maladi ak pwoblèm sante yo. Pwoblèm sante sa yo kapab kouvri si tretman yo ka amelyore pwoblèm sante pasyan ki kouvri a. Pa egzanp, yon pasyan ka gen yon pwoblèm sante ki kouvri pandan l gen yon lòt pwoblèm sante ki pa kouvri. Li posib pou yo kouvri pwoblèm sante ki pa kouvri a si li ka ede premye pwoblèm sante a amelyore. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Lis Sèvis Sante Pwòpòrtè (nan lòd) a rele Trillium nan 1-877-600-5472.

### Lis sèvis sante pwòpòrtè

Avantaj manm Plan Sante Oregon yo baze sou pozisyon pwoblèm sante ak tretman yo nan Lis Sèvis Sante Priorité (nan lòd) a. Komisyon pou Revize Evidans sou Sante nan Oregon (Oregon Health Evidence Review Commission, HERC) te elabore lis sa epi yo reyini regilyèman pou mete li ajou. Moun ki konpoze HERC yo se yon seri doktè, enfimye ak lòt moun ki enterese ak pwoblèm swen sante.

Plan Sante Oregon lan pa kouvri tout bagay. Dyagnostik ak tretman pou sèvis ou jwenn anba liy la nan Lis Priorité a (nan lòd) pa finanse atravè Plan Sante Oregon nan. Tout plan swen ki jere yo ansanm ak pwofesyonèl swen sante yo dwe itilize yon Lis Priorité (nan lòd) pou detèmine si yo ka bay yon sèvis nan kad OHP. Se pa tout kondisyon ak tretman anwo liy Lis (nan lòd) Priorité a ki kouvri paske genyen lòt kritè ki dwe satisfè.

OHP kouvri yon seri sèvis ki rezonab pou l detèmine ki pwoblèm ki genyen lè yon manm pa byen. Sa gen ladan l dyagnostik yo fè sou yon pwoblèm sante ki pa kouvri. Si yon pwofesyonèl swen sante chwazi yon dyagnostik oswa tretman ki pa kouvri, OHP p ap peye pou okenn lòt sèvis pou pwoblèm sante sa.

Trillium peye pou tout sèvis kouvri yo selon Lis Sèvis Sante Priorité a ak lè yo bay yo jan sa presize nan tout Deklarasyon Entansyon ak Nòt sou Machaswiv yo nan Lis Priorité a, epi sèvis yo apwopriye sou plan medikal oswa sou plan oral.

## Ki diferans ki genyen ant plan m lan ak OHP?

OHP se Plan Sante Eta Oregon an. Eta a gen kontra avèk anpil Òganizasyon Swen Kowòdone (CCO yo) pou jere sèvis swen sante pou moun ki gen OHP. Trillium se youn nan CCO sa yo.

Se Eta Oregon ki defini avantaj w ap resevwa yo. OHP sèvi ak anpil CCO diferan pou l bay manm li yo sèvis. Trillium se youn nan CCO sa yo.

## Kisa yon Òganizasyon Swen Kowòdone (Coordinated Care Organization, CCO) ye?

Trillium Community Health Plan se yon Òganizasyon Swen Kowòdone (Coordinated Care Organization, CCO). Nou se yon gwoup ki gen tout kalite pwofesyonèl swen

sante ladan k ap travay ansanm pou moun nan OHP ki nan kominote nou an. Founisè yo nan CCO ou an genyen ladan Trillium, Trillium Behavioral Health, Advantage Dental Services, Capitol Dental Care, Oregon Dental Service ak MTM. Trillium CCO bay transpò gratis, ki rele tou transpò non-emèjan (NEMT), ak sèvis sante fizik, mantal, ak sèvis sante dantè pou tout Konte Washington, Clackamas ak Multnomah.

## Kisa swen ki jere ak frè pou sèvis la ye?

CCO yo (Òganizasyon Swen Kowòdone yo) se yon tip swen ki jere. Otorite Sante Oregon (Oregon Health Authority, OHA) vle pou moun ki nan OHP yo gen swen sante yo jere pa konpayi prive ki òganize pou sa egzakteman. OHP peye konpayi swen ki jere yo yon montan fiks chak mwa pou yo kapab bay manm yo sèvis swen sante yo bezwen.

## E si mwen vle yon kat OHP ki louvri nan plas Trillium?

Se OHA ki peye dirèkteman pou sèvis sante pou manm OHP ki pa nan swen ki jere. Yo rele sa frè pou sèvis (fee-for-service, FFS) paske OHA peye pwofesyonèl swen sante yo pou sèvis yo bay yo. Yo rele li tou yon kat louvri. Ameriken Natif Natal/natif Alaska kapab nan yon CCO, men yo ka mande pou yo chanje al nan Kat OHP ki Louvri a nenpòt ki lè. Ou kapab mande tou pou ou nan Kat OHP ki Louvri a si ou nan Medicare tou anplis de

OHP a. Moun ki alafwa nan Medicare ak OHP yo kapab nan yon CCO, men yo ka mande pou yo chanje avantaj sante fizik yo vin Kat OHP ki Louvri a nenpòt ki lè. Nenpòt manm CCO ki gen yon rezon medikal pou gen FFS ka mande kite swen ki jere an. Sèvis Kliyan OHP yo nan 1-800-273-0557 kapab ede w konprann ak chwazi pi bon fason pou resevwa swen sante.

## E si mwen pa vle pou se Trillium ki se CCO mwen?

Lè ou gen yon difikilte pou jwenn swen ki apwopriye a, tanpri, kite nou ede w avan w chanje CCO. Senpleman rele Sèvis Manm nou an nan 1-877-600-5472, TTY 711 epi mande pou yon Kowòdonatè Swen. Si ou vle toujou pou ou kite oswa chanje CCO ou a, rele Sèvis Kliyan OHP a. Nimewo yo se 503-378-2666 ak 1-800-699-9075.



## **YON CCO KA MANDE OTORITE SANTE OREGON LAN RETIRE W LADAN L SI OU:**

- Gen konpòtman abizif anvè anplwaye CCO oswa pwofesyonèl swen sante w yo;
- Komèt fwod, pa egzanp ou kite yon lòt moun itilize avantaj swen sante w yo.
- Komèt yon aksyon, oswa fè yon menas ki kredib pou, vyolans fizik ki fèt sou yon founisè swen sante, manm pèsònèl founisè a, lòt pasyan, oswa manm pèsònèl Trillium, nan yon nivo ki konpwomèt gravman kapasite Trillium pou ba oumenm oswa lòt manm yo sèvis.

Si konpòtman abizif la baze sou kondisyon medikal ou an, li pa yon rezon pou fè ranvwa.

## **YON CCO KA MANDE OTORIZE SANTE OREGON LAN POU RETIRE W LADAN SI OU:**

- Genyen yon chanjman negatif nan sitiyasyon sante w;
- Itilize anpil sèvis sante;
- Aji yon fason ki pa kowoperatif oswa yon fason deregle akòz bezwen espesyal ou yo;
- Se yon manm nan yon klas pwoteje ki montre ke ou kapab bezwen anpil sèvis medikal;
- Genyen yon kondisyon medikal oswa yon antesedan ki montre ke ou kapab bezwen anpil sèvis medikal; oswa
- Genyen yon andikap fizik, yon andikap entelektiyèl, yon andikap devlopman oswa mantal.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Sèvis Manm Trillium la nan 1-877-600-5472. Epitou ou ka rele Sèvis Kliyantèl OHP a nan 1-800-273-0557 oswa 800-699-9075. Ou ka poze kesyon sou kilè CCO a ka mande w pou mete fen ak abònman ou an (dezenskripsyon), eksepsyon enskripsyon tanporè, oswa egzanpsyon nan enskripsyon.

Manm yo pral resevwa yon avi alekri konsènan dwa pou dezenskripsyon yo omwen 60 jou anvan kòmansman chak peryòd enskripsyon.

## **Kòman m ka antre nan yon lòt CCO?**

Si ou vle chanje an yon CCO ki diferan, oumenm oswa reprezantan ou an ka fè sa aloral oswa alekri. Ou ka rele Sèvis Manm OHP a nan 503-378-2666 oswa 1-800-699-9075. Chanjman an pral aplikab nan premye jou nan mwa ki swiv apwobasyon OHA a. Ou gen

anpil chans pou chanje CCO toutotan gen yon lòt ki louvri pou enskripsyon.

- Si w pa vle CCO yo mete pou ou a, ou kapab chanje l pandan 90 premye jou apre w fin enskri an.
- Si w te gentan nan OHP deja, pandan 30 premye jou apre fin enskri nan yon CCO.
- Si ou gen 6 mwa depi enskri nan CCO, ou ka mande pou chanje CCO.
- Lè ou renouvle pwoteksyon Plan Sante Oregon ou an (jeneralman yon fwa chak ane)  
Ou ka chanje CCO yo yon fwa pa ane pou nenpòt lòt rezon.

## **OU KAPAB MANDE POU CHANJE CCO YO NENPÒT LÈ SI:**

- Si yon manm demenaje andeyò zòn sèvis CCO a, li ta dwe swa kontakte Sant Elijiblite Vityèl OHP a nan 800-699-9075 oswa Inite Sèvis Kliyantèl la nan 800-273-0557 osito sa posib.
- Akòz objeksyon moral oswa relijye, Trillium pa kouvri sèvis w ap chèche a
- Lè ou bezwen pou yo reyalize sèvis ki lye yo nan menm moman an, men se pa tout sèvis ki lye yo ki disponib nan rezo a, epi founisè swen jeneral ou an oswa yon lòt founisè detèmine ke si ou resevwa sèvis yo yon fason ki separe ke sa t ap fè w tonbe anba risk ki pa nesèsè (Pa egzanp yon Sezaryèn ak yon ligati twonp).

Si OHA apwouve dezenskripsyon an, ou pral resevwa yon avi sou sa. Ou kapab depoze yon plent si yo pa satisfè avèk pwosesis la oswa mande yon odyans si ou pa dakò avèk desizyon pou dezenskri a.

## **Kijan Trillium fonksyone?**

Trillium kowòdone swen ou resevwa pandan l ap travay avèk chak manm ansanm ak pwofesyonèl swen sante yo pou l kapab jwenn pi bon fason pou l reponn ak bezwen medikal ansanm ak bezwen ki pa medikal yo. Pou bezwen ki pa medikal yo, Mezon Swen Primè ki Santre sou Pasyan (Patient Centered Primary Care Homes, PCPCH) yo pral ede manm yo ak pwoblèm anksyete, depresyon, ak adiksyon tabak, dwòg ak alkòl. Trillium kontwole rezo li a atravè diferan tip founisè pou asire yon rezo ki apwopriye.

Pafwa, nou bay sèvis Frè Pou Sèvis OHP a pa kouvri. Ou gen dwa pou mande ak resevwa enfòmasyon anplis sou estrikti ak fonksyònman Trillium. Pou jwenn enfòmasyon siplemantè sou estrikti ak fonksyònman Trillium, kontakte Trillium nan 1-877-600-5472, oswa TTY 711.

## Kisa yon Mezon Swen Jeneral ki Santre sou Pasyan (Patient-Centered Primary Care Home, PCPCH) ye?

Nou vle ou resevwa swen sante ki pi apwopriye a. Youn nan fason nou fè sa se lè nou mande Otorite Sante Oregon (OHA) lan pou l konsidere pwofesyonèl swen sante nou yo kòm Mezon Swen Jeneral ki Santre sou Pasyan (Patient-Centered Primary Care Home, PCPCH).

Sa vle di yo ka jwenn lajan anplis pou swiv pasyan yo depre pou yo kapab asire yo ke yo reponn ak tout bezwen medikal, bezwen sante dantè ak bezwen sante konpòtmantal yo.

Ou kapab mande klinik ou a oswa biwo founisè w la si li se yon PCPCH. Swen sante w ap resevwa a enpòtan pou nou! Nou pran avantaj ak kesyon w yo an chaj onivo lokal. Si w bezwen jwenn swen imedyatman, rele nou epi n ap ede w jwenn swen ou bezwen an. Mèsi dèske w pèmèt nou ba w sèvis.

# ENFOMASYON SOU PLAN AN

## Kiyès pou m rele si m gen kesyon?

### RELE TRILLIUM SI:

- Ou fèk antre nan Trillium epi ou bezwen jwenn swen imedyatman.
- Ou vle chanje oswa w bezwen èd sou kijan pou jwenn yon Founisè Swen Jeneral (PCP).
- Ou vle chanje oswa w bezwen èd sou kijan pou jwenn yon Dantis.
- Ou bezwen èd sou kijan pou jwenn sèvis swen sante yo.
- Ou gen kesyon sou yon reklamasyon oswa sou avantaj ou yo.
- Ou bezwen yon nouvo kat Idantifikasyon OHP Trillium.
- Ou gen yon plent konsènan pwoteksyon swen sante w la.
- Ou te enplike nan yon aksidan oswa ou gen yon blezi epi yon lòt moun te ka kouvri depans yo.

### RELE SÈVIS MANM OHP YO SI:

- Ou demenaje sot nan zòn sèvis Trillium lan.
- Ou vin ansent oswa gen yon gwasès ki pran fen.
- Ou gen yon tibebe.
- Ou gen kesyon sou kalifikasyon w.
- Ou benefisye oswa ou pèdi lòt asirans sante.
- Ou vle chanje plan sante w la.
- Ou bezwen yon nouvo kat Idantifikasyon Sante Oregon.
- Si enfòmasyon ki sou kat Idantifikasyon Sante Oregon oswa lèt pwoteksyon OHP ou a pa kòrèk.
- Si w gen kesyon sou lèt pwoteksyon OHP ou te resevwa nan men Otorite Sante Oregon an.

## E si m bezwen jwenn swen imedyatman?

Si w fèk antre nan Trillium epi w bezwen swen medikal oswa preskripsyon imedyatman, tanpri, rele nou. Epitou, pran yon randevou avèk PCP w la pi vit ke posib pou w kapab asire w ou resevwa tout swen kontini ki nesèsè. Si w bezwen sèvis sante konpòtmantal imedyatman, ou kapab rele nenpòt founisè ki mansyone nan Anyè Founisè Trillium lan oswa rele Sèvis Manm Trillium lan nan 1-877-600-5472, TTY 711.

### AKSÈ NAN SWEN

Trillium bay aksè ak swen, ki gen ladan l, men ki pa sèlman gen ladan l:

- Sèvis, sipò, ak tout dokiman nou yo nan lang ak/ oswa kilti ou prefere yo
- Sèvis ki osi prè posib kote manm yo rezide a oswa kote yo chèche sèvis;
  - Nan distans 30 mil oswa 30 minit pa rapò ak kote w ap viv nan zòn iben
  - Nan distans 60 mil oswa 60 minit pa rapò ak kote w ap viv nan zòn rural
- Chwa founisè;
- Aksè atan nan swen ak sèvis ki kouvri 24 sou vennkat, 7 jou sou sèt lè sa apwopriye pou rezon medikal. Nou òganize aksè rapid nan swen pou popilasyon priorite yo.
  - Swen sante fizik oswa sante konpòtmantal an ijans: Imedyatman oswa refere nan yon depatman ijans.

- Swen bouch pou ka ijans: Konsilte oswa jwenn tretman nan lespas 24 èdtan
- Swen fizik ijan: Nan lespas 72 èdtan oswa jan sa nesesè, dapre evalyasyon inisyal la
- Swen bouch ijan: Nan lespas de semèn oswa jan sa nesesè, selon depistaj inisyal la
- Swen sante konpòtmantal ijan pou tout popilasyon: Nan lespas 24 èdtan
- Swen sante fizik: Nan Lespas kat semèn
- Swen woutin nan bouch: Nan lespas uit semèn, sof si gen yon rezon sante patikilye ki pwouve li nòmal pou tann plis pase uit semèn.
- Swen sante konpòtmantal woutin: evalyasyon nan lespas sèt jou apre demann lan, avèk yon dezyèm vizit lè sa nesesè
- Swen sante konpòtmantal espesyalize ak sèvis tretman pou konsomasyon sibstans: touswit.
- Si delè a pa ka respekte akòz mank kapasite, yo dwe mete w sou lis datant. W ap resevwa sèvis akoutèm nan lespas 72 èdtan apre yo fin mete w sou yon lis datant. Sèvis akoutèm yo dwe menm jan ak sèvis ou te mande avan yo.
- Swen sante konpòtmantal espesyalize ak sèvis tretman pou konsomasyon sibstans: touswit.  
Si delè a pa ka respekte akòz mank kapasite, yo dwe mete w sou lis datant. W ap resevwa sèvis akoutèm nan lespas 72 èdtan apre yo fin mete w sou yon lis datant. Sèvis akoutèm yo dwe menm jan ak sèvis ou te mande avan yo. Popilasyon priorite pou sante Konpòtmantal Espesyalize genyen ladan:
  - Fanmi ki ansent,
  - Veteran ak fanmi yo,
  - Fanm avèk timoun,
  - Swanyan ki pa resevwa salè,
  - Fanmi yo,
  - Timoun soti nan nesans jiska senk lane,
  - Moun ki genyen VIH/SIDA
  - Moun ki fè tibèkiloz,
  - Moun ki arisk pou fè yon premye epizòd sikoz, oswa
  - Moun ki genyen yon andikap Entelektiyèl/ devlopmanal
- Sèvis tretman pou konsomasyon sibstans
  - Manm ki se moun ki pran dwòg IV, ki genyen ladan ewoyin, yo pral fè yon evalyasyon touswit epi yo ka resevwa tretman nan lespas 14 jou oswa 120 jou aprè yo fin mete yo sou yon lis datant.
- Manm k ap fè fas ak yon twoub konsomasyon opyoyid pral fè yon evalyasyon ak tretman nan lespas 72 èdtan.
- Manm ki bezwen sèvis Tretman avèk Èd Medikaman (Medication Assisted Treatment, MAT) pral sibi evalyasyon an nan lespas 72 èdtan. Trillium pral travay avèk founisè ki sou kontra yo pou asire ke yo resevwa sèvis koutèm yo. Ou p ap genyen obligasyon pou swiv yon dezentoksikasyon anvan ou resevwa tretman. Ou ka aksede nan omwen 2 randevou swivi, avèk yon randevou pa semèn aprè evalyasyon an. Evalyasyon an pral genyen ladan:
  - o Yon evalyasyon fizik konplè ak lòt evalyasyon ki egzamine bezwen biyolojik, bezwen siko-sosyal, ak bezwen esprityèl yo.
  - o Founisè a pral egzamine evalyasyon ki te fèt yo pou detèmine pi bon medikaman pou itilize pou evite risk oswa domaj ki ka rive san li pa genyen plis enfòmasyon sou ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou jwenn aksè nan sèvis sa yo, vizite sit entènèt nou an nan <https://www.trilliumohp.com/members/oregon-health-plan/Benefits-and-Services.html>

- Yon tretman, plan swen oswa tranzisyon nan plan swen gen ladan l sante fizik, konpòtmantal ak sante bouch
- Yon sous swen primè pèmanan se yon moun ki jere kowòdinasyon sèvis swen sante ki kouvri
- Pou fanm ansent: Yo pral egzamine oswa trete yon ijans dantè nan lespas 24 èdtan, 1 semèn pou swen dantè an ijans, an mwayèn kat semèn pou swen dantè woutin, ak kat semèn pou depistaj oswa egzaminasyon dantè inisyal.

## Kisa yon Depistaj Risk pou Sante ye?

Yon Depistaj Risk pou Sante se yon sondaj rapid ki fèt nan telefòn ke nou itilize pou jwenn yon pi bon konpreyansyon nan domèn lavi w ki kapab benefisye de sipò adisyonèl. Depistaj la poze kesyon sou sante w ak kèk bagay ki ka fè enpak sou sante w. Pa egzanp, nou pral poze kesyon sou

fason ou santi w. Nou pral mande w si ou te fè nenpòt vizit nan depatman ijans lan dènyèman. Epiou nou pral poze w kesyon sou sitiyasyon lavi w ak si ou kapab bezwen èd nan aktivite toulejou ou yo. Epiou ekip la ka konekte w ak sipò sosyal epi swen kowòdone.

### **KIJAN ENFÒMASYON YO SOUTNI W?**

Yon fwa Depistaj Risk sou Sante a fin fèt, ekip sipò nou yo kapab kontakte ou. Nou pral chèche konnen fason nou ka soutni w nan eksperyans swen sante ou an. Ekip Jesyon Swen Nou an ta ka pale avèk ou sou:

- fason pou jwenn aksè nan swen
- maladi kwonik
- prevansyon chit ak sekirite
- objektif pou sante fizik ou, sante konpòtmantal oswa sante dantè yo

Lè w ap pale avèk ekip nou an, nou kapab fè plis evalyasyon. Sa pral ede nou detèmine objektif plan swen ou yo.

### **CHAK KILÈ OU FÈ YON DEPISTAJ RISK SOU SANTE?**

Nou pral kontakte w byento aprè ou vin yon manm Trillium pou swete w byen vini nan plan an epi ofri yon Depistaj Risk sou Sante. Depistaj Risk sou Sante a pral ede konekte w ak avantaj swen sante nou ofri yo pou asire yon tranzisyon ki an dousè nan plan nou an. Epiou nou ofri depistaj chak 12 mwa oswa pi bonè pandan bezwen ou yo nan sante chanje. Sa pral kontinye toutotan ou se yon manm CCO nan Trillium.

### **KILÈS KI GENYEN AKSÈ NAN ENFÒMASYON DEPISTAJ RISK SOU SANTE MWEN YO?**

Enfòmasyon ki soti nan Depistaj Risk sou Sante a fè pati dosye sante ou an. Nou pral pataje rezilta depistaj ou an lè li ka ede bay yon tranzisyon swen an dousè. Epiou nou pral pataje rezilta yo lè li ka ede founisè ou an (yo) sipòte swen w. N ap chèche jwenn pèmasyon w lè regleman eta yo oswa lè regleman federal yo egzije sa. Nou ka kontakte w pa imèl tou si nou pa ka jwenn ou nan telefòn. Si ou bezwen yon bagay avan nou kontakte w, tanpri, rele Sèvis Manm yo nan 1-877-600-5472.

## **Kisa Sèvis Kowòdinasyon Swen Entansif (Intensive Care Coordination, ICC) yo ye?**

Sèvis ICC yo bay èd ak resous pou manm ki genyen bezwen swen sante espesyal yo. Popilasyon priyorite pou ICC a ka genyen ladan manm ki:

1. Se moun aje, moun ki tande di, ki soud, ki avèg, oswa ki genyen lòt andikap;
2. Genyen bezwen nan swen sante ki konplike oswa ki gwo, oswa plizyè kondisyon oswa maladi kwonik,
3. Genyen Gwo Maladi ak Maladi Mantal ki Pèsistan, oswa
4. Ap resevwa sèvis swen lontèm ki finanse pa Medicaid ak sipò (LTSS);
5. Timoun ki genyen 0-5 lane:
  - a) Ki montre siy prekos pou pwoblèm sosyo-emosyonèl oswa pwoblèm konpòtmantal oswa;
  - b) Gen yon gwo dyagnostik pou Twoub Emosyonèl (SED);
6. Sou yon tretman avèk Èd medikaman pou Twoub Konsomasyon Sibstans (SUD);
7. Se fanm ki te dyagnostike avèk yon gwoès wo risk;
8. Se timoun ki genyen sendwòm abstinans neyonal;
9. Timoun nan Byennèt pou Timoun;
10. Se itilizatè dwòg IV;
11. Genyen yon SUD ki bezwen jesyon retrè;
12. Genyen VIH/SIDA oswa genyen tibèkiloz;
13. Se veteran oswa fanmi yo, epi
14. Arisk pou fè yon premye epizòd sikoz, epi
15. moun ki nan popilasyon andikap entelektyèl ak devlopmantral (Intellectual and Developmental Disability, IDD) yo.

Pou aksede nan Sèvis ICC yo oswa pou mande yon depistaj risk sou sante pou sèvis ICC yo, ou ka refere tèt ou poukont ou. Epiou, yon moun nan ekip sante ou an ka fè yon referans nan non w. Pou fè yon referans oswa pou mande yon depistaj risk sou sante, ou ka rele Sèvis Manm yo nan 1-877-600-5472 epi mande Sèvis ICC yo. Ou pral resevwa yon repons nan yon jou ouvab.

Kapab genyen kèk lè ke nou kontakte w dirèkteman pou ofri w sèvis ICC yo. Sa rive lè nou jwenn enfòmasyon ki endike kapab genyen yon ogmantasyon nan swen ou bezwen yo. Epiou sa rive lè ou genyen yon nouvo dyagnostik ki fè pati popilasyon priyorite a.

Keseswa ou mande yon referans oswa nou kontakte w pou ofri w sèvis ICC yo, nou pral mande w pou fè depistaj risk ICC a. Depistaj la kontwole anpil domèn pou

detèmine sa ou ka bezwen sou plan sante sosyal, fizik ak sante konpòtmantal.

Si ou elijib, yo pral ofri w sèvis ICC yo.

Si ou chwazi Sèvis ICC yo, yo pral atribye w yon Kowòdonatè Swen ICC. Kowòdonatè Swen ICC a pral sèl pwen kontak pou bezwen ou genyen pou swen yo. Ou pral resevwa non l ak nimewo telefòn li. Yo disponib pandan lè nòmal biwo yo, Lendi jiska Vandredi.

Si ou pa elijib oswa ou pa enterese nan Sèvis ICC yo, yo kapab ofri w lòt Kowòdinasyon Swen entèn oswa pwogram Jesyon Swen sou baz rezilta depistaj ou an.

Kowòdonatè Swen ICC a pral travay avèk ou, reprezantan ou an (si ou genyen youn) epi ekip medikal ou an pou kowòdone swen ou yo.

Yo pral devlope yon Plan ICC nan lespas 10 jou si ou chwazi patisipe nan Sèvis ICC yo. Li pral genyen ladan bezwen, baryè, aktivite ak resous idantifye ou yo pou soutni reyalyasyon ak pou mentni objektif pèsonèl ou yo, sante ak sekirite ou. Sa se plan ou an epi li enpòtan pou li kapab devlope yon fason ki konplè avèk ou epi avèk ekip ou an.

Selon bezwen ak baryè ou yo, plan an kapab genyen plizyè manm ekip ki responsab pou domèn ekspètiz yo a. Domèn sa yo genyen ladan men pa limite ak domèn fizik, oral, konpòtmantal, sosyal, devlopmantral, edikatif, espirityèl, kiltirèl, ak finansye. Plan ICC a aktyalize avèk kontribisyon w epi avèk kontribisyon ekip ou an omwen chak 90 jou, oswa pi bonè, si nesesè.

## **NOU LA POU EDE W PANDAN TRANZISYON SWEN YO:**

Trillium konnen li kapab difisil pou antre nan yon nouvo plan sante. Si w ap antre nan Trillium Community Health Plan nan pandan w ap sot nan yon lòt CCO oswa nan yon kat OHP ki louvri, nou ka kontakte w pou n ede w fè yon tranzisyon byen fasil pou rive benefisye nouvo avantaj ou yo. Pandan tranzisyon ant plan yo, kouvèti ou an avèk founisè ou yo kontinye konsa:

Swen pou Manm ki Gen Doub Kalifikasyon Avantaj Konplè yo (Full Benefit Dual Eligible, FBDE) pral kouvri pou;

- Founisè Swen Jeneral jiska katrevendis (90) jou
- Founisè Sante Oral jiska katrevendis (90) jou
- Founisè Sante Konpòtmantal jiska katrevendis (90) jou

Tout lòt swen pou manm yo pral kouvri pou;

- Founisè Swen Jeneral jiska trant (30) jou
- Founisè Sante Oral jiska trant (30) jou
- Founisè Sante Konpòtmantal jiska swasant (60) jou

*Remak: Delè yo kapab ajiste pou respekte yon plan tretman aktif oswa yon plan tretman ki preskri.*

## **NOUVO MANM KI BEZWEN SÈVIS TOUSWIT YO**

Si ou se yon nouvo manm Trillium oswa ou nouvo nan Medicare epi ou enskri nan Trillium, ou kapab bezwen swen medikal, apwovizyonman (medikaman) preskripsyon, oswa lòt atik oswa sèvis nesesè. Si ou bezwen nenpòt nan sa yo pandan premye mwa enskripsyon an epi ou pa ka rankontre ak yon PCP, yon Dantis Swen Jeneral (PDP) oswa yon lòt founisè, nou ka ede w. Rele Sèvis Manm yo Gratis: 1-877-600-5472 (TTY 711).

Nou pral ede w jwenn tout sèvis ki nesesè, ki lye ak swen sante ou bezwen touswit. Si ou nouvo nan Trillium oswa Medicare, nou pral ede w epi ba w enfòmasyon.

Li enpòtan pou nou ke ou genyen yon tranzisyon an dousè. Tout manm yo ka jwenn aksè nan swen sante tranzisyon ki konplè ki genyen ladan bon jan transfè pou swen swivi lè y ap antre oswa lè y ap kite yon etablisman swen aktif oswa yon anviwònman swen lontèm.

Pou manm ki genyen kondisyon kontini oswa kwonik, oswa ki mande Swen Lontèm ak Sèvis ak Sipò Lontèm, Trillium pral travay avèk founisè ou yo, ki genyen ladan Founisè Medicare, pou asire yon tranzisyon plan swen ki an plas pou manm ki genyen:

- Bezwen Swen Sante Espesyal,
- K ap Resevwa Sèvis ak Sipò Alontèm,
- K ap fè tranzisyon de yon Lopital oswa de yon Etablisman Swen Enfimye ki Kalifye,
- Ki nan tranzisyon nan etablisman Swen Sante Konpòtmantal nan enstitisyon oswa nan lopital,
- K ap resevwa Sèvis nan Kominotè ak Sèvis Adomisil pou kondisyon Sante Konpòtmantal, ak
- Manm FBDE ki enskri nan Plan MA ki afilye de Antreprenè oswa Plan Doub DSN pou bezwen espesyal.

Sa pral redwi diplikasyon evalyasyon ak aktivite planifikasyon swen pou kowòdinasyon ki amelyore.



## **NOU ASIRE AKSÈ GARANTI NAN SWEN KONTINYE POU:**

- Timoun ki Frajl sou Plan Medikal
- Moun ki nan pwogram tretman pou kansè nan tete ak kansè nan kòl matris
- Moun k ap itilize èd CareAssist akòz VIH/SIDA
- Moun ki nan pwogram tretman pou:
  - Maladi ren ki nan faz tèminal (ensifizans renal)
  - Swen avan oswa apre akouchman (avan oswa apre gwosès)
  - Sèvis transplantasyon
  - Sèvis radyoterapi oswa chimyoterapi (tretman pou kansè)
- Nenpòt moun ki ta ka sibi gwo risk sante si yo pa t kontinye tretman an

Pandan tranzisyon sa a, ou ka kontinye wè ansyen founisè ou an menm si li pa nan rezo a.

Atik w ap resevwa aktyèlman yo, pa egzanp preskripsyon oswa ekipman medikal yo, pral kontinye rete disponib pou ou pandan tranzisyon an ak/oswa pou jiskaske w kapab rankontre avèk yon nouvo PCP, Dantis, ak/oswa Founisè Sante Konpòtmantal pou w kapab jwenn nouvo rekòmandasyon oswa pou mete plan tretman w lan ajou. Annik asire w ou montre founisè w la nouvo kat asirans ou an oswa ou fè li konnen ou gen yon nouvo asirans.

Si w ap eseye renouvle yon medikaman oswa jwenn aksè ak sèvis avan yo epi yo di w pa gen kouvèti, tanpri, fè nou konn sa imedyatman pou n kapab ede w!

Pou kèk manm, Trillium pral resevwa enfòmasyon nan men premye CCO w la pou l kapab ede w kontinye jwenn aksè nan swen medikal, swen bouch, ak/oswa swen sante konpòtmantal ki enpòtan yo.

Gen kèk manm ki alafwa elijib pou Medicare ansanm ak Medicaid (OHP). Si w se yon Manm ki fèk enskri nan Medicare, toudepan plan sante Medicare ou ak nivo kouvèti ou, nou kapab ede w entegre oswa kontakte w pou n ede w etabli swen w nan kad nouvo plan an. Si w toujou gen Trillium kòm asirans segondè, nou toujou disponib pou n reponn ak bezwen w pou bagay pwoteksyon Medicare la pa kouvri yo.

Gen èd disponib pou asire ou kapab resevwa swen kontini ak swiv plan tretman founisè w la etabli yo san pèdi tan. Si w santi w bezwen èd pou sa a, tanpri, kontakte Kowòdonatè Swen Trillium lan oswa Manadjè Ka a nan

1-877-600-5472. Epi ou ka li politik nou an isit la: [https://www.trilliumohp.com/content/dam/centene/trillium/medicaid/pdfs/CCO\\_Transitions\\_of\\_Care\\_Policy\\_10.29.2019\\_FINAL.pdf](https://www.trilliumohp.com/content/dam/centene/trillium/medicaid/pdfs/CCO_Transitions_of_Care_Policy_10.29.2019_FINAL.pdf)

## **KI SÈVIS KI LYE AK SANTE KI GENYEN?**

Yo bay sèvis ki lye ak sante yo kòm sèvis adisyonèl pou sèvis swen sante ki kouvri yo. Genyen de tip sèvis ki lye ak sante:

- Sèvis ki fleksib, ki se sèvis rantab ke yo ofri yon manm endividyèl pou konplete avantaj ki kouvri yo, ak
- Inisyativ avantaj kominotè, ki se entèvansyon kominotè ki konsantre sou amelyorasyon sante popilasyon ak swen sante kalite siperyè. Inisyativ sa yo genyen ladan manm yo, ki pa nesèsman limite ak manm yo.

Sèvis ki fleksib yo se atik oswa sèvis ki pa trete atravè faktirasyon medikal abityèl la. Atik oswa sèvis sa yo ka soutni w avèk pi bon rezilta sante, byenke yo pa natirèlman sèvis medikal. Egzanp yo genyen ladan, men pa limite ak:

- abri tanporè pou yon moun geri oswa pou amelyore apre yon sejou nan lopital lè li pa genyen pwòp lojman li
- bwat medikaman elekwonik pou ede pran medikaman alè
- aksè nan pisin terapetik pou amelyore mouvman jwenti
- èkondisyon pou manm ki fè fas ak difikilte nan respirasyon yo pandan moman gwo chalè

Pou aksede nan Sèvis Fleksib yo, ou ka kontakte doktè ou an oswa nenpòt manm nan ekip swen ou an. Epi ou ka rele Trillium nan 1-877-600-5472 epi mande pou pale avèk yon Responsab Swen. Yon manm nan ekip swen ou an oswa yon Responsab Swen nan Trillium pral ranpli yon fòmilè. Li enpòtan pou asire ke atik oswa sèvis la pral sipòte w nan yon fason ki pozitif pou sante. Epi ou li enpòtan pou asire ke atik oswa sèvis la pa fè pati yon lòt avantaj ki disponib pou ou. Li ka pran jiska 10 jou pou trete demann lan. Yon fwa demann lan trete, nou pral kòmande sèvis oswa atik la. Nan kèk ka, sa kapab pran kèk tan anplis pou livre atik la. Si yo refize yon demann sèvis ki lye ak sante, Trillium pral enfòme w. Ou genyen dwa pou depoze yon plent.

## Kisa Reprezantan Koneksyon Manm (Member Connection Representatives, MCR) yo ye?

MCR yo se Travayè Sante Kominotè, ki sètifye nan Eta Oregon epi ki anplwaye Trillium. MCR yo travay pou konekte manm yo ak sèvis ki nesèsè yo. MCR yo ka ede w aksede nan avantaj ou yo epi pran randevou medikal. Epitou yo ka kowòdone bezwen sosyal tankou lojman ak manje. Yo kapab konekte w ak resous kominotè. MCR yo travay depre avèk mezon medikal swen jeneral ou an ak ekip entèn Trillium yo. Yo ka rankontre avèk ou nan telefòn, sou videyo oswa lakay ou. Yo ka ede ak kèk bagay tankou fason pou sonje pran medikaman ou an alè. Epitou yo ka ede avèk aplikasyon pou lojman oswa asistans pou chofaj oswa pou jwenn atik ki nesèsè atravè sistèm sosyal yo. MCR yo ka ofri ankadreman sante pou dyabèt ak opresyon. MCR yo konpetan anpil epi yo konnen kominote yo a. Si ou ta renmen travay avèk yon MCR, tanpri rele 1-877-600-5472 epi, mande yon Reprezantan Koneksyon Manm.

## Kisa Kowòdinasyon Swen ak Jesyon Ka a ye?

Trillium la pou l ede w reyalize objektif swen sante w yo. Gras a yon apwòch kolaboratif, n ap travay pou n kowòdone swen yo dapre bezwen inik ou yo. N ap travay avèk ou, founisè w yo ak nenpòt lòt moun ou deziyen pou n kapab kreye yon pakou konplè ki mennen nan byennèt ak prevansyon. Nou itilize yon apwòch kowòdone avèk resous kominotè yo epi ekip swen nou an asire pou reponn ak bezwen w yo. Apwòch sa ede w oryante w nan sistèm swen sante a pou rive atenn tout nivo byennèt ki posib pou yon moun, ansanm ak sante fizik, tretman sante konpòtmantal ak/oswa sante bouch/dan epitou l ap ede w simonte obstak yo.

Lè ou nan yon Kowòdinasyon Swen, Jesyon Ka oswa Pwogram Sèvis Kowòdinasyon Swen Entansif, y ap atribue w yon manadjè ka. Manadjè ka w la pral travay ansanm avèk ou pou n elabore yon plan swen. Nan plan sa a, w ap jwenn yon seri aktivite pou ede w reponn a bezwen w yo. Ou menm ansanm ak ekip swen w lan pral kontribye nan kreye objektif pou amelyore sante w ak byennèt ou. Ekip swen sa gen ladan l doktè w la, terapeut ou, fanmi w oswa nenpòt lòt moun ki enpòtan pou rezilta sante w. Y ap mete plan swen yo ajou omwen chak ane, sepandan y ap mete yo ajou pi bonè, si sa nesèsè, lè w reyalize

objektif ou yo oswa lè bezwen w yo chanje. Ou ka mande pou yon kowòdonatè swen nenpòt ki lè. Rele Sèvis Manm yo nan 1-877-600-5472 (TTY: 711). Mande pou pale ak yon kowòdonatè swen. Epitou nou kapab kontakte w si founisè w la oswa yon lòt resous kominotè mande nou pou n bay èd nou.

## Edikasyon sante ki adapte ak kilti

Nou respekte diyite ak divèsite ki egziste lakay manm nou yo ansanm ak nan kominote kote y ap viv yo. Nou vle reponn ak bezwen moun tout kilti, lang, ras, orijin etnik, kapasite, relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl, idantifikasyon seksyèl, ansanm ak lòt bezwen espesyal manm nou yo. Nou vle pou tout moun yo santi yo byenveni e jwenn bonjan sèvis nan plan nou an.

Nou gen anpil pwogram ak aktivite pou viv an sante ki disponib pou w itilize. Pwogram edukasyon sou sante nou an gen ladan l swen endividyèl, prevansyon ak oto-jesyon maladi. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis sa yo, tanpri, rele Sèvis Manm yo nan 1-877-600-5472, TTY 711.

## Konsèy Konsiltatif Kominotè

Trillium genyen de Konsèy Konsiltatif Kominotè (Community Advisory Council, CAC). Yon CAC reprezante konte Lane nan Sid la. Yon CAC reprezante konte Clackamas, Multnomah, ak Washington nan Nò. Plis pase mwaye manm CAC yo se manm Trillium OHP oswa paran/granparan manm Trillium OHP yo. Lòt manm yo soti nan yon seri ajans ak òganizasyon ki travay avèk manm Trillium yo. CAC a pataje eksperyans yo epi yo bay fidbak pou ede amelyore pwogram ak sèvis Trillium yo. Epitou yo konseye Trillium sou inisyativ kominotè yo. CAC se yon patnè kle nan Evalyasyon Bezwen Sante Kominotè ak Plan Amelyorasyon Sante Kominote a. Si ou vle rejwenn CAC, aprann plis, oswa pataje yon lide, tanpri rele nou oswa vizite <https://www.trilliumohp.com/about-us/public-notices/community-advisory-council-public-notices.html>

## Lèt pwoteksyon asirans OHP

Otorite Sante Oregon pral voye yon lèt pwoteksyon asirans ba ou ki mansyone telefòn Sèvis Manm OHP a, pakè avantaj ou, ansanm ak plan pou swen ki jere a. Lèt sa gen ladan l enfòmasyon pou tout moun lakay ou ki gen yon kat idantifikasyon Sante Oregon (Oregon Health).

## Kat Idantifikasyon (ID) yo

### Kat Idantifikasyon Sante Oregon (Oregon Health)

DHS pral voye yon Kat Sante Oregon ki gen ladan l non w, nimewo kliyan, ansanm ak dat livrezon an ba ou. Chak grenn moun ki gen OHP pral resevwa pwòp kat Idantifikasyon Sante Oregon pa yo. Tanpri pote kat sa a avèk ou nan chak randevou.

### Kat Idantifikasyon Trillium

Trillium pral voye yon kat Idantifikasyon ba ou tou ki endike ou se yon manm Trillium OHP. L ap gen ladan l non w, non PCP w la, Òganizasyon Swen Dantè ou a, ansanm ak nimewo telefòn Sèvis Manm yo, pre-apwobasyon, ijans, transpò (trajè), ansanm ak kesyon sou famasi. Tanpri pote ka sa a ansanm ak kat Idantifikasyon Oregon ou an nan chak randevou.

### E si mwen gen Medicare ak OHP?

Si w gen OHP epi w elijib pou Medicare, Trillium pral kowòdone sèvis ou yo. Ou pa oblije peye ko-asirans ak dediktib sof si ou:

- Te resevwa sèvis nan men founisè ki pa nan Trillium yo epi sèvis sa yo pa t pou yon ijans;
- Te resevwa sèvis ki pa t kouvri nan avantaj Medicare ak OHP ou yo nan moman ou te resevwa sèvis yo.

Toudepan plan sante Medicare ak nivo pwoteksyon ou, nou kapab ede w entegre oswa kontakte w pou n ede

w kowòdone swen w nan divès konpayi asirans ou yo.

Lè ou genyen Medicare, se premye liy pou kouvèti ou an. Trillium pral travay ansanm avèk ou, founisè w la ansanm ak konpayi asirans Medicare ou a pou asire ou resevwa tout swen ou bezwen e dezire.

Si w se yon Manm ki Gen Doub Bezwen Espesyal (Dual Special Needs) epi ki gen pwoteksyon Trillium Medicare ansanm ak pwoteksyon Trillium Medicaid, y ap toujou atribye w yon manadjè ka ki pral antre an kontak avè w regilyèman pou reponn ak tout bezwen posib ou genyen antanke moun. Èd disponib pou asire ke ou ka resevwa bon jan swen epi swiv plan tretman ki defini pa founisè ou an san okenn reta. Si w santi w bezwen èd pou sa a, tanpri, kontakte Kowòdonatè Swen Trillium lan oswa Manadjè Ka a nan 1-877-600-5472.

### Kijan pou mwen jwenn yon entèprèt?

Ou kapab jwenn yon entèprèt lang oral oswa lang siy nan randevou ou an si ou bezwen youn. Lè ou rele pou yon randevou, fè biwo pwofesyonèl swen sante w la konnen ou bezwen yon entèprèt epi pou ki lang. Ou pa gen pou peye pou sèvis sa a. Si w bezwen yon entèprèt lang oswa entèprèt langaj an siy pou vizit swen sante yo, ou kapab:

1. Rele Trillium.
2. Rele biwo doktè w la epi mande l pou l mete yon entèprèt disponib pandan vizit ou a. W ap jwenn enfòmasyon sou Entèprèt nan Domèn Swen Sante nan: [www.Oregon.gov/oha/oei](http://www.Oregon.gov/oha/oei).

# KI DWA AK RESPONSABLITE M GENYEN ANTANKE MANM?

Deklarasyon sa eksplike dwa ak responsablite w genyen antanke yon manm Trillium Community Health Plan (Trillium).

Antanke yon manm nan Trillium Community Health Plan, ou genyen sèten dwa. Epitou genyen sèten bagay ou responsab pou fè. Si ou genyen nenpòt kesyon konsènan dwa ak responsablite ki mansyone isit la, kontakte Sèvis

Manm yo nan 1-877-600-5472. Mande pou pale avèk Administrasyon Swen an.

Ou gen dwa pou egzèse dwa w yo antanke manm san okenn aksyon negatif oswa diskriminasyon. Si ou santi ke yo pa te respekte dwa ou yo, ou ka depoze yon doleyans. Epitou ou ka kontakte yon Ombudsperson atravè Otorite Sante Oregon an nan 1-877-642-0450 oswa TTY 711.

Epitou ou kapab kontakte Kowòdonatè Non-Diskriminasyon Trillium lan:  
Geno Allen, Kowòdonatè Non-Diskriminasyon,  
[gilbert.e.allen@trilliumchp.com](mailto:gilbert.e.allen@trilliumchp.com),  
555 International Way, Batiman B,  
Springfield, OR 97477  
Telefòn: 541-650-3618, Nimewo Gratis  
877-600-5472 oswa TTY 711.

Genyen kèk fwa lè moun ki genyen mwens pase 18 lane yo (minè) kapab vle oswa bezwen resevwa sèvis swen sante poukont yo. Pou aprann plis, li “Dwa Minè Yo: Aksè ak Konsantman pou Swen Sante.” Tiliv sa a di w tip sèvis minè yo ka resevwa poukont yo. Epitou li di w kijan yo kapab pataje enfòmasyon swen sante minè yo. Ou ka li tiliv sa a sou entènèt nan <https://www.oregon.gov/oha/PH/HEALTHYPEOPLEFAMILIES/YOUTH/Documents/minor-rights.pdf>

## Dwa antanke Manm

### ANTANKE YON MANM OHP OU GEN DWA POU:

- Yo trete w avèk diyite, respè, epi ak konsiderasyon pou vi prive w.
- Ou ka dekouvri si yon founisè ap aksepte nouvo manm pandan w ap gade nan repètwa founisè a.
- Founisè yo trete w nan menm fason ak lòt moun k ap chèche swen sante.
- Chwazi founisè ou yo epi chanje chwa sa yo.
- Oryante w dirèkteman vè sèvis sante konpòtmantal oswa sèvis planifikasyon famiyal yo san w pa jwenn yon referans nan men yon PCP oswa yon lòt founisè.
- Kapab genyen yon zanmi, yon manm fanmi, oswa yon èd ki vini nan randevou ou yo.
- Kapab patisipe nan kreyasyon plan tretman ou an.
- Jwenn enfòmasyon konsènan kondisyon ou an, sa ki kouvri, ak kisa ki pa kouvri, pou ou ka pran bon desizyon konsènan tretman ou an. Jwenn enfòmasyon sa yo nan lang ou ak nan yon fòm ki mache pou ou.
- Aksepte oswa refize tretman yo epi resevwa enfòmasyon sou sa k ap pase selon desizyon ou an. Yo pa ka refize yon sèvis ke tribinal la òdone.
- Resevwa materyèl alekri ki di w dwa ou yo, responsablite, avantaj, fason pou jwenn sèvis, ak sa pou fè nan yon ijans.

- Jwenn materyèl ki eksplike nan yon fason ke ou ka konprann yo ak nan lang ou an.
- Aprann konsènan CCO ak sistèm swen sante a.
- Jwenn sèvis ki konsidere bezwen kiltirèl ak bezwen ou yo nan lang epi ki toupre kote ou viv la. Si disponib, ou ka jwenn sèvis yo nan anviwònman ki pa tradisyonèl.
- Jwenn kowòdinasyon swen, swen kominotè, ak èd pou tranzisyon swen nan yon fason ki fonksyone avèk lang ak kilti w pou redwi bezwen pou vizit nan lopital oswa vizit nan etablisman swen enfimye yo.
- Resevwa sèvis ki nesèsè pou dyagnostike kondisyon sante w.
- Resevwa swen ak sèvis ki santre sou moun nan ki ba w chwa, endepandans, ak diyite. Swen sa a pral baze sou bezwen sante w epi sa pral jeneralman reponn ak nòm pratik ki aksepte yo
- Gen yon relasyon ki estab avèk yon ekip swen ki responsab pou swen ki jere global ou an.
- Jwenn èd pou itilize sistèm swen sante a epi jwenn resous ou bezwen. Sa kapab genyen ladan:
  1. Entèprèt swen sante ki sètifye epi ki kalifye
  2. Travayè sante tradisyonèl ki sètifye
  3. Travayè sante kominotè yo
  4. Espesyalis byennèt kamarad yo
  5. Espesyalis pou sipò kamarad
  6. Doulas
  7. Navigatè sante pèsònèl
- Jwenn sèvis prevansyon ki kouvri.
- Jwenn sèvis ijan ak sèvis pou ka ijans yo 24 sou vennkat, sèt jou sou sèt san otorizasyon davans.
- Jwenn yon referans pou ale jwenn founisè espesyalize yo pou sèvis ki kowòdone ki kouvri yo ki nesèsè selon sante w.
- Genyen yon dosye klinik ki swiv kondisyon ou yo, sèvis ou resevwa, ak referans yo.
- Genyen aksè nan dosye klinik ou yo. Kapab genyen kèk fwa lè lwa a limite aksè ou genyen.
- Transfere dosye klinik ou a bay yon lòt founisè.
- Fè yo korije oswa chanje dosye klinik ou an pou li kapab plis presi.
- Fè yon deklarasyon de souwè ou yo pou tretman. Li kapab genyen souwè ou yo pou aksepte oswa pou refize tretman medikal, tretman chirijikal, oswa

tretman pou sante konpòtmantal. Epitou li ka ba w machaswiv ak pwokirasyon pou swen ou an.

- Jwenn avi alekri konsènan yon refi oswa chanjman nan yon avantaj anvan sa rive. Ou gendwa pa resevwa yon avi si youn pa obligatwa selon regleman federal oswa regleman eta a.
- Depoze yon plent oswa yon kontestasyon.
- Mande odyans si ou pa dakò avèk yon desizyon ki pran pa Trillium Community Health Plan oswa OHP.
- Resevwa sèvis nan men entèprèt ki sètifye oswa ki kalifye pou swen sante, ki genyen ladan entèpretasyon lang siy.
- Resevwa avi atan sou yon randevou yo anile.
- Pa dwe retni oswa fè w rete lwen moun fè w fè yon bagay ou pa vle fè, pou itilize l kòm yon fason pou pini w, oswa pou rann li pi fasil pou pran swen w.
- Dwe trete yon fason ekitab epi depoze yon plent konsènan diskriminasyon si ou santi yo te trete w yon fason ki pa jis akòz:
  1. Laj ou
  2. Koulè ou
  3. Andikap ou
  4. Idantite Seksyèl ou
  5. Eta Sivil ou
  6. Ras ou
  7. Relijyon ou
  8. Sèks ou
  9. Oryantasyon Seksyèl ou
- Pataje enfòmasyon avèk Trillium Community Health Plan yon fason elektwonik. Ou ka chwazi pou fè sa oswa pou pa fè sa.

## Responsablite Manm yo

### ANTANKE YON MANM OHP OU GEN DWA POU:

- Chwazi oswa ede chwazi yon founisè swen jeneral ak dantis swen jeneral.
- Trete manm pèsònèl, founisè, ak manm pèsònèl klinik Trillium Community Health Plan yo avèk respè.
- Dwe alè pou randevou yo.
- Rele alavans si ou panse ou pral anreta oswa anile randevou ou an si ou pa ka vini.

- Fè chak ane tchèkòp ou yo, bilan sante, ak swen prevantif pou rete an sante.
- Itilize PCP ou an pou bezwen swen sante yo sof si se yon ijans.
- Itilize swen ijan ak swen dijans yon fason ki apwopriye.
- Fè PCP ou an konnen nan lespas 72 èdtan si ou te itilize sèvis ijans yo.
- Jwenn yon referans nan men PCP ou an pou wè yon espesyalis si ou bezwen l. Genyen kèk ka kote ou pa bezwen yon referans.
- Dwe onèt avèk founisè ou yo pou yo ka ba w pi bon swen.
- Ede founisè ou an jwenn dosye sante ou an. Ou kapab bezwen siyen yon otorizasyon pou pibliye dosye ou yo.
- Poze kesyon si nenpòt bagay pa klè.
- Itilize enfòmasyon nan Trillium Community Health Plan, founisè ou yo, oswa ekip swen an pou fè pi bon chwa pou ou konsènan sante w.
- Ede founisè ou an kreye plan tretman ou an.
- Swiv machaswiv de founisè ou yo oswa poze kesyon pou yon lòt opsyon.
- Fè founisè ou an konnen ke ou genyen OHP epi pote kat idantifikasyon medikal ou an nan randevou yo.
- Di Plan Sante Oregon (Oregon Health Plan, OHP):
  1. Si ou chanje nimewo telefòn ou.
  2. Si ou chanje adrès ou.
  3. Si ou vin ansent ak lè ou akouche.
  4. Si nenpòt manm fanmi w demenaje pou vini oswa pou kite lakay ou.
  5. Si ou genyen nenpòt lòt asirans ki disponib.

- Peye sèvis ki pa kouvri yo.
- Ede Trillium Community Health Plan jwenn lajan an retou nan nenpòt lajan ou jwenn akòz yon domaj. Montan an se sèlman jiska sa nou te peye nan avantaj ki lye ak domaj sa a.
- Atire atansyon Trillium Community Health Plan sou pwoblèm, plent oswa doleyans yo.

Si ou resevwa sèvis transpò (trajè) ki pa ijan pou ale nan randevou w yo, ebyen ou gen dwa ak responsablite sa yo tou antanke pasaje:



# Dwa antanke Pasaje

## ANTANKE YON MANM OHP OU GEN DWA POUR:

Jwenn aksè pou trajè ki sekirize, ki atan epi ki apwopriye 24 èdtan pa jou, 365 jou pandan yon ane;

- Monte nan veyikil ki pi byen apwopriye selon bezwen w yo, kote randevou w la ap fèt, ansanm ak pri;
- Yo pa faktire w pou sèvis NEMT Trillium bay yo;
- Yo pa faktire w pou sèvis NEMT founisè transpò ki sou-trete yo bay yo;
- Jwenn aksè nan règleman ak pwosedi NEMT Trillium yo;
- Resevwa avi alekri sou refi demann trajè ou a nan lespas 72 èdtan apre desizyon an. Gen de manm anplwaye ki revize yon demann avan yo refize li pou asire li apwopriye;
- Y ap voye yon kopi refi a bay founisè ou te pwograme pou konsilte a. Sa ap rive si founisè a fè pati rezo Trillium nan epi li te fè demann trajè a nan plas ou.
- Resevwa avi lè yo pwograme trajè ou a;
- Yo pa depoze w nan plis pase 15 minit avan randevou ou an oswa anvan batiman an louvri sof si se oumenm ki mande sa a oswa, jan sa aplikab, gadyen legal ou, paran w, oswa reprezantan ou an; epi
- Yo pa pase chache w nan plis pase 15 minit apre bilding pou randevou w la fèmen oswa nan plis pase inèdtan apre w fin fè demann pou yo pase chache w la sof si w mande sa oswa randevou w la fini oswa si manm lan fè demann pou sa, si sa aplikab, responsab Manm lan, paran li oswa reprezantan li;
- Trajè nan yon veyikil:
  - Ki pwòp epi ki pa gen debri ladan l ki gen enpak sou kapasite w pou vwayaje yon fason konfòtab;
  - Avèk senti sekirite ki apwopriye, si gen egzijans legal pou machin nan gen senti sekirite ladan l;
  - Avèk yon kit premye swen, aparèy pou etenn dife, aparèy reflektif oswa avètisman, flach, aparèy pou rale kawotchou lè gen move tan, ansanm ak gan ki ka jete;
  - Avèk tout ekipman ki nesèsè pou sekirize chèz woulant oswa branka a lè sa apwopriye;

- Nan bon eta fonksyonman, ki enkli retwovizè sou kote ak retwovizè dèyè, klaksòn, ansanm ak limyè siyal, limyè devan, limyè dèyè ak aparèy pou siye vit;
- Se yon chofè ki reponn ak tout egzijans Eta a pou l se yon chofè NEMT ki pou kondui w:
  - Gen imatrikilasyon ak lisans eta a ki valid
  - Verifikasyon antesedan ki apwouve ki gen ladan l istorik kriminel, istorik chofè a, estati delenkan seksyèl, ansanm ak tès depistaj pou dwòg
  - Gen yon fòmasyon ki dokimante pou kondwi ak asiste manm ki gen andikap ak bezwen espesyal yo.
- Mande pou gen modifikasyon rezonab ki fèt nan trajè oswa vwayaj ou lè sa apwopriye konfòmman ak lwa onivo federal ak eta a. Sa gen ladan l tou lè:
  - Yon chofè menase pou l fè w mal oswa fè lòt moun ki nan veyikil la mal,
  - Kondui oswa adopte konpòtman ki mete ou menm oswa lòt moun ki nan veyikil la an danje, oswa
  - Prezante yon menas dirèk pou ou oswa pou lòt moun ki nan veyikil la.
- Mande pou modifikasyon fèt nan trajè oswa vwayaj ou pou respekte ak Lwa pou Ameriken ki gen Andikap ansanm ak lòt lwa ak règleman ki aplikab yo;
- An mezi pou depoze yon plent oswa konteste refi demann pou trajè ou a nan Trillium epi resevwa yon repons;
- Fè rekòmandasyon konsènan politik sou dwa ak responsablite pasaje Trillium yo;
- Depoze yon plent epi mande yon kontestasyon oswa rekonsiderasyon.
- Resevwa ranbousman pou sèvis ki kouvri yo.

## Responsablite Pasaje yo

### ANTANKE YON MANM OHP, OU DAKÒ POUR:

- Konplete yon evalyasyon sou bezwen transpò (trajè) lè w ap mande yon trajè;
- Enfòme MTM sou tout chanjman ki fèt nan pwoblèm sante w yo ki ka afekte veyikil yo prevwa pou ba w trajè a;
- Planifye trajè yo depi byen davans toutotan w kapab. Ou menm oswa reprezantan w lan kapab planifye:

- Randevou inik – jiska 90 jou davans;
- Randevou ki rekiran – fikse tout trajè ki nesèsè yon sèl fwa, jiska 90 jou davans;
- Randevou menm jou a – rele dèke ou kapab
- Pa finen, pa itilize ayewosòl oswa pa finen sigarèt elektwonik nenpòt ki lè;
- Sonje pran tout bagay ou pote lè w ap soti nan yon veyikil;
- Swiv tout lwa lokal, eta, ak federal sou transpò (trajè) konsènan nòm sekirite yo;
- Deplase ale ak sot nan yon randevou avèk yon moun pou akonpanye w si w gen laj 12 lane oswa pi piti oswa si w bezwen èd pou deplase.
  - Yon paran, responsab, bòpè/bèlmè, granparan oswa reprezantan w lan ka sèvi kòm moun pou akonpanye w. Si li pa youn nan moun sa yo, ebyen paran w oswa responsab ou a dwe bay otorizasyon ekri pou nenpòt adilt ki gen laj 18 lane oswa pi plis reprezante moun pou akonpanye w la. Moun pou akonpanye w la pa ka gen pi piti pase laj 18 lane;
- Founi epi enstale tout syèj sekirite lwa Oregon an egzijè pou asire sekirite transpò (trajè) a;
- Bay tout lòt ekipman medikal ki nesèsè pou w deplase, pa egzanp oksijèn, chèz woulant oswa baton;
- Travay ansanm avèk Trillium ak MTM sou tout modifikasyon rezonab ki fèt sou trajè oswa vwayaj ou a si:
  - Ou menase pou fè chofè a mal oswa pou fè lòt moun ki nan veyikil la mal,
  - Prezante yon menas dirèk pou chofè a oswa lòt moun ki nan veyikil la,
  - Adopte konpòtman oswa sikonstans ki mete chofè a oswa lòt moun ki nan veyikil la an danje,
  - Adopte konpòtman selon Trillium ki fè doktè oswa etablisman yo refize bay plis sèvis san modifikasyon,
  - Pa prezante souvan pou trajè ki prevwa yo, oswa
  - Souvan anile trajè a nan jou trajè a menm;
- Bay tout enfòmasyon yo mande pou demann ranbousman yo;
- Ranbouse tout peman anplis pou ranbousman yo fè pou ou yo jan règleman eta a egzijè sa;
- Atire atansyon Trillium sou pwoblèm, plent oswa doleyans yo.

# KIJAN POU JWENN SWEN MEDIKAL LE OU BEZWEN YO

## Kijan mwen kapab jwenn yon doktè oswa pwofesyonèl swen sante?

Anyè Pwofesyonèl Swen Sante Trillium nan pa enkli nan manyèl sa a. Yo te voye yon kopi ba ou pa lapòs avèk manyèl sa lè ou te premye enskri a. Si w bezwen yon lòt kopi, rele nou. Si ou genyen entènèt ou ka chèche yon founisè oswa enprime repètwa founisè a nan:

<https://findaprovider.trilliumhealthplan.com/location>

Gen kèk pwofesyonèl swen sante Trillium ki pa aksepte nouvo pasyan. Si w bezwen èd sou kijan pou jwenn yon pwofesyonèl swen sante ki aksepte nouvo pasyan oswa yon pwofesyonèl swen sante ki pale yon lang ki pa Anglè, rele Trillium. Pou swen woutin nan lopital ou dwe chwazi

yon lopital ki mansyone nan Anyè Pwofesyonèl Swen Sante Trillium nan:

### Legacy Meridian Park Hospital

19300 SW 65th Ave., Tualatin, OR 97062

503-692-1212 itilizatè TTY yo rele 711

<https://www.legacyhealth.org/locations/hospitals/legacy-meridian-park-medical-center.aspx>

### Legacy Mt Hood Medical Center

24800 SE Stark St., Gresham, OR 97030

503-674-1122 itilizatè TTY yo rele 711

<https://www.legacyhealth.org/locations/hospitals/legacy-mount-hood-medical-center.aspx>

### Legacy Emanuel Medical Center

2801 North Gantenbein Ave., Portland, OR 97227

503-413-2200 itilizatè TTY yo rele 71

<https://www.legacyhealth.org/doctors-and-locations/hospitals/legacy-emanuel-medical-center>

## Legacy Good Samaritan Hospital and Medical Center

1015 NW 22nd Ave., Portland, OR 97210

(503) 413-7711 Itilizatè TTY yo Rele 711

<https://www.legacyhealth.org/doctors-and-locations/hospitals/legacy-good-samaritan-medical-center>

## Oregon Health & Science University

3181 SW Sam Jackson Park Rd., Portland, OR 97239

503-494-8311 itilizatè TTY yo rele 711

<https://www.ohsu.edu/visit/ohsu-hospital-portland/>

## Adventist Health Portland

10123 SE Market St., Portland, OR 97216

503-257-2500 itilizatè TTY yo rele 711

[www.adventisthealth.org/portland/](http://www.adventisthealth.org/portland/)

## Kisa Swen Jeneral la ye?

Swen Jeneral la se swen ak tretman medikal jeneral yon Founisè Swen Jeneral (PCP) founi. Li gen ladan l:

- Sèvis swen sante prevansyon ki detekte yon pwoblèm sante byen davans oswa ki anpeche w vin gen yon pwoblèm sante. Pa egzanp, mamografi (radyografi nan tete), tès fwoti vajinal oswa vaksinasyon (piki);
- Swen pou pwoblèm sante kwonik ou gen aktyèlman, pa egzanp: dyabèt oswa opresyon;
- Preskripsyon;
- Rekòmandasyon pou swen espesyalize; ak
- Admisyon nan lopital si sa nesesè.

## Kijan pou m chwazi yon Founisè Swen Jeneral (PCP)?

Aprann konnen PCP w la se yon bagay ki enpòtan. Manm Trillium yo dwe gen yon PCP. Ou kapab chwazi yon PCP ki afilye avèk Trillium, oubyen nou kapab deziyen youn pou ou. Pou chwazi yon PCP, rele nou epi fè nou konnen ki PCP ou vle konsilte a. Si w pa rele nou nan lespas 30 jou pou fè nou konnen ki PCP ou vle konsilte a, n ap deziyen youn pou ou. W ap gen pou itilize sèvis PCP nou deziyen pou ou a jiskaske w chwazi youn pou kont ou. Depi w rele Trillium pou chanje PCP w la, chanjman an ap antre anviyè sou premye jou mwa ki vini apre a. Ou kapab rele Trillium tou pou konnen ki PCP yo deziyen pou ou. Si w vle chwazi yon lòt PCP, kontakte Trillium.

W ap jwenn klinik PCP Trillium yo mansyone nan Anyèl Pwofesyonèl Swen Sante a. Gen kèk nan pwofesyonèl swen sante ki mansyone yo ki ka petèt p ap pran nouvo pasyan. Tanpri, kontakte Trillium pou jwenn yon lis aktyèl ki gen pwofesyonèl swen sante k ap pran nouvo pasyan yo ak lang pwofesyonèl swen sante a pale a.

Trillium pral voye yon nouvo kat Idantifikasyon ba ou pou fè w konnen yo chanje PCP w la. Si w bezwen èd sou kijan pou chwazi PCP w la, rele Sèvis Manm Trillium yo nan: 1-877-600-5472, TTY: 711 Lendi jiska Vandredi, 8:00 a.m. pou rive 5:00 p.m.

Endyen Ameriken ansanm ak Natif Alaska yo kapab resevwa swen yo nan alafwa klini Sèvis Sante Endyen (Indian Health Services, IHS) oswa Asosiyasyon Nòdès pou Reyabilitasyon Ameriken Natif Natal (Native American Rehabilitation Association of the Northwest, NARA). Sa se verite kit ou nan yon CCO oswa w gen OHP frè pou sèvis (FFS) la. Klinik lan dwe faktire menm jan ak pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a. Si yon manm tribi ki enskri nan CCO resevwa sèvis nan yon I/T/U, I/T/U a ka refere manm tribi a bay NARA, si sa nesesè. Akwonim I/T/U a idantifye twa kalite Sèvis Sante pou Ameriken Natif Natal:

- Sèvis Sante Endyen (Indian Health Services, IHS)
- Founisè Swen Sante Tribi
- Pwofesyonèl Swen Sante pou Endyen k Ap Viv nan Zòn Iben

## Kòman m kapab pran yon randevou avèk PCP m nan?

Touswit ou fin chwazi yon PCP oswa yo deziyen youn pou ou, pran yon randevou pi vit ke posib. Sa pral pèmèt ou menm ansanm ak PCP w la aprann konnen youn lòt avan w vin gen yon pwoblèm medikal. Tanpri, rele PCP w la davans pou planifye randevou woutin ki pa pou ka ijans yo. Rele nan plizyè semèn davans pou egzamen anyèl yo. Rele PCP w la lè w bezwen fè yon tchèkòp oswa lè w pa santi w byen.

### PCP OU AN:

- Konnen istorik medikal ou epi li oryante tout swen medikal ou.
- Konsève dosye medikal ou yo yon sèl kote pou ba w pi bon sèvis.
- Asire l ou jwenn swen medikal nenpòt lè pandan jounen oswa nwit la, 7 jou sou sèt.
- Fè aranjman pou swen espesyalize oswa swen nan lopital.

### LÈ W NAN RANDEVOU AVÈK PCP W LA:

- Vini avèk yon lis ki gen tout kesyon oswa enkyetid medikal ou genyen pou diskite sou yo avèk PCP w la.
- Vini avèk yon lis ki gen preskripsyon ak vitamin w ap pran yo epi bay PCP w la lis la.

## Kòman m kapab chanje PCP m nan?

Si w vle chanje PCP w la, rele Sèvis Manm Trillium yo. Ou kapab chanje PCP w la si gen yon lòt pwofesyonèl swen sante nan rezo w la ki aksepte nouvo pasyan. Ou kapab chanje PCP w la jiska de fwa chak ane.

## Men kèk ti konsèy pou ede w gen yon pi bon relasyon avèk PCP ou an:

1. Pwograme epi respekte randevou w avèk PCP yo deziyen pou ou a. PCP w la responsab tout tretman w ap resewa, ki gen ladan yo rekòmandasyon pou w al wè espesyalis.
2. Si w se yon pasyan ki fèk antre nan Trillium, rele rapid epi pwograme yon tchèkòp avèk PCP w la. Konsa, PCP w la kapab aprann konnen w ak ede w reponn ak bezwen swen sante espesifik ou yo. Sonje – tchèkòp ak egzamen pou prezève sante yo se swen woutin yo ye, epi sa ka pran plizyè semèn pou jwenn yon randevou. Si ou bezwen swen ijan, tanpri, fè klinik ou a konn sa a.
3. Gen kèk klinik ki mande pou kontakte ansyen biwo medikal ou a avan premye vizit ou a epi pou mande yo transfere dosye medikal ou yo bay nouvo PCP w la. Dosye sa yo sèvi pou bay yon konpreyansyon jeneral sou istorik medikal ou epi y ap ede PCP w la fè swivi swen medikal ou.

## KISA TRAVAYÈ SANTE TRADISYONÈL YO YE?

Yon travayè sante tradisyonèl (THW) se yon moun ki travay avèk manm yo nan kowòdinasyon swen, navigasyon ak resous yo nan kominote a oswa nan anviwònman klinik yo. Yo sipèvize pa founisè sante ki akredite epi ki sètifye atravè eta Oregon. Trillium kouvri anpil nan sèvis travayè sante tradisyonèl yo. Trillium ka ede w avèk aksè nan sèvis yo a.

Genyen senk tip travayè sante tradisyonèl diferan. Chak tip THW genyen pwòp domèn ekspètiz espesifik yo.

1. Yon Doula (Nesans) bay fanm ak fanmi yo sipò pèsònèl ki pa medikal pandan fanm nan ansent, lè l ap akouche ak aprè l fin akouche.
2. Yon Espesyalis Sipò ant Kamarad (Peer Support Specialist) bay moun ki aktyèlman, oswa ki te, sou tretman pou sante konpòtmantal oswa tretman pou adiksyon yo sipò.

3. Yon Espesyalis Byennèt ant Kamarad (Peer Wellness Specialist) te viv yon eksperyans avèk yon kondisyon sikyatrik (sante mantal) anplis fòmasyon apwofondi. Yon PWS travay nan kad yon ekip swen adomisil ki baze sou moun nan. Yo itilize sante konpòtmantal ak swen jeneral pou ede ak defann enterè moun pou reyalize byennèt yo.
4. Yon Navigatè Sante Pèsònèl (Personal Health Navigator) bay enfòmasyon, èd, zouti ak sipò pou pèmèt yon pasyan pran pi bon desizyon sou swen sante l.
5. Yon Travayè Sante Kominotè (CHW) se yon travayè sante piblik alavangad ki se yon moun de konfyans nan kominote li sèvi a epi/oubyen ki byen konnen kominote a.

Trillium genyen yon Lyezon THW (moun referans) ki ka ede w konekte kalite sèvis THW ki apwopriye a. Epiou yo ka ede reponn kesyon sou sèvis THW yo. Pou kontakte Lyezon THW a, tanpri rele 1-877-600-5472. Epiou ou ka voye yon demann pa imèl bay : [THW@TrilliumCHP.com](mailto:THW@TrilliumCHP.com). Ou ka jwenn enfòmasyon sa yo ak tout mizajou yo nan kontak THW a sou sit entènèt nou an nan: <https://www.trilliumohp.com/members/oregon-health-plan/wellness/traditional-health-workers.html>

## Nou kouvri dezyèm opinyon yo

Ou p ap peye anyen pou sa. Si ou vle yon dezyèm opinyon sou opsyon tretman w yo, mande PCP ou an pou refere w pou yon lòt opinyon, oswa nou ka fè aranjman konsènan youn pou ou. Si ou vle wè yon founisè ki pa nan rezo nou an Trillium pral fè prepare sa pou ou.

## E si m pa ka rive nan randevou m lan?

Respekte randevou medikal, sante konpòtmantal ak randevou pou swen dan yo se youn nan responsablite w genyen antanke manm Trillium. Si w dwe anile yon randevou, tanpri, rele pwofesyonèl swen sante w la pi vit ke posib, nan omwen 1 jou avan randevou ki pwograme a. Si w rate randevou epi w pa rele biwo PCP w la, yo ka mande w pou chwazi yon nouvo PCP. Founisè yo pa ka fè w peye pou randevou ki rate yo.



## E si m bezwen jwenn swen imedyatman?

Si w fèk antre nan Trillium epi w bezwen swen medikal oswa preskripsyon imedyatman, tanpri, rele nou epi pale avèk yon Kowòdonatè Swen. Nou ka asiste avèk aksè nan swen ki nesèsè ak lòt bezwen tankou founiti oswa preskripsyon ou yo. Epitou li enpòtan pou pran yon randevou avèk PCP w la pi vit ke posib pou w kapab asire w ou resevwa swen ou bezwen an.

## E si m bezwen swen nan lè ki pa lè fonksyonman yo (lasware, wikenn, ak jou ferye)?

PCP w la pran swen w 24 sou vennkat, sèt jou sou sèt. Menm si biwo PCP w la fèmen, rele nan nimewo telefòn biwo PCP w la. Ou pral pale avèk yon moun ki pral kontakte PCP w la oubyen ki pral ba w konsèy sou kisa pou fè. Pafwa, PCP w la ka pa disponib. Y ap asire yo toujou gen yon lòt pwofesyonèl swen sante ki disponib pou ede ou.

## E si m bezwen konsilte yon espesyalis oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante?

Ou ka refere tèt ou nan swen pou espesyalis sante fizik oswa espesyalis sante konpòtmantal yo pou tretman ki apwopriye sou plan medikal konsènan kondisyon ou yo. Sa vle di ou kapab chwazi yon pwofesyonèl swen sante pou swen ki apwopriye pou rezon medikal san w pa mande PCP ou an. Sepandan, rezon (kondisyon oswa dyagnostik) pou vizit la dwe pou yon sèvis ki kouvri, epi dwe yon founisè ki nan rezo a. Si w panse ou dwe konsilte yon espesyalis oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante, pale avèk PCP w la dabò. PCP ou an ka ede w detèmine ki sèvis espesyalis ou bezwen.

## E si m gen Bezwen Espesyal pou Swen Sante yo?

Si ou genyen bezwen espesyal pou swen sante, ou genyen aksè dirèk ak espesyalis sante fizik ak espesyalis sante konpòtmantal yo pou tretman ki apwopriye sou plan medikal pou kondisyon ou yo. Sa vle di ou kapab chwazi yon pwofesyonèl swen sante pou swen ki apwopriye pou rezon medikal san w pa mande PCP ou an. Sepandan, rezon (kondisyon oswa dyagnostik) pou vizit

la dwe pou yon sèvis ki kouvri, epi nan majorite ka dwe yon founisè ki nan rezo a.

Si w panse ou dwe konsilte yon espesyalis oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante, pale avèk PCP w la dabò. PCP ou an ka ede w detèmine ki sèvis espesyalis ou bezwen.

Epitou, Kowòdonatè ak Responsab Swen yo disponib pou ede w avèk bezwen swen sante espesyal ou yo. Rele Sèvis Manm yo nan 1-877-600-5472. Mande pou pale avèk yon Kowòdonatè Swen.

## E si m ap resevwa Sèvis ak Sipò Alontèm?

Si ou resevwa Sèvis ak Sipò Alontèm yo (LTSS) ou genyen aksè dirèk ak espesyalis sante fizik ak espesyalis sante konpòtmantal yo pou tretman ki apwopriye sou plan medikal. Sa vle di ou kapab chwazi yon pwofesyonèl swen sante san ou pa mande PCP ou an. Rezon (kondisyon oswa dyagnostik) pou vizit la dwe pou yon sèvis ki kouvri. Nan pifò ka, ou dwe al wè yon founisè ki nan rezo a.

Si w panse ou dwe konsilte yon espesyalis oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante, pale avèk PCP w la dabò. PCP ou an ka ede w detèmine ki sèvis espesyalis ou bezwen. Epitou, ou ka toujou resevwa Sèvis Kowòdinasyon Swen Entansif (ICC) de Trillium pandan w ap rele Sèvis Manm yo nan 1-877-600-5472. Mande pou pale avèk yon kowòdonatè ICC oswa yon manadjè ka.

## Anba a, w ap jwenn yon lis sèvis ou kapab resevwa san rekòmandasyon PCP w la.

Pou chwazi resevwa sèvis yo pou kont ou, ou dwe ale kay yon pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a. Rele pwofesyonèl swen sante a pou konnen si li nan rezo a. Apresa, ou kapab pran randevou w pou kont ou.

- Tretman ak Asistans Medikaman pou adiksyon Opioid; (premye 30 jou apre tretman an). Itilize zouti "Find-a-Provider" (Jwenn yon Pwofesyonèl Swen Sante) nou an pou chwazi yon pwofesyonèl swen sante.
- Sèvis Travayè Sante Tradisyonèl yo. Itilize zouti Find-a-Provider (Jwenn yon Pwofesyonèl Swen Sante) nou an oswa rele Sèvis Manm Trillium yo.
- Tretman pou dwòg ak alkòl. Itilize zouti "Find-a-Provider" (Jwenn yon Pwofesyonèl Swen Sante) nou an pou chwazi yon pwofesyonèl swen sante.



- Manm fanm yo ka dirèkteman jwenn aksè ak espesyalis sante fanm yo nan rezo founisè a pou sèvis ki kouvri ki nesesè pou fè egzamen woutin pou fanm ak sèvis swen sante pou fanm yo. Sèvis sa yo gen ladan yo, men yo pa sèlman gen ladan yo, swen avan akouchman, egzamen, mamografi ak tèst Pap.
- Swen pandan gwosès. Itilize zouti "Find-a-Provider" (Jwenn yon Pwofesyonèl Swen Sante) nou an pou chwazi yon pwofesyonèl swen sante.
- Egzamen pou abi sektyèl. Rele founisè ou an.
- Sèvis planin famiyal ak pou evite gwosès. Ou kapab jwenn sèvis sa yo nan men nenpòt pwofesyonèl swen sante ki gen kontra avèk Otorite Sante Oregon lan epi ki lisansye pou bay sèvis sa yo.
- Sèvis pou sante konpòtmantal. Itilize zouti "Find-a-Provider" (Jwenn yon Pwofesyonèl Swen Sante) nou an pou chwazi yon pwofesyonèl swen sante.
- Èd pou kite fimèn. Rele Sèvis Manm Trillium yo.
- Sèvis pou dyaliz nan ren. Itilize zouti "Find-a-Provider" (Jwenn yon Pwofesyonèl Swen Sante) nou an pou chwazi yon pwofesyonèl swen sante.
- Vaksinasyon (piki). Itilize zouti "Find-a-Provider" (Jwenn yon Pwofesyonèl Swen Sante) nou an pou chwazi yon pwofesyonèl swen sante.
- Sèvis Kowòdinasyon Swen Entansif (Intensive Care Coordination, ICC) yo
- Si y ap resevwa sèvis ICC yo, LTSS, oswa yo genyen bezwen espesyal pou swen sante, manm yo ka dirèkteman jwenn aksè ak yon espesyalis ak swen sante konpòtmantal ak swen sante fizik ki apwopriye sou plan medikal pou bezwen manm nan genyen pou kondisyon ak bezwen ki idantifye yo.

## E si pwofesyonèl swen sante a pa nan Rezo a?

Nan majorite ka yo, ou dwe konsilte yon espesyalis oswa pwofesyonèl swen sante ki nan Trillium. Si sèvis la disponib nan men pwofesyonèl swen sante ki nan Trillium yo, n ap mande w pou itilize sèvis yon pwofesyonèl swen sante ki nan Trillium. Si sèvis la pa disponib nan men pwofesyonèl swen sante ki nan Trillium yo, Trillium ka petèt apwouve yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a. Nou apwouve randevou ki pa nan eta a sèlman lè sèvis la pa disponib nan eta Oregon. Ou pa ka chwazi al wè yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a pou kont ou.

## Kijan m kapab jwenn apwobasyon pou sèvis yo?

Anplis de yon rekòmandasyon, gen kèk sèvis medikal ki mande pou jwenn apwobasyon Trillium avan ou kapab jwenn sèvis la. Apwobasyon pou sèvis sa rele yon otorizasyon. Pwofesyonèl swen sante k ap bay sèvis la pral jwenn apwobasyon Trillium epi l ap fè w konnen kilè yo apwouve sèvis la. Si w pa gen yon rekòmandasyon oswa yon otorizasyon pou jwenn sèvis la, yo ka refize bay w sèvis la oswa ou ka gen pou peye pou sèvis la.

## Lòt Avantaj OHP Kouvri

Gen kèk sèvis Trillium Community Health Plan lan pa peye pou yo, men OHP ap peye pou yo. Si w bezwen èd pou sèvis sa yo, tanpri, rele Sèvis Manm Trillium yo nan 1-877-600-5472. Mande pou pale avèk yon kowòdonatè swen. Si w bezwen èd sou kijan pou jwenn sèvis sa yo, tanpri rele nimewo gratis MTM la nan 877-583-1552 (TTY: 711). Kèk egzanp sèvis OHP kouvri epi Trillium pa bay yo se:

| SÈVIS SANTE CCO KI PA KOUVRI                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                           | KOWÒDINASYON<br>SWEN KI<br>DISPONIB<br>NAN CCO | SÈVIS TRANSPÒ<br>DISPONIB<br>ATRAVÈ CCO | KIYÈS POU OU<br>KONTAKTE                                  |
|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|------------------------------------------------|-----------------------------------------|-----------------------------------------------------------|
| <b>Swisid yon doktè</b> ede konfòmeman ak Lwa Oregon sou Lanmò avèk Diyite (Oregon Death with Dignity Act) a, ORS 127.800-127.897<br>- Otorize rezidan Oregon ki gen maladi ki nan faz tèminal jwenn ak itilize medikaman doktè yo bay ke yo kapab pran pou kont yo pou ede yo mete fen nan lavi yo.                                                                   | Non                                            | Wi                                      | Ekip<br>Kowòdinasyon<br>Swen KEPRO a nan<br>(800)562-4620 |
| <b>Sèvis swen</b> nan ospis pou Manm ki abite nan yon Etablisman Swen Enfimye Kalifye;<br>- Otorize manm yo jwenn swen medikal, sipò pou fanmi, defans pasyan, konsèy espirityèl, evalyasyon ak tretman pou doulè, ansanm ak aksè nan medikaman ak ekipman medikal ki dirab pou sipòte tranzisyon pou mete fen nan lavi nan yon etablisman swen ki kalifye.            | Non                                            | Wi                                      | Ekip<br>Kowòdinasyon<br>Swen KEPRO a nan<br>(800)562-4620 |
| <b>Sèvis Sante nan Milye Eskolè</b> ki se sèvis ki kouvri yo bay konfòmeman ak egzijans Lwa sou Edikasyon pou Moun ki gen Andikap yo ke yo ranbouse nan kad pwogram pou sèvis edikatif la;<br>- Pèmèt elèv ki gen andikap yo jwenn aksè, lekòl yo dwe bay yon seri sèvis medikal ki nesèsè pou yo kapab jwenn yon edikasyon jan sa fè pati plan edikasyon espesyal yo. | Non                                            | Wi                                      | Ekip<br>Kowòdinasyon<br>Swen KEPRO a nan<br>(800)562-4620 |
| <b>Egzamen administratif</b> ke yo mande oswa otorize konfòmeman ak OAR 410-130-0230;<br>- Otorize manm yo fè yon seri egzamen espesyalize lè yo soumèt ak kèk nivo swen.                                                                                                                                                                                              | Non                                            | Wi                                      | Ekip<br>Kowòdinasyon<br>Swen KEPRO a nan<br>(800)562-4620 |
| <b>Sèvis yo bay pou benefisyè Èd Medikal Ijan yo Bay Sitwayen/Etranje yo oswa Pwoteksyon Avan Akouchman CAWEM Plus-CHIP pou CAWEM;</b><br>- Pèmèt manm Èd Medikal Ijan yo Bay pou Sitwayen/ Etranje yo jwenn sèvis medikal pou ka ijans ak swen avan akouchman.                                                                                                        | Non                                            | Wi                                      | Ekip<br>Kowòdinasyon<br>Swen KEPRO a nan<br>(800)562-4620 |
| <b>Avòtman</b><br>- Pèmèt manm yo jwenn aksè ak sèvis pou tèmine gwosès yo.                                                                                                                                                                                                                                                                                            | Wi                                             | Wi                                      | Ekip<br>Kowòdinasyon<br>Swen KEPRO a nan<br>(800)562-4620 |

| SÈVIS SANTE CCO KI PA KOUVRI                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                              | KOWÒDINASYON SWEN KI DISPONIB NAN CCO | SÈVIS TRANSPÒ DISPONIB ATRAVÈ CCO | KIYÈS POU OU KONTAKTE                 |
|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|---------------------------------------|-----------------------------------|---------------------------------------|
| <b>Sèvis pou Akouchman andeyò lopital</b> (Out-of-hospital birth, OOHb) yo ansanm ak swen avan ak apre akouchman pou fanm ki reponn ak kritè ki defini nan OAR 410-130-0240<br>-Pèmèt manm yo jwenn aksè nan swen avan akouchman, pandan akouchman ak swen apre akouchman andeyò anviwònman lopital la.                                                                                                                                                                                                                                                                                   | Non                                   | Wi                                | Sèvis Manm Trillium yo – 877-600-5472 |
| <b>Sèvis ak sipò alontèm ki ekskli nan ranbousman CCO a</b> konfòmman ak ORS 114.631;<br>-Pèmèt manm yo resevwa sèvis LTSS yo pou yo kapab resevwa swen ki kowòdone ant CCO ak Sèvis ak Sipò Alontèm                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                      | Wi                                    | Wi                                | Sèvis Manm Trillium yo – 877-600-5472 |
| <b>Ede manm yo jwenn aksè nan sèvis sante konpòtmantal yo.</b> Egzanp sèvis sa yo gen ladan yo, men yo pa sèlman gen ladan yo:<br>a) Kèk medikaman pou yon seri pwoblèm sante konpòtmantal;<br>b) Medikaman terapeetik pou kèk pwoblèm sante konpòtmantal;<br>c) Swen sikyatrik alontèm pou manm ki gen laj 18 lane ak sila ki gen plis laj yo; ansanm ak<br>d) Swen pèsònèl nan mezon akèy pou adilt pou manm ki gen laj 18 lane ak sila ki gen plis laj yo.<br>Pou jwenn plis enfòmasyon oswa yon lis konplè sou sèvis sante konpòtmantal patikilye sa yo, rele Sèvis Manm Trillium yo. | Wi                                    | Wi                                | Sèvis Manm Trillium yo – 877-600-5472 |
| <b>Family Connects Program</b> bay vizit enfimye ki gratis, ki baze sou prèv, vizit enfimye adomisil pou tout fanmi ki genyen nouvo-ne.<br>- Pwogram Family Connects Oregon nan sipòte paran yo pandan l ap lye enfimye, resous kominotè, ak fanmi yo.                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                    | Wi                                    | Wi                                | Sèvis Manm Trillium yo – 877-600-5472 |

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis sa yo, rele Sèvis Kliyan OHP yo nan 1-800-273-0557. Si w bezwen èd pou transpò, tanpri, konsilte seksyon “Can I get a ride to my appointment?” (Èske m ka jwenn yon trajè pou m al nan randevou m lan?).

## Èske nouvo teknoloji kouvri?

OHP deside si pou nouvo teknoloji yo oswa nouvo itilizasyon teknoloji aktyèl yo pou enkli nan pakè avantaj la. Si w gen kesyon sou ki sèvis ki kouvri, tanpri, rele Sèvis Manm Trillium yo.

## Ensitasyon pou doktè

Nou ranbouse pwofesyonèl swen sante nou yo yon bonis oswa yon rekonpans dèske li ede w rete an sante. Nou pa peye oswa rekonpanse pwofesyonèl swen sante nou yo poutèt yo limite sèvis ak rekòmandasyon yo. Desizyon yo pran sou demann sèvis ou yo baze sèlman sou si nivo swen ak sèvis yo apwopriye ak sou si ou genyen pwoteksyon. Ou gen dwa pou mande ak resevwa enfòmasyon siplemantè sou ensitasyon doktè w la ak sou esktrikti ak fonksyònman Trillium. Pou jwenn plis enfòmasyon sou ensitasyon doktè yo, kontakte Trillium nan 1-877-600-5472, oswa TTY 711.

## Èske m ka jwenn yon trajè pou m al nan randevou m lan?

Si w bezwen èd sou kijan pou ale nan randevou w yo, tanpri, rele nimewo gratis MTM la nan 877-583-1552. Nou kapab ede w si w pa gen okenn mwayen pou al kay doktè, dantis oswa konseye w la. Moun ki nan OHP yo jwenn èd pou yo kapab peye trajè pou yo ale nan vizit swen sante yo. MTM kapab ranbouse w tou pou depans ou fè pou w ale nan randevou yo, ki gen ladan yo depans pou gaz, manje ak lojman. W ap gen pou jwenn apwobasyon avan ou ale nan randevou pou swen sante w la. Pou jwenn apwobasyon, rele 877-583-1552. Dimanch - Samdi 8 am pou rive 5 pm, oswa nenpòt lè pou jwenn yon trajè ijan oswa yon trajè apre w kite lopital la. Tanpri, rele 911 pou jwenn sèvis transpò pou ka ijans. W ap jwenn trajè gratis oswa sèvis transpò medikal ki pa ijan (trajè) nan:

### MTM (Jesyon Transpò Medikal)

Nimewo Gratis: 877-583-1552 (TTY: 711)

Si w bezwen pwograme yon trajè atravè MTM, rele pi vit ke posib. Sonje, si w anile oswa chanje randevou w la,

rele MTM imedyatman pou anile oswa chanje trajè ou a. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon nan Gid Trajè Medikal (Medical Ride Guide) la sou sitwèb nou an nan <https://www.trilliumohp.com/members/oregon-health-plan/Benefits-and-Services/transportation.html>

## Fason pou jwenn yon entèprèt nan randevou yo?

Ou kapab jwenn yon entèprèt lang oral oswa lang siy nan randevou ou an si ou bezwen youn. Lè ou rele pou yon randevou, fè biwo pwofesyonèl swen sante w la konnen ou bezwen yon entèprèt epi pou ki lang. Ou p ap gen pou peye pou sa.

Si w bezwen yon entèprèt lang oswa entèprèt langaj an siy pou vizit swen sante yo, ou kapab:

1. Rele Trillium.
2. Rele biwo doktè w la epi mande l pou l mete yon entèprèt disponib pandan vizit ou a.

Ou kapab jwenn enfòmasyon sou Entèprèt nan Domèn Swen Sante yo nan [www.Oregon.gov/oha/oei](http://www.Oregon.gov/oha/oei).

# AVANTAJ AK SÈVIS KI KOUVRI

## Ki sèvis OHP kouvri?

OHP kapab bay linèt, aparèy oditif, ekipman medikal, swen sante adomisil, ansanm ak sèvis transpò (trajè) nan randevou pou swen sante yo. OHP pa kouvri tout bagay. W ap jwenn yon lis ki gen maladi ak pwoblèm medikal sa yo ki rele Lis Sèvis Sante Prioritè (nan lòd). Ou kapab li lis sa sou entènèt la nan: <https://www.oregon.gov/oha/hsd/ohp/pages/prioritized-list.aspx>.

OHP ka kouvri lòt maladi ak pwoblèm medikal yo nan kèk sitiyasyon. Pa egzanp, yon pasyan ka gen yon pwoblèm sante ki kouvri pandan l gen yon lòt pwoblèm sante ki pa kouvri. Li posib pou yo kouvri pwoblèm sante ki pa kouvri a si li ka ede premye pwoblèm sante a amelyore. Pou jwenn yon rezime konplè konsènan avantaj yo, tanpri ale nan “Rezime Lis Verifikasyon Avantaj yo.”

## Sèvis Telesante yo

Sèvis telesante yo se sèvis swen sante ki itilize kominikasyon elektwonik yo. Sa kapab yon imèl ki sekirize. Li kapab tou yon pòtay pou manm oswa konferans odyo/videyo ki fèt sou entènèt. Manm Trillium yo kapab gen vizit odyo, videyo ak vizit elektwonik (si se pwofesyonèl swen sante li a ki bay li). Trillium pral travay avèk founisè nou yo pou asire aksè ki reyisi nan sèvis yo. Nou pral evalye kapasite manm nou yo pou itilize metòd espesifik ki apwouve pou livrezon telesante. Pou gen yon randevou telesante, w ap gen pou itilize yon òdinatè. Ou kapab itilize tou yon laptop, tablèt oswa yon telefòn. Pafwa, ou ka bezwen itilize yon telefòn entèlijan. Poze pwofesyonèl swen sante w la kesyon sou sèvis telesante yo. Ou kapab jwenn sèvis telesante yo nan tout sant sante kominotè yo. An 2022, Trillium pral asire l zouti Find a Provider (Jwenn yon Pwofesyonèl Swen Sante) nou an ansanm ak Anyè Pwofesyonèl Swen Sante

ki enprime a mansyone ki pwofesyonèl swen sante ki gen sèvis telesante yo. Rele Sèvis Manm yo nan 1-877-600-5472 (TTY: 711) si ou bezwen èd.

Si w gen kesyon sou telesante, tanpri, rele Sèvis Manm Trillium yo. Ou ka mande Manadjè Ka w la ede w tou.

## Sèvis Telesante ki Kouvri yo

Sèvis telesante yo kouvri pou vizit pou sante fizik, konpòtmantal ak vizit pou swen bouch. Ou dwe pran yon randevou telesante pou w benefisye yon medikaman woutin. Ou ka poze kesyon tou nan yon randevou telesante. Ou kapab itilize telesante pou vizit kontini pou sante konpòtmantal yo. Kontakte Sèvis Manm yo pou jwenn pwofesyonèl swen sante ki ofri sèvis telesante.

## Sèvis Teladoc ki Kouvri yo

Trillium ofri sèvis telesante tou apati Teladoc Health, Inc. Teladoc bay telesante pou vizit pou sante fizik, konpòtmantal ak vizit pou swen bouch. Sèvis Teladoc yo pa mande yon referans. Tanpri rele Sèvis Manm yo pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis Teladoc yo oswa vizite <https://www.trilliumohp.com/members/oregon-health-plan/Benefits-and-Services/telehealth.html>

## Chwa ak Aranjman pou Pasyan

Telesante se yon mwayen pou konsilte pwofesyonèl swen sante w la. Gen kèk pwofesyonèl swen sante ki ka bezwen wè w an pèsòn. Pa egzanp, doktè kè ou an ka bezwen wè w an pèsòn. Pwofesyonèl swen sante w la pa ka limite w sèlman ak vizit telesante yo. Trillium travay ansanm avèk pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a pou l bay sèvis telesante yo pou ede w jwenn bonjan swen. Sèvis telesante yo ap apwopriye ak kilti. Mwayen Trillium kapab itilize pou bay sèvis telesante a se nan lang prefere w, ekriti Braille, gwo karaktè, odyo oswa nenpòt lòt fòm ki pi bon pou ou. Gade seksyon "Asistans Lang" lan.

## Pratik Konfidansyalite Telesante

Founisè telesante Trillium nan Teladoc Health, Inc. Lalwa egzije Teladoc Health, Inc. pou l konsève enfòmasyon pèsònèl sou sante w yo an prive. Yo pwoteje enfòmasyon w menm jan pwofesyonèl swen sante w yo pwoteje enfòmasyon w lè w konsilte yo an pèsòn. Teladoc Health, Inc. dwe enfòmè w sou responsablite legal ak pratik konfidansyalite li yo.

## E si gen yon chanjman ki afekte kapasite w pou jwenn aksè nan swen oswa sèvis yo?

Trillium ap bay manm ki afekte yo avi alekri nan omwen 30 jou avan tout chanjman. Chanjman an ka fèt nan yon pwofesyonèl swen sante, yon pwogram oswa yon sèvis ki kouvri. Nou ka fè chanjman yo pi rapid pou pwoblèm sekirite ki grav yo. Apresa, n ap voye yon avi bay manm ki afekte a. Si genyen chanjman nan founisè ou an epi founisè a pa bay ase avi pou yon chanjman nan lespas 30 jou, nou pral enfòmè w konsènan chanjman an nan lespas 15 jou.

## Direktiv sou Pratik

Direktiv sou Pratik yo pèmèt ou jwenn yon mwayen pou amelyore sante w. Avantaj ak enkonvenyan nan anpil opsyon swen ladan l. Trillium gen Direktiv Pratik pou plizyè sijè. Si w vle resevwa yon direktiv pratik sou yon sijè, tanpri, rele Sèvis Manm yo. Direktiv Pratik yo disponib tou sou sitwèb Trillium yo anba seksyon Resous Pwofesyonèl Swen Sante yo.

## Sèvis Prevantif

Li enpòtan pou prevni pwoblèm sante yo avan w vin genyen yo. OHP kouvri sèvis prevansyon pou ede ou rete an sante. Sèvis sa yo pa mande pou gen otorizasyon. Sèvis prevansyon yo gen ladan yo tchèkòp ak egzamen pou konnen ki pwoblèm ki genyen. PCP w la pral pwopozè yon orè pou tchèkòp ak lòt sèvis yo

### LÒT SÈVIS PREVANSYON YO GEN LADAN YO:

- EPSDT
- Vaksinasyon (piki) pou timoun ak adilt (pa pou rezon vwayaj nan peyi etranje oswa rezon anplwa);
- Egzamen fizik woutin;
- Tès laboratwa;
- Zouti pou ede w kite fimèn;
- Swen matènite ak swen pou tibebe ki fèk fèt;
- Egzamen ak tès Pap pou fanm;
- Mamografi (radyografi nan tete) pou fanm;
- Depistaj nan pwostat pou gason;
- Depistaj pou kansè; ak
- Tretman avèk fliyori.



# Kijan m kapab kanpe sou itilize tabak?

Grenn bagay ki pi enpòtan ou kapab fè pou amelyore sante w ak sante fanmi w se kanpe sou itilize tabak. Trillium peye pou medikaman ak konsèy nan telefòn avèk yon antrenè ki pran fòmasyon pou ede w kanpe sou itilize tabak. Si ou pran tabak, rele **Quit for Life** gratis nan **1-866-784-8454**.

## Kisa EPSDT ye?

Depistaj, Dyagnostik ak Tretman Bonè ak Regilye (Early and Periodic Screening, Diagnosis, and Treatment, EPSDT) se yon avantaj swen sante pou manm ki genyen mwens pase 21 lane yo. EPSDT genyen ladan divès sèvis depistaj, dyagnostik, ak tretman. Depistaj sa yo ka ede jwenn pwoblèm swen sante fizik, sante konpòtmantal oswa pwoblèm swen sante devlopmantral yo ki bezwen plis dyagnostik ak/oswa tretman. EPSDT genyen ladan tès dyagnostik ak tretman ki nesèsè sou plan medikal ki nesèsè pou ranje oswa amelyore kondisyon sante fizik ak yon kondisyon sante mantal.

Epitou EPSDT genyen ladan sèvis ki nesèsè pou sipòte yon timoun ki genyen reta nan devlopman. Sèvis sa yo ka ede kondisyon yo pou pa vin pi mal. Epitou sèvis sa yo ka ede ralanti efè pwoblèm swen sante yon timoun. EPSDT pèmèt timoun ak jèn yo jwenn aksè nan sèvis swen sante byen bonè epi souvan. Pafwa yo rele yon depistaj EPSDT yon bilan pou timoun an sante oswa yon bilan byennèt.

## Kisa EPSDT Genyen Ladan?

Yon bilan byennèt pou timoun, depistaj EPSDT, genyen ladan:

- Istorik sante konplè ak istorik devlopmantral
- Egzamen konplè sou sante
- Edikasyon sante ak counseling ki baze sou laj ak istorik sante
- Tès vizyon
- Tès oditif
- Tès laboratwa
- Depistaj plon nan san
- Egzamine pwoblèm alimantè oswa pwoblèm pou dòmi
- Eitati nitrisyonèl

- Depistaj sante oral ak sèvis sante oral pa yon PCP ABC Dental (ABCD) ki kalifye
- Vaksinasyon (piki)
- Depistaj pou sante mantal
- Depistaj pou twoub konsomasyon sibstans
- Sèvis medsen yo selon bezwen manm lan pou kondisyon oswa maladi ki egi oswa kwonik

Lè founisè medikal yon timoun dyagnostike yon kondisyon sante, founisè(yo) timoun nan pral:

- Trete timoun nan si li nan dimansyon pratik founisè a; oswa
- Refere timoun nan bay yon espesyalis ki apwopriye pou tretman. Sa kapab genyen ladan tès anplis oswa evalyasyon espesyalite, tankou:
  - Evalyasyon devlopmantral,
  - Sante konpòtmantal global,
  - Evalyasyon pou twoub konsomasyon sibstans, oswa
  - Konsèy sou nitrisyon.

Sèvis EPSDT yo pa genyen ladan Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP) oswa lòt pwogram sèvis sosyal yo. Pou jwenn enfòmasyon ak asistans pou referans ak sèvis ki pa kouvri selon EPSDT, tanpri kontakte Sèvis Manm yo Gratis nan: **1-877-600-5472 (TTY 711)**.

Founisè swanyan yo kominike rezilta sèvis yo bay founisè depistaj EPSDT k ap fè referans lan (yo) epi yo pral konsève yon istorik sante global ak istorik devlopmantral, ki genyen ladan evalyasyon devlopmantral sante mantal yo.

## Kijan pou aksede nan EPSDT?

Yo bay pwogram EPSDT a gratis pou manm ki genyen jiska 21 lane. Manm ki elijib yo oswa fanmi an ka jwenn transpò (trajè) gratis. Manm ki elijib la oswa fanmi an ka jwenn èd tou nan planifikasyon gratis. Pou kontakte **pwogram EPSDT a**, rele Sèvis Manm yo nan **1-877-600-5472 (TTY 711)**. Mande pou pale ak yon Kowòdonatè Swen.

Manm ki genyen jiska 21 lane yo genyen aksè nan pwogram EPSDT yo gratis. Manm ki elijib yo oswa fanmi an ka jwenn transpò (trajè) gratis. Manm ki elijib la oswa fanmi an ka jwenn èd tou nan planifikasyon gratis. Pou kontakte pwogram EPSDT a, rele Sèvis Manm yo nan **1-877-600-5472 (TTY 711)**. Mande pou pale ak yon Kowòdonatè Swen.

Pou Jwenn Plis Enfòmasyon sou EPDST a, ale gade:  
Fèy Enfòmasyon Medicaid: [https://downloads.aap.org/AAP/PDF/CHIP%20Fact%20Sheets/federaladvocacy-medicaidfactsheet\\_all\\_states.pdf](https://downloads.aap.org/AAP/PDF/CHIP%20Fact%20Sheets/federaladvocacy-medicaidfactsheet_all_states.pdf) Kalandriye Peryodisite AAP: <https://downloads.aap.org/AAP/PDF/periodicity-schedule.pdf>  
Trillium mande pou yon founisè swen jeneral (PCP) k ap bay sèvis EPDST yo genyen yon akò alekri avèk ou oswa

avèk reprezantan otorize ou an. Toude pati yo dwe siyen akò ekri a. Akò ekri a refile obligasyon ou yo selon EPDST a. Akò sa a di ke founisè a pral sous regilye w pou sèvis EPDST yo pou yon peryòd tan ki deklare. Trillium pral ede w jwenn yon founisè referans ki apwopriye. Trillium pral ede w pran randevou tou. Kowòdinasyon Swen Trillium ka ede avèk bezwen ouwa kesyon ki lye ak EPDST a. Ou ta dwe kòmanse resevwa tretman EPDST a nan 6 mwa aprè demann ou pou sèvis depistaj yo.

## Rezime Lis verifikasyon Avantaj

Otorizasyon alavans obligatwa pou kèk sèvis, pwosedi, ak aparèy medikal yo. Founisè ou an jeneralman soumèt yon demann pou otorizasyon alavans pou ou. Tablo sa a genyen yon lis sèvis, pwosedi, ak aparèy medikal. Li di w si otorizasyon preyalab nesèsè oswa pa nesèsè. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis ki mande otorizasyon alavans, tanpri rele Sèvis Manm yo Gratis nan: 1-877-600-5472 (TTY 711).

| AVANTAJ         |                                                         | DEPANS OU | EGZIJANS POU OTORIZASYON PREYALAB                                                                                                                              | LIMIT NAN SWEN LÈ YON FOUNISÈ TRILLIUM RESEVWA L                                |
|-----------------|---------------------------------------------------------|-----------|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------|
| VIZIT KAY DOKTÈ | Founisè swen jeneral                                    | \$0       | Pa obligatwa                                                                                                                                                   | San limit                                                                       |
|                 | Espesyalis                                              | \$0       | Pa obligatwa pou pwofesyonèl swen dantè, pwofesyonèl ki jere sante fanm oswa pwofesyonèl swen sante konpòtmantal. Kapab obligatwa pou lòt sèvis aprè de vizit. | Jan sa rekòmande oswa sou baz machaswiv OHP yo. Rele Trillium pou yo ba w detay |
| SÈVIS PREVANTIF | Vizit pou Byennèt Timoun pou tibebe, timoun ak adolesan | \$0       | Pa obligatwa                                                                                                                                                   | Jan sa rekòmande                                                                |
|                 | Egzamen fizik woutin                                    | \$0       | Pa obligatwa                                                                                                                                                   | Jan sa rekòmande                                                                |
|                 | Vizit pou fanm ki an sante                              | \$0       | Pa obligatwa                                                                                                                                                   | Jan sa rekòmande                                                                |
|                 | Mamografi (radyografi nan tete) pou fanm                | \$0       | Pa obligatwa                                                                                                                                                   | Jan sa rekòmande                                                                |
|                 | Egzamen pwostat pou gason                               | \$0       | Pa obligatwa                                                                                                                                                   | San limit                                                                       |
|                 | Planin Familyal                                         | \$0       | Pa obligatwa                                                                                                                                                   | San limit                                                                       |
|                 | Depistaj pou maladi moun transmèt nan fè sèks (STD yo)  | \$0       | Pa obligatwa                                                                                                                                                   | San limit                                                                       |
|                 | Egzamen ak konsèy pou SIDA ak VIH                       | \$0       | Pa obligatwa                                                                                                                                                   | San limit                                                                       |

| AVANTAJ                           |                                                                                                                                                                     | DEPANS OU                                                                                                               | EGZIJANS POU OTORIZASYON PREYALAB                                          | LIMIT NAN SWEN LÈ YON FOUNISÈ TRILLIUM RESEVWA L                                       |
|-----------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|----------------------------------------------------------------------------|----------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON</b> | Anpil men pa tout medikaman disponib sou preskripsyon yon pwofesyonèl swen sante. Ou kapab jwenn yon lis konplè nan lis medikaman prefere Plan Sante Oregon nou an. | Medikaman ki kouvri yo gratis.<br>Se eta a ki jere medikaman pou sante mantal yo.<br>Kopeman pou medikaman sa yo varye. | Gen kèk medikaman ki mande pou gen otorizasyon anplis de yon preskripsyon. | Si yo refize yon medikaman ki mande pou gen otorizasyon, yo p ap kouvri medikaman an   |
| <b>LABORATWA AK RADYOGRAFI</b>    | Prelèvman san                                                                                                                                                       | \$0                                                                                                                     | Rekòmandasyon obligatwa                                                    | San limit                                                                              |
|                                   | Radyografi                                                                                                                                                          | \$0                                                                                                                     | Rekòmandasyon obligatwa                                                    | San limit                                                                              |
|                                   | Eskanè CT                                                                                                                                                           | \$0                                                                                                                     | Otorizasyon obligatwa                                                      | San limit                                                                              |
|                                   | Imaj pa Rezonans Mayetik (IRM yo)                                                                                                                                   | \$0                                                                                                                     | Otorizasyon obligatwa                                                      | San limit                                                                              |
| <b>VAKSINASYON/ PIKI</b>          | Vaksen                                                                                                                                                              | \$0 pou vaksen ki rekòmande yo                                                                                          | Pa Obligatwa                                                               | Jan sa Rekòmande                                                                       |
| <b>SWEN PANDAN GWOSÈS</b>         | Vizit avan akouchman avèk pwofesyonèl swen sante w la                                                                                                               | \$0                                                                                                                     | Pa Obligatwa                                                               | San limit                                                                              |
|                                   | Swen apre akouchman (swen ou resevwa apre w fin fè tibebe w la)                                                                                                     | \$0                                                                                                                     | Pa Obligatwa                                                               | San limit                                                                              |
|                                   | Sèvis woutin pou vizyon                                                                                                                                             | \$0                                                                                                                     | Pa Obligatwa                                                               | Disponib pou fanm ki ansent ak timoun ki gen laj 20 lane ak sila ki gen pi piti laj yo |
|                                   | Èd pou alètman matènèl, ki gen ladan l ponp lèt tete                                                                                                                | \$0                                                                                                                     | Pa Obligatwa                                                               | Kontakte Trillium pou jwenn plis detay                                                 |

| AVANTAJ                                                          |                                                                                                | DEPANS OU | EGZIJANS POU OTORIZASYON PREYALAB | LIMIT NAN SWEN LÈ YON FOUNISÈ TRILLIUM RESEVWA L                                                                                                                                                                                                                                                          |
|------------------------------------------------------------------|------------------------------------------------------------------------------------------------|-----------|-----------------------------------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>TRANCHE AK AKOUCHMAN</b>                                      | Pwogram pou swen avan akouchman nou an kapab ede manm ki ansent yo prepare akouchman tibebe yo | \$0       | Pa obligatwa                      | Tanpri, fè Trillium ansanm ak Otorite Sante Oregon lan konnen ou ansent ak lè gwosès ou a te tèmine. W ap gen pou aplike pou OHP pou pitit ou a. Trillium pa peye pou akouchman ki fèt nan kay yo men OHA peye pou yo. Tanpri, kontakte Sèvis Kliyan OHP yo pou enfòm sou opsyon pou akouchman nan kay yo |
| <b>SEJOU NAN LOPITAL</b>                                         | Ka Ijans yo                                                                                    | \$0       | Pa obligatwa                      | Okenn limit lè sa nesesè sou plan medikal                                                                                                                                                                                                                                                                 |
|                                                                  | Chiriji ki pwograme ki genyen ladan sèvis anbilatwa entèn ak ekstèn                            | \$0       | Otorizasyon obligatwa             | Okenn limit lè sa nesesè sou plan medikal                                                                                                                                                                                                                                                                 |
|                                                                  | Reyadaptasyon                                                                                  | \$0       | Otorizasyon obligatwa             | Okenn limit lè sa nesesè sou plan medikal                                                                                                                                                                                                                                                                 |
|                                                                  | Sèvis Entèn nan Lopital                                                                        | \$0       | Ijan oswa an Ijans, pa obligatwa  | Okenn limit lè sa nesesè sou plan medikal                                                                                                                                                                                                                                                                 |
|                                                                  | Swen abilitasyon entèn                                                                         | \$0       | Otorizasyon nesesè                | Apwobasyon selon machaswiv OHP yo, Rele Trillium pou yo ba w detay                                                                                                                                                                                                                                        |
|                                                                  | Sèvis Ekstèn nan Lopital                                                                       | \$0       | Otorizasyon nesesè                | Apwobasyon selon machaswiv OHP yo, Rele Trillium pou yo ba w detay                                                                                                                                                                                                                                        |
| <b>VIZIT DIJANS, SWEN IJAN, OSWA LÒT BEZWEN POU SÈVIS DIJANS</b> | Vizit nan sal dijans ak swen an ijans                                                          | \$0       | Pa obligatwa                      | Okenn limit lè sa nesesè sou plan medikal                                                                                                                                                                                                                                                                 |
|                                                                  | Transpò medikal dijans                                                                         | \$0       | Pa obligatwa                      | Apwobasyon selon direktiv OHP. Rele Trillium pou yo ba w detay                                                                                                                                                                                                                                            |
|                                                                  | Sèvis Swen Ijan                                                                                | \$0       | Pa obligatwa                      | Apwobasyon selon machaswiv OHP yo, Rele Trillium pou yo ba w detay                                                                                                                                                                                                                                        |

| AVANTAJ           |                                  | DEPANS OU | EGZIJANS POU OTORIZASYON PREYALAB | LIMIT NAN SWEN LÈ YON FOUNISÈ TRILLIUM RESEVWA L                                       |
|-------------------|----------------------------------|-----------|-----------------------------------|----------------------------------------------------------------------------------------|
| TERAPI            | Terapi fizik (PT)                | \$0       | Otorizasyon obligatwa             | Apwobasyon selon direktiv OHP. Rele Trillium pou yo ba w detay                         |
|                   | Ègoterapi (travay chak jou) (OT) | \$0       | Otorizasyon obligatwa             | Apwobasyon selon direktiv OHP. Rele Trillium pou yo ba w detay                         |
|                   | Terapi lapawòl (ST)              | \$0       | Otorizasyon obligatwa             | Apwobasyon selon direktiv OHP. Rele Trillium pou yo ba w detay                         |
| VIZYON            | Egzamen pou zye                  | \$0       | Rekòmandasyon obligatwa           | Disponib pou fanm ki ansent ak timoun ki gen laj 20 lane ak sila ki gen pi piti laj yo |
|                   | Linèt                            | \$0       | Rekòmandasyon obligatwa           | Disponib pou fanm ki ansent ak timoun ki gen laj 20 lane ak sila ki gen pi piti laj yo |
|                   | Egzamen medikal pou zye          | \$0       | Rekòmandasyon obligatwa           | Kantite vizit selon apwobasyon plan an                                                 |
| SÈVIS ESPESYALIZE | Ekipman ak founiti medikal       | \$0       | Otorizasyon obligatwa             | Apwobasyon selon direktiv OHP. Rele Trillium pou yo ba w detay                         |
|                   | Aparèy oditif ak egzamen         | \$0       | Otorizasyon obligatwa             | Apwobasyon selon direktiv OHP. Rele Trillium pou yo ba w detay                         |
|                   | Sante adomisil                   | \$0       | Otorizasyon obligatwa             | Apwobasyon selon direktiv OHP. Rele Trillium pou yo ba w detay                         |
|                   | Etablisman swen ki kalifye       | \$0       | Otorizasyon obligatwa             | Apwobasyon selon direktiv OHP. Rele Trillium pou yo ba w detay                         |
|                   | Sèvis swen konfò                 | \$0       | Pa obligatwa                      | Apwobasyon selon direktiv OHP. Rele Trillium pou yo ba w detay                         |
|                   | Kiwopraktè                       | \$0       | Otorizasyon obligatwa             | Apwobasyon selon direktiv OHP. Rele Trillium pou yo ba w detay                         |
|                   | Akiponkti                        | \$0       | Otorizasyon obligatwa             | Apwobasyon selon direktiv OHP. Rele Trillium pou yo ba w detay                         |



| AVANTAJ                   |                                                                                                                                                                                                              | DEPANS OU | EGZIJANS POU OTORIZASYON PREYALAB                                                                                                                       | LIMIT NAN SWEN LÈ YON FOUNISÈ TRILLIUM RESEVWA L               |
|---------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-----------|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|----------------------------------------------------------------|
|                           | Travayè Sante Tradisyonèl ki Sètifye<br>- Doula<br>- Espesyalis pou Sipò ant Kamarad*<br>- Espesyalis Byennèt pou Kamarad yo*<br>- Navigatè Sante Pèsonèl<br>- Travayè Sante Kominotè<br>*Sante Konpòtmantal | \$0       | Kontakte Espesyalis pou Sipò ant Kanmarad (Sante Konpòtmantal) Trillium nan avèk yon òganizasyon oswa yon moun ki ka ede w avèk bezwen patikilye ou yo. | San limit                                                      |
|                           | Sèvis Transpò Medikal ki pa Ijan (NEMT) yo                                                                                                                                                                   | \$0       | Pa obligatwa                                                                                                                                            | Kontakte Trillium pou jwenn plis detay                         |
|                           | Sèvis Telesante yo                                                                                                                                                                                           | \$0       | Pa obligatwa                                                                                                                                            | Apwobasyon selon direktiv OHP. Rele Trillium pou yo ba w detay |
|                           | Sèvis Entèprèt                                                                                                                                                                                               | \$0       | Pa obligatwa                                                                                                                                            | Kontakte Trillium pou jwenn plis detay                         |
| <b>SANTE KONPÒTMANTAL</b> | Tretman ak Asistans Medikaman pou Twoub Itilizasyon Sibstans (Dwòg ak Alkòl)                                                                                                                                 | \$0       | Pa obligatwa                                                                                                                                            | Otorizasyon davans obligatwa apre 30 jou premye jou yo         |
|                           | Sèvis Global (Wrapround)                                                                                                                                                                                     | \$0       | Pa obligatwa                                                                                                                                            | San Limit                                                      |
|                           | Sèvis pou sante konpòtmantal pou Pasyan ki Pa Entène                                                                                                                                                         | \$0       | Pa obligatwa                                                                                                                                            | Otorizasyon davans obligatwa apre 30 jou premye jou yo         |
|                           | Sèvis pou Pasyan ki Entène ak Sèvis Sikyatrik                                                                                                                                                                | \$0       | Otorizasyon nesesè                                                                                                                                      | Egzije otorizasyon                                             |
|                           | Egzamen Newolojik (nè ak sistèm nève) ansanm ak Egzamen Espesyal                                                                                                                                             | \$0       | Otorizasyon nesesè                                                                                                                                      | Egzije otorizasyon                                             |
|                           | Sèvis Tretman Kominotè Asètif                                                                                                                                                                                | \$0       | Pa obligatwa                                                                                                                                            | San Limit                                                      |

| AVANTAJ             |                                                                                 | DEPANS<br>OU | EGZIJANS POU<br>OTORIZASYON<br>PREYALAB | LIMIT NAN SWEN<br>LÈ YON FOUNISÈ TRILLIUM<br>RESEVWA L               |
|---------------------|---------------------------------------------------------------------------------|--------------|-----------------------------------------|----------------------------------------------------------------------|
|                     | Evalyasyon Sante<br>Konpòtmantal                                                | \$0          | Pa obligatwa                            | San Limit                                                            |
|                     | Analiz Konpòtmantal<br>Aplike                                                   | \$0          | Otorizasyon nesesè                      | Egzije otorizasyon                                                   |
| <b>KOWÒDINASYON</b> | Sèvis Kowòdinasyon<br>Swen                                                      | \$0          | Pa obligatwa                            | Apwobasyon selon direktiv<br>OHP. Rele Trillium pou yo ba<br>w detay |
|                     | Sèvis Jesyon Ka                                                                 | \$0          | Pa obligatwa                            | Apwobasyon selon direktiv<br>OHP. Rele Trillium pou yo ba<br>w detay |
|                     | Sèvis Kowòdinasyon<br>Swen Entansif<br>(Intensive Care<br>Coordination, ICC) yo | \$0          | Otorizasyon nesesè                      | Egzije otorizasyon                                                   |

## Sèvis planin familyal ak pou evite gwasès

Sèvis planin yo ansanm ak sèvis ki lye yo disponib pou fanm, gason ak adolesan. Ou pa bezwen jwenn yon rekòmandasyon nan men PCP w la pou jwenn sèvis planin familyal ak sèvis ki lye yo. Ou kapab resevwa sèvis sa yo nan men nenpòt pwofesyonèl swen sante ki gen kontra avèk Otorite Sante Oregon lan epi ki lisansye pou bay sèvis sa yo. Sèvis planin familyal ansanm ak sèvis ki lye yo ki pa mande yon rekòmandasyon yo se:

- Vizit pou planin familyal (egzamen fizik ak fòmasyon sou fason pou evite gwasès);
- Founiti pou fè planin, pa egzant konprime pou evite gwasès ak kapòt;
- Sèvis esterilizasyon (ligati twonp ak vazektomi);
- Tès Pap;
- Egzamen pandan gwasès; ak
- Depistaj pou maladi moun transmèt nan fè sèks (MST yo) ansanm ak enfeksyon moun transmèt nan fè sèks (IST yo).

Pou jwenn enfòmasyon sou avòtman, tès pou SIDA ak VIH, ak konsèy, rele nimewo gratis Sèvis Kliyan OHP yo nan 1-800-273-0557 (TTY 711).

## E si mwen ansent?

Swen pandan ou ansent enpòtan anpil. Swen avan akouchman an enpòtan ni pou sante w ni pou sante tibebe w la.

### TRILLIUM KOUVRI:

- Swen avan akouchman (swen ou resevwa avan w fè tibebe w la);
- Tranche ak Akouchman;
- Swen apre akouchman (swen ou resevwa apre w fin fè tibebe w la); ak,
- Swen pou tibebe w la ki fèk fèt la.

Touswit ou konnen ou ansent, rele Sèvis Manm OHP yo. Sèvis Manm OHP yo pral asire yo ou pa pèdi avantaj OHP ou yo pandan ou ansent lan.

Trillium gen yon pwogram pou gwasès. Touswit DHS fè nou konnen ou ansent, n ap kontakte w pou n kapab enskri w nan pwogram sa a.

Manm ekip Start Smart for Baby Trillium yo pral kontakte w pandan peryòd gwasès ou a pou asire yo ou resevwa swen ou bezwen an. Ekip nou an pral voye enfòmasyon ba ou tou sou lòt èd ou kapab petèt jwenn.

## Akouchman ki fèt Andeyò Lopital la:

Si w ta renmen fè yon akouchman andeyò lopital la (lakay ou oswa nan yon sant pou akouchman), w ap jwenn sèvis sa yo disponib atravè OHP. Sèvis sa yo gen ladan yo swen avan ak apre akouchman pou fanm ki gen gwasès ak fèb risk.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri, travay ansanm avèk pwofesyonèl swen sante w la. Ou ta dwe rele tou Ekip Kowòdinasyon Swen KEPRO a nan 1-800-562-4620. Si w bezwen èd pou kowòdinasyon oswa transpò, rele Trillium nan 1-877-600-5472.

### ENPÒTAN: Pi vit ke posib ou apre w fin fè tibebe w la:

- Rele Sèvis Manm OHP yo. Y ap enskri tibebe w la nan OHP.
- Si w te resevwa tout swen medikal ou yo nan men yon obstetrisyen oswa yon pwofesyonèl pou swen avan akouchman pandan peryòd gwasès ou a, ou dwe chwazi yon PCP kounye a. Rele Trillium pou jwenn èd sou kijan pou chwazi yon PCP.
- Manm ekip Start Smart for Baby yo ap rele w pou yo konn kòman ou ye epi y ap ba ou sipò adisyonèl apre akouchman, epitou y ap ede w planifye vizit pou swen apre akouchman w lan.

### OU KAPAB JWENN SÈVIS SANTE KONPÒTMANTAL YO NAN PWOGRAM POU PASYAN KI PA ENTÈNE AK PWOGRAM KOMINOTÈ KI VINI APRE YO:

- Sèvis tretman: terapi endividyèl, terapi an gwoup (alafwa siko-terapetik ak siko-edikatif), terapi familyal
- Sèvis Tretman pou abi sibstans
- Siveyans Sikyatrik ak Siveyans Medikal
- Fòmasyon pwofesyonèl
- Pwomosyon pou sante
- Sèvis repi
- Sèvis pwofesyonèl
- Jesyon ka

- Swen Pèsonèl
- Sipò ant Kanmarad
- Rezidansyèl
- Lojman Akonpanye
- Transpò (trajè)
- Sèvis pou Kriz

## Èske mwen ka jwenn egzamen zye ak linèt?

### MANM YO (DEPI NESANS JISKA LAJ 20 LANE) GEN AVANTAJ SA YO:

- Egzamen pou zye, lantiy, monti ak ajisteman (pafwa yo rele l sèvis woutin pou vizyon).
- Egzamen medikal pou maladi zye, blesi nan zye ak ka ijans (pafwa yo rele sèvis ki pa woutin pou vizyon).
- OHP pral peye pou lantiy kontak yo lè ou pa ka mete linèt yo pou rezon medikal. Sèvis ki pa woutin pou vizyon yo kapab mande pou gen yon otorizasyon alavans pou konsilte yon espesyalis.

### MANM ADILT KI ANSENT YO (KI GEN LAJ 21 LANE AK SILA KI GEN PLIS LAJ YO) GEN AVANTAJ SA YO:

- Yon egzamen pou zye, lantiy, monti ak ajisteman ki fèt sèlman chak 24 mwa (yo rele l pafwa sèvis woutin pou vizyon).
- Egzamen medikal pou maladi zye, blesi nan zye ak ka ijans (pafwa yo rele sèvis ki pa woutin pou vizyon).
- OHP ap peye pou lantiy kontak yo sèlman pou kèk kondisyon.
- Ranplasman linèt pa yon avantaj ki kouvri pou adilt yo san otorizasyon davans. Sèvis ki pa woutin pou vizyon yo mande pou gen yon rekòmandasyon pou konsilte yon espesyalis.

### ADILT KI PA ANSENT YO (KI GEN LAJ 21 LANE AK SILA KI GEN PLIS LAJ YO) GEN AVANTAJ SA YO:

- Egzamen medikal pou maladi zye, blesi nan zye ak ka ijans (pafwa yo rele sèvis ki pa woutin pou vizyon).
- Yon egzamen pou zye ki fèt sèlman yon fwa chak 2 zan (24 mwa) apre yo fin retire katarak oswa transplantasyon kòne.

- Lantiy, monti, ansanm ak ajisteman kouvri sèlman nan lespas 120 jou apre yo fin retire katarak la.
- OHP ap peye pou lantiy kontak yo sèlman pou kèk kondisyon.
- Sèvis ki pa woutin pou vizyon yo mande pou gen yon rekòmandasyon pou konsilte yon espesyalis.

## Kijan m kapab jwenn medikaman sou preskripsyon mwen yo?

Trillium kouvri medikaman yo nan pifò famasi nan Oregon. Ale avèk preskripsyon doktè a te ba w la nan yon famasi k ap bon pou ou. Si w bezwen ranpli yon preskripsyon andeyò eta Oregon, ni famasi a ni moun ki bay preskripsyon an dwe anrejistre nan Eta Oregon. Si se pou yon ka ijans, rele Trillium pou mande yon eksepsyon. Se sèlman nan kèk ka Trillium pral apwouve yon ranplisaj andeyò zòn lan. Si w peye pou medikaman w yo, ou ka soumèt yon demann pou ranbousman. Se sèlman nan kèk ka Trillium pral kapab ranbouse ou.

Trillium gen yon fòmilè, yon lis medikaman ki apwouve, pou medikaman sou preskripsyon Trillium kouvri yo. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou medikaman sou preskripsyon ki kouvri yo ak pwosedi jesyon famasi yo nan [www.trilliumohp.com](http://www.trilliumohp.com). Yo itilize medikaman ki nan lis la paske yo efikas pou trete pwoblèm sante w la epi y ap koute w mwens lajan. Trillium gendwa ajoute oswa retire medikaman oswa modifye egzijans pwoteksyon pou medikaman yo. Si n ap retire yon medikaman nan lis la oswa mete restriksyon sou yon medikaman w ap pran, n ap fè w konn sa davans. Si doktè ou an òdone medikaman pou ou ki pa sou lis Trillium nan, epi doktè ou an voye yon demann bay Trillium pou resewa medikaman ki kouvri a, nou pral konsidere demann ou an. Nou pral fè w konnen si demann ou an apwouve oswa si li pa apwouve. Kontakte moun ki bay preskripsyon an oswa PCP w la pou diskite sou chwa w yo.

## Kilès nan medikaman yo ki pa kouvri?

- Medikaman FDA pa apwouve pou yo itilize yo;
- Medikaman ki pa nesesè pou rezon medikal;
- Medikaman pou eksperyans oswa rechèch;
- Medikaman pou ede w tonbe ansent;
- Medikaman ki sèvi pou ede pèdi pwa;
- Medikaman kosmestik oswa pou fè cheve pouse.

Trillium peye pou kèk medikaman san preskripsyon (OTC) ki nan lis nou an, pa egzanp, aspirin, si doktè w la ba ou yon preskripsyon pou medikaman an. Gade fòmilè a nan <https://www.trilliumohp.com/members/oregon-health-plan/Benefits-and-Services.html> pou wè ki medikaman OTC ki kouvri yo.

Nou pa kouvri tout preskripsyon. Se Otorite Sante Oregon (Oregon Health Authority, OHA) ki dirèkteman peye pou pifò medikaman moun pran pou sante mantal yo. Tanpri, prezante kat idantifikasyon Sante Oregon ou an ansanm ak kat idantifikasyon Trillium ou an bay famasyon w lan. Famasi a ap konnen bay kiyès pou l voye fakti a.

## Ki kote mwen kapab jwenn medikaman m yo?

Ou ka itilize nenpòt famasi ou chwazi k ap aksepte kat idantifikasyon Medikal Trillium nan. Pare w pou prezante kat idantifikasyon Sante Oregon ou an. Trillium fè antant avèk pifò famasi ki nan rejyon Clackamas, Multnomah, ak Konte Washington.

Ou kapab jwenn preskripsyon w yo nan yon famasi ki fè livrezon pa lapòs. Sèvis Preskripsyon Postal ak Famasi Kòmann pa Lapòs CVS Caremark bay sèvis livrezon pa lapòs. Si ou genyen entènèt ou ka chèche enfòmasyon sou livrezon pa lapòs nan: <https://www.trilliumohp.com/members/oregon-health-plan/Benefits-and-Services.html>. Si ou pa genyen entènèt, ou ka rele Sèvis Manm Trillium yo.

## Lòt Restriksyon sou Pwoteksyon Medikaman

Kèk medikaman nan lis la gen egzijans sou pwoteksyon oswa limit siplemantè ki ka gen ladan yo:

- Itilizasyon medikaman jenerik, lè sa disponib
- Apwobasyon davans Trillium bay
- Terapi pa etap – pandan y ap eseye diferan medikaman ki koute mwens kòb dabò
- Limit sou kantite

Desizyon Trillium pou apwobasyon davans ak eksepsyon nan lis medikaman yo baze sèlman sou swen ak pwoteksyon ki apwopriye. Anpwalye Trillium yo pa jwenn rekonpans poutèt yo refize demann yo epi yo pa itilize ensitasyon finansyè ki bay rekonpans poutèt yo refize sèvis yo.

Trillium ka apwouve jiska twa renouvèlman tranzisyon nan medikaman ki pa mansyone nan lis la pou manm

ki t ap pran medikaman an avan yo te vin manm Trillium oswa apre yo egzeyate yo nan yon lopital oswa etablisman swen enfimye. Ou menm oswa doktè w la kapab kontakte Trillium pou mande èd pou pwoteksyon yon medikaman tranzisyon.

## E si mwen gen Medicare?

Enfòmasyon sa yo se pou manm fanmi w ki gen pwoteksyon Medicare ak pwoteksyon Plan Sante Oregon an (OHP). Avantaj medikaman yo a rele Medicare Pati D. Medicare egzije kopeman pou pwoteksyon medikaman Pati D a. Pifò plan ki bay yon avantaj pou medikaman yo ap mande pou peye yon kopeman. Trillium pral kontinye peye pou tout sèvis sante ki kouvri yo.

## Asistans pou Medikaman sou Preskripsyon-Pwogram Oregon Pou Medikaman sou Preskripsyon

Pwogram Oregon pou Medikaman sou Preskripsyon yo kapab ede diminye sou pri preskripsyon pakè avantaj OHP w la pa kouvri yo. Pwogram sa disponib pou tout moun Oregon. Pou enskri pa telefòn, rele 1-800-913-4284 oswa vizite sit entènèt Oregon Prescription Drug nan: [www.oregon.gov/OHA/pharmacy/OPDP/pages/applicationpage.aspx#What\\_is\\_OPDP](http://www.oregon.gov/OHA/pharmacy/OPDP/pages/applicationpage.aspx#What_is_OPDP)

## Pwogram Asistans pou Pasyan (PAP)

Ou kapab resevwa yon medikaman ki pa kouvri gratis nan men konpayi ki fabrike l la. Ale sou sitwèb konpayi ki fabrike medikaman sou preskripsyon w lan pou jwenn enfòmasyon sou PAP yo a.

## Kit Pou Tès Covid-19 Yo Se Yon Avantaj Gras ak Famasi Lokal ou a

### Kòman mwen ka jwenn yon tès COVID-19 lakay mwen gratis?

Ou ka jwenn yon tès COVID-19 gratis an vant lib (OTC), FDA apwouve, ak otorizasyon pou itilizasyon dijans (EUA) lakay, si w ale nan yon nan famasi an detay nan rezo Plan Sante Trillium Community yo. Yo p ap mande yon preskripsyon pou kit tès la.



## ENPÒTAN: Jwenn tè la nan famasi a oumenm.

### Pa pran tè la epi peye pou sa nan rejis nòmal

**magazen an.** Si ou peye pou tè la nan rejis nòmal la, lè sa, ou pral prezante yon fomilè reklamasyon preskripsyon pou jwenn ranbousman.

### Èske gen tè famasi a pa kouvri?

Kit tè COVID ki pa kouvri yo genyen ladan:

- Kit yo dwe voye nan yon laboratwa (kit koleksyon)
- Kit ki pa endike tankou “OTC”
- Kit COVID ki soti andeyò Ozetazini

### Mwen achte yon tè COVID-19 lakay mwenmenm, èske yo pral ranbouse m?

Wi. Si ou te achte yon tè OTC, FDA apwouve, EUA lakay pou COVID-19, nenpòt kote ki andeyò famasi ki nan rezo nou an (pa egzans, Amazon, boutik, famasi, elatriye), yo pral ranbouse w pou pri kit tè la (jiska \$12 pou chak tè) nan fason konsa:

- Achte yon tè pou lakay ki nan lis EUA ki otorize pa FDA a.
- Ou ka jwenn lis EUA ki apwouve pa FDA a sou sit entènèt nou an nan <https://www.trilliumohp.com/coronavirus-disease--covid-19-.html>, oswa kontakte Sèvis Manm yo.
- Tes ki disponib san yon preskripsyon yo pral genyen ladan “OTC” (pou tè lakay san preskripsyon yo) nan kolòn Atribi a.

- Ranpli epi soumèt yon fòm Demann Ranbousman Preskripsyon ki separe pou chak manm:

- Pou jwenn yon konsèy rapid sou fason pou soumèt yon demann, vizite sit entènèt nou an nan <https://www.trilliumohp.com/coronavirus-disease--covid-19-.html>, oswa kontakte Sèvis Manm yo.

Si ou te achte yon tè ki apwouve pa FDA/EUA a, ki òdone pa yon medsen anvan dat 15 Janvyè 2022, Trillium Community Health Plan pral ranbouse w lè ou remèt fomilè lan selon sa ou te peye a.

### Èske Trillium Community Health Plan limite kantite tè yon manm ka resevwa gratis?

Wi. Trillium Community Health Plan pral kouvri jiska 8 tè OTC ki apwouve pa FDA a, tè COVID-19 lakay ki achte san preskripsyon pou chak manm ki kouvri nan yon peryòd 30 jou san òdonans PCP a oswa san otorizasyon alavans. Tè san limit yo pral kouvri avèk yon òdonans de yon founisè swen sante ki lisansye. Sa swiv konsèy federal la ki te pibliye nan dat 10 Janvyè 2022 a.

### Kilès mwen ta dwe kontakte si mwen genyen nenpòt kesyon?

Si ou genyen nenpòt kesyon konsènan tè COVID-19 adomisil yo oswa sou fason pou soumèt yon demann pou ranbousman, rele Sèvis Manm yo nan 1-877-600-5472; TTY: 711.

# IJANS MEDIKAL AK SÈVIS POU SWEN IJAN

## Kisa yon ijans medikal ye?

Yon ijans se yon blesi grav oswa maladi britsoukou, ansanm ak gwo doulè ou panse ki ka lakoz lanmò oswa gwo domaj nan kò w si w pa jwenn èd imedyatman. Sa enkli pitit ki nan vant ou an tou si w ansent. Ijans ak Swen Ijan kouvri tout tan, 24 sou vennkat, sèt jou sou sèt. Ou ka ale nan nenpòt lopital, oswa lòt etablisman, nenpòt kote nan peyi Etazini, pou yon ka ijans.

Si w panse w gen yon vrè ijans, rele 911 oswa ale nan Sal Dijans (ER) ki nan lopital ki pi pre a. Ou pa bezwen otorizasyon pou resevwa swen lè w gen yon ka ijans.

## YON IJANS KAPAB:

- doulè nan pwatrin;
- difikilte pou respire;
- anpwazònman;
- emoraji ki pa kanpe;
- zo kase; oswa,
- yon ijans sante mantal.

## Sèvis anbilans

Sèvis anbilans yo kouvri nan ka ijans.

## Kijan m kapab jwenn swen apre yon ijans?

Swen ijans lan kouvri pou jiskaske w vin estab. Rele PCP w la pou swen swivi. Yo kouvri swen swivi yo touswit ou fin estab men yo pa konsidere yo kòm yon ijans.

Swen apre w fin estab se swen ou resevwa apre yon ijans ak apre eta sante w fin estab. Si w ap resevwa swen ijans nan yon lopital ki pa nan rezo a epi si w bezwen swen apre eta sante w fin estab:

- Ou dwe retounen nan yon lopital ki nan rezo a pou yo kapab kouvri swen w, oubyen
- Ou dwe jwenn apwobasyon davans pou kapab kouvri swen w.

## Kijan m kapab jwenn swen ijan?

Gen yon moun ki pral kapab ede w lajounen kou lannwit, menm nan wikenn ak jou konje. Si w pa rive jwenn biwo PCP w la pou yon pwoblèm ijan oswa yo pa kapab konsilte w rapid, ou kapab ale nan swen ijan san w pa pran yon randevou. Pwoblèm ijan yo se pwoblèm tankou enfeksyon ki grav, antòs ak gwo doulè. Si w bezwen yon entèprèt, tanpri, fè klinik la konn sa.

Menm si w poko konsilte PCP w la, rele li dabò si w panse pwoblèm sante w la ijan. Non PCP w la sou kat idantifikasyon Trillium ou an. Ou kapab fè rechèch pou jwenn pwofesyonèl pou Swen Ijan yo nan <https://providersearch.trilliumhealthplan.com/>

## Kote yo Bay Swen Ijan yo

### AFC Urgent Care

397 Warner Milne Road, Oregon City, OR 97045  
503-305-6262

### Eagleton Providers PC

17437 Boones Ferry Road, Suite 100  
Lake Oswego, OR 97035  
413-887-6030

### Urgent Care Oregon, LLC

861 W Main Street, Molalla, OR 97038  
503-873-8686

### Uptown Providers PC

7033 NE Sandy Boulevard, Portland, OR 97213  
503-306-6262

### Uptown Providers PC

25 NW 23rd Place, Suite 11, Portland, OR 97210  
503-766-2215

### Uptown Providers PC

14284 SW Allen Boulevard, Beaverton, OR 97005  
503-305-6262

## E si mwen pa nan vil oswa eta a epi m bezwen jwenn tretman?

Pandan Trillium kouvri manm yo toupatou nan peyi Etazini an, manm yo dwe konnen kisa ki ka rive si y ap vwayaje andeyò Oregon epi yo vin gen yon ijans. Menm si Trillium apwouve yon vizit nan sal dijans nan yon lòt eta, sa pa vle di tout pwofesyonèl ki ba w swen pandan ijans lan vle faktire Trillium. Sa vle di ou kapab resevwa yon fakti pou sèvis sa yo. Pa inyore fakti nan men moun ki te ba w tretman nan lopital la. Si w gen lòt fakti, CCO a pral ede w rezoud pwoblèm nan.

### YON KA IJANS KAPAB SE:

- doulè nan pwatrin;
- difikilte pou respire;
- anpwazònman;
- emoraji ki pa kanpe;
- zo kase; oswa,
- yon ijans sante mantal.

Tanpri, pa itilize Sal Dijans (ER) lan pou pwoblèm sante yo ka trete nan biwo swen ijan an. Pwoblèm ijan yo se pwoblèm tankou enfeksyon ki grav, antòs ak gwo doulè.

### ETAP POU SWIV SI SA POSIB PANDAN YON VIZIT NAN SAL DIJANS ANDEYÒ ETA A:

- Asire w ou mache avèk kat idantifikasyon Trillium ou an lè w ap vwayaje andeyò eta a;
- Prezante kat ou a pi vit ke posib epi mande si yo vle faktire Trillium (Medicaid);
- Kontakte Trillium pou diskite sou sitiyasyon an epi mande konsèy sou kisa pou fè;
- Pa siyen okenn dokiman toutotan w pa konnen si pwofesyonèl swen sante a vle faktire Trillium (Medicaid);
- Si tout fwa sa posib, fè Trillium pale ak biwo pwofesyonèl swen sante a pandan w nan biwo a;

Nan ka ijans yo etap ki mansyone anwo yo pa toujou posib. Poutan, lè w prepare ak konn ki etap ou dwe swiv pandan yon ijans, sa kapab rezoud pwoblèm faktirasyon yo pandan

w toujou nan biwo pwofesyonèl swen sante a nan eta a. Swiv etap sa yo kapab ede w evite lòt estrès ki genyen nan resevwa fakti pou sèvis Trillium p ap kouvri yo, sepandan pwofesyonèl swen sante a p ap faktire CCO a.

## Kisa pou m fè si m resevwa yon fakti?

Tanpri, pa inyore fakti medikal yo – rele nou imedyatman. Anpil pwofesyonèl swen sante voye fakti ki pa peye bay ajans rekouvremant yo epi yo gendwa menm pouswiv yo lajistis pou yo touche. Li vin pi difisil toujou pou rezoud pwoblèm lan lè sa rive.

Touswit ou resevwa yon fakti pou yon sèvis ou te resevwa pandan w te nan OHP, ou dwe:

- Rele Manm Sèvis Kliyan Trillium nan imedyatman epi fè konnen yon pwofesyonèl swen sante faktire w pou yon sèvis OHP. N ap ede w regle fakti a. Pa tann ou resevwa plis fakti.
- Si sa aplikab, ou kapab fè yon kontestasyon lè w voye yon lèt bay Trillium ki di ou pa dakò avèk fakti

a paske ou te nan OHP nan lè w t ap resevwa sèvis la. Konsève yon kopi lèt la nan dosye w.

- Fè swivi pou asire w nou te peye fakti a.
- Si w resevwa dokiman tribinal, rele nou imedyatman. Ou ka rele tou yon avoka oswa Liy pou Avantaj Piblik (Public Benefits Hotline) la nan 800-520-5292 pou jwenn èd ak konsèy jiridik. Gen lwa pou pwoteksyon konsomatè ki kapab ede w lè yo faktire w ilegalman pandan w nan OHP. Gen lwa pou pwoteksyon konsomatè ki kapab ede w lè yo faktire w ilegalman pandan w nan OHP.

Si pou kèk rezon Trillium pa peye pou sèvis ou resevwa yo, ou kapab konteste desizyon sa a oswa mande nou revize l. Gade seksyon "Plent (Doleys) ak Apèl" la pou jwenn plis enfòmasyon.

**OHP kouvri swen dijans ak swen ijan nenpòt kote Ozatazini, men pa andeyò Etazini. Sa vle di ke OHP p ap peye pou okenn swen ou resevwa Omeksik oswa Kanada.**

# AVANTAJ AK SÈVIS POU SWEN DAN OU YO

## Kisa sèvis dantè yo ye?

Sèvis dantè yo fè pati avantaj ou yo. Fè egzamen dantè regilye pou swen prevansyon enpòtan pou sante jeneral ou epi sa ka ede w prevni maladi dantè. Si w bezwen èd pou sèvis pou swen dan w yo, rele Trillium. Nou la pou n ede w resevwa swen ou bezwen an.

Manm Trillium yo ka chwazi nenpòt nan plan pou swen dan sa yo:

- **Advantage Dental Services oswa**
- **Capitol Dental Care oswa**
- **Oregon Dental Service.**

## Kilès nan plan dantè yo mwen genyen?

W ap jwenn atribisyon pou plan dantè w lan oswa Òganizasyon pou Swen Dantè (Dental Care Organization, DCO) sou Kat Idantifikasyon Manm Trillium ou an, ke w ap resevwa pa lapòs la



### Medical-Dental-Behavioral Health

**Name:** <John Smith>

**Oregon Health Plan#:** <123456789101112>

**PCP Start Date:** <12/05/2016>

**Doctor (PCP):** <Dr. Jane Doe>

**RX:** Envolv Rx

**RXPCN:** MCAIDADV

**DCO:** <DCO Name>

**DCO Phone:** <(555) 555-1234>

**Mental Health Crisis Hotline:**

Multnomah Co.: 503-988-4888 | 800-716-9769

Washington Co.: 503-291-9111 | Clackamas Co.: 503-655-8585

**RXBIN:** 004336

**RXGRP:** RX5481

Tanpri, montre alafwa Kat Idantifikasyon Manm Trillium ou ansanm ak Idantifikasyon Sante Oregon ou chak fwa ou al wè dantis. Si w pèdi Kat Idantifikasyon Manm ou an, tanpri, fè demann pou jwenn yon lòt lè w rele Sèvis Manm yo nan 1-877-600-5472, TTY 711.

## Kijan pou m chwazi yon plan pou swen dan?

Si yo pa deziyen plan pou swen dan pou ou oswa ou ta renmen chanje plan pou swen dan w lan, tanpri, kontakte Sèvis Manm yo nan 1-877-600-5472, TTY 711.

## Kijan mwen kapab itilize avantaj pou swen dan m yo?

Lè yo deziyen yon plan pou swen dan pou ou, ou dwe chwazi yon klinik oswa biwo pou swen dan kòm Dantis Swen Jeneral (PCD) ou. PCD w la pral travay ansanm avèk ou pou l reponn ak bezwen pou swen dan w yo. Rele PCD w la avan w chache jwenn tout swen dantè.

## Kijan pou m chwazi yon Dantis Swen Jeneral (PCD)?

Ou gen dwa chwazi yon Dantis Swen Jeneral (PCD) nan Trillium Jwenn yon Dantis sou sit entènèt nou an.

<https://www.trilliumohp.com/members/oregon-health-plan/for-members/benefit-information.html.html>

Oubyen, ou kapab rele biwo PCD ou an epi y ap ede planifye premye randevou w la avèk yon PCD.

### Advantage Dental Services

Sèvis Kliyantèl

San frè 1-866-268-9631 TTY 711

### Capitol Dental Care

1-503-585-5205 oswa nimewo gratis

1-800-525-6800 TTY 1-800-735-2900

### Oregon Dental Service

1-503-243-2987 oswa san frè 1-800-342-0526

TTY 1-503-243-3958 oswa 1-800-466-6313

## Kòman m kapab pran yon randevou avèk Dantis Swen Jeneral mwen an?

- Rele PCD w la nan lè fonksyonman biwo. Ou kapab jwenn nimewo telefòn lan nan anyè pwofesyonèl swen sante ki nan plan w lan oswa lè w rele Sèvis Manm yo.
- Fè konnen ou se yon manm Trillium ak rezon ki fè w vle konsilte yon dantis.
- Tanpri, mache ak Kat Idantifikasyon Manm Trillium ou ak Idantifikasyon Sante Oregon ou a nan randevou a.

- Si w bezwen sèvis nan langaj siy oswa yon entèprèt nan randevou w la, asire w ou fè anplwaye klinik yo konnen sa lè ou pran randevou a.

## Pou kowòdone swen dantè ou, Dantis Swen Jeneral ou a pral:

- Konsève dosye swen dantè ou yo yon sèl kote pou ba w pi bon sèvis;
- Ba w aksè pou swen dantè ijan ak ijans 24 sou vennkat, 7 jou sou sèt;
- Reprezante premye moun pou kontakte lè w bezwen swen dantè; epi
- Fè aranjman pou swen dantè espesyalize, si w bezwen sa.

## Èske m ka jwenn yon trajè pou m al nan randevou m lan?

Si w bezwen èd sou kijan pou ale nan randevou w yo, tanpri, rele nimewo gratis MTM la nan 877-583-1552 (TTY: 711). Nou kapab ede w si w pa gen okenn mwayen pou al kay doktè, dantis oswa konseye w la. Ou kapab jwenn èd pou peye trajè yo.

## Kòman m kapab chanje Dantis Swen Jeneral mwen an?

Ou ka chanje PCD w la de fwa chak ane. Pou chwazi yon nouvo PCD, itilize anyè pwofesyonèl swen sante ki nan plan pou swen dan ou.

## E si m panse m dwe konsilte yon espesyalis oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante?

Si w panse w dwe konsilte yon espesyalis oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante, pran yon randevou avèk PCD w la dabò. PCD w la pral deside ki sèvis ak tès ki ka nesèsè pou ou. Si w dwe konsilte yon espesyalis oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante, PCD w la pral refere w ba yo. Yo fè rekòmandasyon yo sou baz ka pa ka lè PCD w la panse sa nesèsè. Plan pou swen dan w lan dwe apwouve rekòmandasyon an avan ou ale nan yon randevou kay yon espesyalis oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante.

**Enpòtan:** Lè w ale kay yon espesyalis san w pa jwenn rekòmandasyon nan men PCD w la, sa ka lakoz fakti w la pa peye. Sa ka vle di si w siyen yon egzansyon, w ap gen pou peye fakti a

# KI AVANTAJ DANTÈ MWEN GENYEN?

## Rezime Avantaj ak Sèvis yo

| AVANTAJ YO                                                                                     |                                                                                                                                                                                                                         | FANM ANSENT<br>AK MANM<br>KI GEN MWENS PASE<br>21 LANE | TOUT LÒT<br>ADILT |
|------------------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------|-------------------|
| <b>SÈVIS DIJANS</b>                                                                            | Estabilizasyon Ijans<br>(anndan oswa andeyò zòn sèvis ou a)<br>Egzanp: <ul style="list-style-type: none"> <li>Gwo doulè oswa enfeksyon</li> <li>Emoraji oswa anfleman</li> <li>Blesi nan dan oswa nan jansiv</li> </ul> | X                                                      | X                 |
| <b>SÈVIS PREVANTIF</b>                                                                         | Egzamen                                                                                                                                                                                                                 | X                                                      | X                 |
|                                                                                                | Netwayaj                                                                                                                                                                                                                | X                                                      | X                 |
|                                                                                                | Tretman avèk fliyori                                                                                                                                                                                                    | X                                                      | X                 |
|                                                                                                | Selan                                                                                                                                                                                                                   | X                                                      | Pa kouvri         |
|                                                                                                | Plonbaj                                                                                                                                                                                                                 | X                                                      | X                 |
|                                                                                                | Fo dan pasyèl                                                                                                                                                                                                           | X                                                      | Limite            |
|                                                                                                | Fo dan konplè                                                                                                                                                                                                           | Limite                                                 | Limite            |
|                                                                                                | Kouwòn                                                                                                                                                                                                                  | Limite                                                 | Pa kouvri         |
| <b>CHIRIJI NAN BOUCH<br/>AK ANDODONTI</b>                                                      |                                                                                                                                                                                                                         |                                                        |                   |
|                                                                                                | Rache dan                                                                                                                                                                                                               | X                                                      | X                 |
|                                                                                                | Terapi kanal radikilè                                                                                                                                                                                                   | X                                                      | Limite            |
| *Yo ka egziye otorizasyon davans pou avantaj yo epi yo ka limite kantite fwa ou ka itilize yo. |                                                                                                                                                                                                                         |                                                        |                   |



# IJANS DANTÈ & SÈVIS POU SWEN DANTÈ KI IJAN

## Kisa yon ijans dantè ye?

Swen pou ijans dantè disponib 24 sou vennkat, 7 jou sou sèt. Yon ijans se yon pwoblèm grav ki mande pou jwenn swen imedyà. Li kapab yon blesi oswa yon pwoblèm sante britsoukou ki grav. Kèk egzanp sitiyasyon ijans se:

- Enfeksyon ki grav;
- Absè ki grav (yon absè se yon zanpoud ou gen sou tisi jansiv ou);
- Gwo doulè nan dan (doulè ki pa kalme lè ou pran medikaman san preskripsyon pou doulè yo); ak,
- Yon dan ki rache.

Rele 911 si ou kwè ou gen yon ijans. Rele 911 tou si ou bezwen yon sèvis anbilans, ki kouvri nan ka ijans yo.

Ou ka resevwa tou sèvis swen apre estabilizasyon pou amelyore kondisyon ou. Pou plis enfòmasyon sou lopital yo ak sèvis dijans yo ak sèvis swen apre estabilizasyon, gade “kòman pou jwenn yon doktè oswa yon founisè swen?”

## Kisa yon sèvis pou swen dantè ki ijan ye?

Swen dantè ijan se yon swen dantè ki mande pou fè yon tretman rapid men pa yon tretman imedyà. Kèk egzanp sitiyasyon ijan se:

- Yon mal dan;
- Jansiv ki anfle; ak,
- Yon plonbaj ki pèdi.

Sèvis pou swen dan yo ka mande pou jwenn apwobasyon davans nan plan pou swen dan w lan, men sèvis ijans oswa sèvis pou swen dan ki ijan yo pa mande pou gen apwobasyon davans.

## E si m pa nan vil la epi gen yon ijans oswa mwen bezwen jwenn swen ijan?

Si w ap vwayaje andeyò zòn sèvis Trillium nan epi w vin gen yon ijans, premye bagay pou fè se kontakte PCD w la (menm enstriksyon ak sa ki anwo yo). Ou ka chèche swen nan nenpòt lopital Ozetazini pou swen dijans. Si w dwe resevwa swen dantè an ijans andeyò zòn nan, mande dantis la pou l voye yon fakti ki detaye ansanm ak nòt dosye ki dekri ijans dantè w la bay plan pou swen dan w lan.

## Kijan m kapab jwenn swen apre yon ijans?

Apre w fin konsilte yon dantis pou yon ijans dantè, tanpri, rele PCD w la pou fè aranjman pou lòt swen si sa nesèsè.

# AVANTAJ POU SANTE MANTAL AK DEPANDANS NAN PWODUI CHIMIK

---

## Kisa sèvis sante mantal yo ye?

Sèvis sante mantal yo disponib pou tout moun ki bezwen èd pou pwoblèm depresyon, anksyete, pwoblèm famiyal, konpòtman difisil oswa lòt pwoblèm sante mantal ki rann li difisil pou viv lavi w jan w vle a. OHP kouvri anpil sèvis ki kapab ede ou.

Sèvis pou timoun ak adilt yo kapab gen ladan yo, terapi endividyèl, terapi famiyal, terapi an gwoup, jesyon medikaman, jesyon ka oswa devlopman konpetans. Ou kapab rankontre ak yon terapeit ki ka rekòmande ki sèvis ki ka ede ou. Nou toujou kontan pale avè w pou n kapab ede ou jwenn èd ou bezwen an.

Nou ka ba ou oswa pwòch ou k ap chèche swen yo sèvis jesyon ka yo.

Enpòtan: Ou pa bezwen yon rekòmandasyon pou resevwa sèvis nan men yon pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a. Tanpri, gade Anyè Pwofesyonèl Swen Sante Trillium lan pou jwenn yon lis ki gen pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a.

## Sèvis sante mantal pou adilt

Adilt yo kapab chwazi divès kalite sèvis ki itil pou pwoblèm sante mantal yo nan men anpil pwofesyonèl swen sante nou genyen k ap bay sèvis yo. Swen Kominote Asètif la oswa modèl tretman ACT a ede moun ki te entènè lopital anba maladi mantal ki grav epi ki gen plis risk pou sante agrave epi pou gen yon kriz.

Ekip ACT yo angaje yo pou kenbe moun yo nan kominote yo kote yo kapab amelyore kalite vi yo atravè yon ekip divès ki gen yon seri pwofesyonèl ki sousye, aksè pou opòtinite anplwa ki itil, ansanm ak jesyon ka.

## Sèvis sante mantal pou timoun

Yo sèvi timoun ki gen pwoblèm sante mantal nan divès fason. Terapi pou pasyan ki pa entènè nan ajans yo, nan kay, ansanm ak nan lekòl pou fasilite yon jèn moun ansanm ak fanmi l jwenn aksè ak sèvis terapi a.

Pafwa, timoun/jèn moun gen gwo pwoblèm sante mantal epi yo twouve yo nan lit pou yo reyisi lakay yo, nan lekòl, ak nan lòt anviwònman. Gen divès kalite sèvis ak sipò ki disponib pou timoun/jèn ansanm ak fanmi yo toudepan bezwen espesifik yo genyen. Sèvis sa yo ka gen ladan yo sèvis jeneral pou pasyan ki pa entènè, Sèvis Entansif pou Pasyan ki Pa Entènè ansanm ak Pwogram Sipò, pwogram konplè oswa Kowòdinasyon Swen Entansif. Si w bezwen èd sou kijan pou konnen ki sèvis ki pi apwopriye pou ou, rele nou pou nou kapab ede w.

# KÒMAN MWEN KAPAB ITILIZE AVANTAJ POU SANTE MANTAL AK DEPANDANS SOU PWODUI CHIMIK MWEN AN?

---

## Kòman mwen kapab jwenn tretman pou depandans sou pwodui chimik (alkòl oswa dwòg)?

Pwoblèm alkòl ak dwòg difisil pou moun lan ak pou tout fanmi li. Si w panse w gen yon pwoblèm, mande èd. Anyè Pwofesyonèl Swen Sante Trillium lan mansyone yon seri pwofesyonèl ki bay tretman pou depandans sou pwodui chimik ou kapab rele. Ou kapab rele Trillium tou pou mande èd.

Si w gen bezwen pou swen sante mantal, ou dwe pwograme yon randevou avèk pwofesyonèl swen sante w la imedyatman.

**Si w bezwen sèvis sante mantal imedyatman**, ou kapab rele nenpòt pwofesyonèl swen sante yo mansyone nan Anyè Pwofesyonèl Swen Sante Trillium nan, oubyen rele Trillium menm.

## Kijan mwen kapab jwenn yon pwofesyonèl sante mantal?

Gen kèk pwofesyonèl swen sante Trillium ki pa aksepte nouvo pasyan. Si w bezwen èd sou kijan pou jwenn yon pwofesyonèl swen sante ki aksepte nouvo pasyan oswa yon pwofesyonèl swen sante ki pale yon lòt lang ki pa Anglè, rele Trillium. Pou swen woutin nan lopital ou dwe chwazi yon lopital ki mansyone nan Anyè Pwofesyonèl Swen Sante Trillium nan.

Si w gen entènèt ou kapab fè rechèch pou jwenn yon pwofesyonèl swen sante oswa enprime anyè pwofesyonèl swen sante a nan: <http://providersearch.trilliumhealthplan.com>.

### RELE TRILLIUM SI:

- Ou bezwen èd sou kijan pou jwenn yon pwofesyonèl sante mantal oswa w bezwen yon pwofesyonèl swen sante ki pale yon lòt lang ki pa Anglè.
- Ou vle konsilte yon pwofesyonèl sante mantal ki pa nan Anyè Pwofesyonèl Swen Sante Trillium lan. Fòk ou jwenn apwobasyon nan men Trillium dabò. Kalite apwobasyon sa pou ka espesyal sèlman.
- Ou bezwen chanje pwofesyonèl sante mantal ou a.
- Ou bezwen èd pou kowòdinasyon sèvis sante konpòtmantal ki pa kouvri yo.

## E si mwen bezwen èd sou kijan pou chwazi yon pwofesyonèl sante mantal?

Manm Trillium yo dwe chwazi pwofesyonèl sante mantal ki konsilte yo. Si w bezwen èd sou kijan pou chwazi yon pwofesyonèl sante mantal, rele Trillium. Si w te konsilte yon pwofesyonèl sante mantal yo pa mansyone nan Anyè Pwofesyonèl Swen Sante Trillium nan oswa ou chanje pou pran yon lòt pwofesyonèl sante mantal, rele Trillium.

## Kòman m kapab pran yon randevou avèk pwofesyonèl sante mantal mwen an?

Pou kòmanse, ou kapab rele nenpòt pwofesyonèl swen sante yo mansyone nan Anyè Pwofesyonèl Swen Sante Trillium nan, oubyen rele Trillium pou l ede w chwazi yon pwofesyonèl swen sante. Touswit ou fin chwazi yon pwofesyonèl sante mantal, ou kapab pran yon randevou pou konsilte li imedyatman. Si w pa kapab rive nan yon randevou, rele pwofesyonèl sante mantal ou pi vit ke posib. Si w rate randevou w san w pa enfòmè pwofesyonèl sante mantal ou a ki rezon ki fè sa a, yo ka mande w pou chwazi yon nouvo pwofesyonèl sante mantal.

## Sèvis Sante Konpòtmantal ki Pa Kouvri

Gen kèk sèvis sante konpòtmantal Trillium Community Health Plan lan pa peye, men OHP peye pou yo. Si w bezwen èd pou kowòdone sèvis sa yo, pa egzanp, swen sikyatrik alontèm, tanpri, rele Sèvis Manm Trillium yo. Mande pou pale avèk yon kowòdonatè swen.

### KÈK EGZANP SÈVIS OHP KOUVRI EPI TRILLIUM PA BAY YO SE:

- Kèk medikaman pou yon seri pwoblèm sante konpòtmantal
- Ranbousman pou fwaye terapeetik an gwoup pou manm ki gen pi piti pase laj 21 lane

- Swen sikyatrik alontèm pou manm ki gen laj 18 lane ak sila ki gen plis laj yo
- Swen pèsònèl nan mezon akèy pou adilt pou manm ki gen laj 18 lane ak sila ki plis laj yo

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou jwenn yon lis konplè, rele Sèvis Manm Trillium yo nan 1-877-600-5472.

## Kijan m kapab jwenn medikaman sou preskripsyon mwen yo?

Trillium kouvri medikaman yo nan pifò famasi nan Oregon. Ale avèk preskripsyon doktè a te ba w la nan yon famasi k ap bon pou ou. Si w bezwen ranpli yon preskripsyon andeyò eta Oregon, ni famasi a ni moun ki bay preskripsyon an dwe anrejistre nan Eta Oregon. Si se pou yon ka ijans, rele Trillium pou mande yon eksepsyon. Se sèlman nan kèk ka Trillium pral apwouve yon ranplisaj andeyò zòn lan. Si w peye pou medikaman w yo, ou ka soumèt yon demann pou ranbousman. Se sèlman nan kèk ka Trillium pral kapab ranbouse ou.

Rele dotkè w la oswa Trillium pou yo ede w avèk medikaman ki pa nan fòmilè oswa medikaman sou preskripsyon w yo.

Nou pa kouvri tout preskripsyon. **Se Otorite Sante Oregon (Oregon Health Authority, OHA) lan ki dirèkteman peye pou pifò medikaman moun pran pou maladi mantal yo. Tanpri, prezante kat identifikasyon Sante Oregon ou an ansanm ak kat identifikasyon Trillium ou an bay famasyen w lan. Famasi a ap konnen bay kiyès pou l voye fakti a.**

# IJANS SANTE MANTAL AK SÈVIS POU KRIZ

## Kisa yon ijans sante mantal ye?

Yon ijans sante mantal se lè w santi w pa gen kontwòl ou oswa w ap ajì nan fason ou pa kontwòl ou yon sityasyon ki fè ou men ou yon lòt moun mal. Jwenn èd imedyatman. Pa ret tann se lè w gen yon vrè danje. Rele Liy Asistans pou Kriz la, rele 911 oswa ale nan Sal Dijans (ER). Sèvis anbilans yo kouvri nan yon ka ijans. Ou ka jwenn aksè ak sèvis ambilans lan lè w rele 911.

- Si w ap viv nan Konte Clackamas, ou kapab rele liy asistans pou kriz Konte a 24 sou vennkat, 7 jou sou sèt, nan 503-655-8585.

- Si w ap viv nan Konte Multnomah, ou kapab rele liy asistans pou kriz Konte a 24 sou vennkat, 7 jou sou sèt, nan 503-988-4888.
- Si w ap viv nan Konte Washington, ou kapab rele liy asistans pou kriz Konte a 24 sou vennkat, 7 jou sou sèt, nan 503-291-9111.
- Rele 911 nenpòt lè si pandan ijans lan ou santi w nan sityasyon ki danje. Lapolis pral debake nan adrès ou pou ede w epi y ap kontakte pwogram pou jere kriz ki pi pre a.

Si moun ki nan sitiyaasyon kriz la se yon jèn, ki gen pi piti pase laj 18 lane, ou kapab rele Liy Asistans pou Kriz pou Jèn yo nan 541-689-3111, TTY 711, rele 911, oubyen ale nan Sal Dijans (ER). Sèvis mobil pou kriz yo disponib 24 sou vennkat, 7 jou sou sèt, nan men Pwofesyonèl Sante Mantal ki Kalifye (Qualified Mental Health Professional, QMHP). Y ap founi yon repons terapetik fas ak fas QMHP la bay si yo endike sa sou plan klinik selon apèl pou kriz la.

Sèvis mobil pou kriz ak liy asistans telefonik gen entansyon pou ankouraje estabilite nan yon anviwònman kominotè olye arestasyon, prezantasyon nan yon Depatman Dijans, oswa admisyon nan yon etablisman swen aktif. Si w ap resevwa Tretman Sante Konpòtmantal entansif lakay, sèvis repons pou kriz yo disponib 24 sou vennkat.

Yon ijans se yon blesi grav oswa maladi britsoukou, ansanm ak gwo doulè ou panse ki ka lakoz lanmò oswa gwo domaj nan kò w si w pa jwenn èd imedyatman. Sa enkli pitit ki nan vant ou an tou si w ansent. Swen ijans yo kouvri 24 sou vennkat, sèt jou sou sèt. Ou ka ale nan nenpòt lopital, nenpòt kote pou yon ka ijans. Pou plis enfòmasyon sou kote pou jwenn aksè ak sèvis dijans yo ak sèvis swen apre estabilizasyon, gade “kòman pou jwenn yon doktè oswa yon founisè swen?”

## E si m pa nan vil la epi gen yon ijans?

Si w gen yon ijans sante mantal epi w pa kapab retounen nan konte Clackamas, konte Multnomah, oswa nan konte Washington pou resevwa tretman, ou ka ale nan sal dijans nan lopital ki pi pre a. Vizit ou nan sal dijans lan ap kouvri toutotan ou Ozetazini. Pa itilize sal dijans pou swen ki pa ijans.

## Kijan m kapab jwenn swen apre yon ijans?

Swen ijans lan kouvri pou jiskaske w vin estab. Rele PCP w la oswa pwofesyonèl sante mantal ou a pou fè swivi swen. Yo kouvri swen swivi yo touswit ou fin estab men yo pa konsidere yo kòm yon ijans.

## Èske m ka jwenn yon trajè pou m al nan randevou m lan?

Si w bezwen èd sou kijan pou ale nan randevou w yo, tanpri, rele nimewo gratis MTM lan nan 541-682-5566 oswa 877 nan 711. Nou kapab ede w si w pa gen okenn mwayen pou al kay doktè, dantis oswa konseye w la. Ou kapab jwenn èd pou peye trajè yo.

# PLENT (DOLEYANS) AK KONTESTASYON

## Kòman mwen kapab depoze yon plent oswa doleyans?

Si w pa satisfè ditou avèk Trillium, sèvis swen sante w yo, oswa pwofesyonèl swen sante w la, ou kapab depoze yon plent oswa yon doleyans nenpòt ki lè pou tout pwoblèm ki pa yon refi. N ap eseye aranje bagay yo. Annik rele Sèvis Manm yo nan 1-877-600-5472, TTY: 711 oswa voye yon lèt nan adrès sa a: Trillium Community Health Plan, 555 International Way, Building B, Springfield, Oregon 97477.

Ou kapab rele tou Inite Sèvis Kliyan Plan Sante Oregon nan 1-800-273-0557 pou depoze yon plent oswa pou depoze yon doleyans. Pwofesyonèl swen sante w la oswa yon lòt moun ka depoze yon doleyans pou ou. Ou dwe ba yo otorizasyon alekri pou yo kapab fè sa a.

Nou dwe rezoud li epi n ap rele oswa ekri ou nan 5 jou ouvrab apati dat nou te resevwa plent lan.

Si nou pa kapab rezoud li nan 5 jou ouvrab, n ap voye yon lèt ba ou nan 5 jou ouvrab pou n eskplike w poukisa. Sa ka pran nou jiska 30 jou pou n trete plent ou an. Nou p ap enfòme okenn moun sou plent ou an sof si ou mande nou fè sa. Yo pral enfòme w nan lang ou prefere a si Trillium pral pran plis tan pou rezoud yon plent.

Kòm rapèl, Trillium ak pwofesyonèl swen sante w la pa ka pran desizyon kont ou poutèt ou depoze yon plent, bay kolaborasyon w nan yon investigasyon oswa poutèt ou refize dakò yon bagay ou kwè ki kont lalwa. Trillium pa gen dwa mande w pou anile yon doleyans, konstestasyon oswa odyans ou depoze.



## Si yo refize yon sèvis – kòman mwen kapab mande fè yon kontestasyon?

Si yo refize yo, redwi, oswa kanpe sèvis la, ou pral resevwa yon Avi Detèminasyon Avantaj Negatif (NOABD). Epi ou pral enfòm founisè ou an. Nan lèt la, w ap jwenn eksplikasyon sou kijan pou fè kontestasyon (mande nou pou n tounen sou desizyon nou). Ou gen dwa pou mande yo chanje atravè yon kontestasyon oswa odyans san patipri nan eta a. Ou ka mande yon kontestasyon aloral oswa alekri pa plis pase 60 jou apati dat lèt Avi Detèminasyon Avantaj Negatif la.

Si yo refize w sèvis epi ou pa te resevwa yon avi refi alekri oswa founisè swen sante ou an di w ke ou pral bezwen peye pou yon sèvis ki pa kouvri, ou ka mande pou jwenn yon avi refi. Avi refi a pral montre sèvis la pa kouvri. Yon fwa ou resevwa refi a, ou ka mande Trillium yon kontestasyon.

## Èske m kapab rele pwofesyonèl swen sante mwen pou l fè yon kontestasyon pou mwen?

Si yo te refize w yon seri sèvis, pwofesyonèl swen sante w yo gen otorizasyon pou yo depoze yon kontestasyon nan non ou. Nou pral bezwen ba yo otorizasyon alekri oswa vèbal pou yo kapab fè sa a.

## Kijan pou Konteste yon Desizyon

Nan ka yon kontestasyon, se yon lòt pwofesyonèl swen sante nan Trillium ki pral revize ka w la. Mande nou pou fè yon kontestasyon lè ou:

- Rele Sèvis Manm yo nan 1-877-600-5472, TTY: 711; epi mande yon kontestasyon aloral;
- Ekri nou yon lèt; oswa,
- Ranpli yon Kontestasyon ak Demann Odisyon, nimewo fòmilè OHP 3302 an. Yo te voye fòmilè sa ba ou avèk lèt ki gen Avi Aksyon an. Ou kapab rele nou tou epi mande nou fòmilè sa a.

Si w bezwen èd pou sa a, rele nou epi n ap kapab ranpli yon fòmilè kontestasyon pou ou siyen ou menm. Ou ka mande yon moun tankou yon zanmi oswa yon manadjè ka ede ou. Ou ka rele tou Liy pou Avantaj Piblik la nan 1-800-520-5292 pou jwenn èd ak konsèy jiridik. W ap

resevwa yon **Rezolisyon pou Avi Aksyon (NOAR)** nan men nou nan 16 jou pou n fè w konnen si revizè a dakò oswa pa dakò ak desizyon nou an. Si nou bezwen plis tan pou n fè revizyon an, n ap voye yon lèt ba ou pou n fè w konnen poukisa nou bezwen jiska 14 jou anplis. Nou ka mande plis tan tou (jiska 14 jou). Si Trillium pa rive respekte egzijans avi a ak kalandriye a pou nòm oswa pwosesis kontestasyon pwolonje a, yo jije ke ou te epize pwosesis kontestasyon an epi ou kapab kòmanse yon Odyans San Patipri Eta a. Trillium pral sèlman mande plis tan nan pwosesis doleyans oswa nan pwosesis kontestasyon an si li nan pi bon enterè manm nan pou fè sa.

Pandan w ap ret tann kontestasyon w lan, ou kapab kontinye resevwa yon sèvis ki gentan kòmanse avan premye desizyon nou pou n kanpe li. Ou dwe mande nou kontinye sèvis la nan 10 jou apre w fin resevwa Avi Aksyon ki te kanpe l la. Si w kontinye sèvis la epi egzaminatè a dakò ak premye desizyon an, ou ka gen pou peye pou depans sèvis ou te resevwa yo apre dat ki anvigè nan premye Avi Aksyon an.

Si w bezwen èd pou fòmilè pou kontestasyon yo, rele Sèvis Manm Trillium oswa kontakte:

### Legal Aid Services in Oregon,

Portland Regional Office

520 SW Sixth Avenue, Suite 700

Portland, OR 97204

503-224-4086 oswa 1-800-228-6958 (gratis)

## E si m bezwen fè yon kontestasyon rapid (akselere)?

Si ou menm ak pwofesyonèl swen sante w la panse ou gen yon pwoblèm swen sante ijan kote ou pa ka tann pou fè yon kontestasyon regilye, fè nou konnen si w bezwen fè yon kontestasyon rapid (akselere). Nou pwopoze w ajoute yon deklarasyon pwofesyonèl swen sante w la bay oswa mande li pou l rele nou pou l eksplike poukisa li ijan. N ap rele w epi n ap ekri w nan yon jou ouvrab pou n fè w konnen nou resevwa demann pou kontestasyon akselere w la. Si nou dakò pwoblèm nan ijan, n ap rele w pou n fè w konnen desizyon nou nan 72 èdtan. Si nou bezwen plis tan pou n fè revizyon an, n ap voye yon lèt ba ou pou n fè w konnen poukisa nou bezwen jiska 14 jou anplis. Ou ka mande tou yon pwolonjman jiska 14 jou. Nan lespas 32 jou travay, Trillium pral voye yon lèt alekri ba ou pa lapòs ki deklare desizyon an epi pral enfòm oumenm oswa founisè ou an pa telefòn si yo refize demann akselere a.

## Si yo refize kontestasyon m nan, kijan m kapab jwenn yon entèprèt?

Apre yon kontestasyon, ou kapab mande fè yon odyans san patipri nan eta a avèk yon Jij Administratif nan Oregon. W ap gen 120 jou apati dat Rezolisyon Avi Kontestasyon (NOAR) w lan pou mande eta a fè yon odyans. Nan lèt NOAR ou a, w ap jwenn yon fòmilè ou kapab voye. Ou kapab mande nou voye yon fòmilè Kontestasyon ak Odyans ba ou, oubyen rele Sèvis Kliyan OHP yo nan 800-273-0557, TTY 711, epi mande fòmilè nimewo 3302 an.

Nan odyans lan, ou kapab fè jij la konnen poukisa ou pa dakò ak desizyon nou ak poukisa yo ta dwe kouvri sèvis la. Ou pa bezwen yon avoka, men ou ka fè youn oswa yon lòt moun, tankou doktè w la, avèk ou. Si w anboche yon avoka, ou dwe peye frè li yo. Ou kapab mande Liy pou Avantaj Piblik la (yon pwogram nan Sèvis Asistans Jiridik nan Oregon ak Sant Jiridik Oregon) nan **1-800-520-5292**, TTY 711, pou jwenn konsèy ak reprezantasyon ki posib. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou asistans jiridik gratis tou nan [www.oregonlawhelp.org](http://www.oregonlawhelp.org).

Sa souvan pran plis ke 30 jou pou yo prepare yon odyans. Pandan w ap ret tann odyans ou an, ou kapab kontinye resevwa sèvis ki gentan kòmanse yo avan premye desizyon nou pou n kanpe l. Ou dwe mande nou kontinye sèvis la pa pita pase 10 jou apre dat NOAR la. Si w kontinye sèvis la epi jij la dakò ak premye desizyon an, ou ka gen pou peye pou depans sèvis ou te resevwa yo apre dat ki anvigè nan premye NOAR la.

## E si mwen bezwen yon odyans rapid (akselere)?

Si ou menm ak pwofesyonèl swen sante w la panse ou gen yon pwoblèm sante ijan kote ou pa ka tann yon pwosesis odyans regilye, fè konnen ou bezwen yon odyans rapid (akselere) epi voye fòmilè Kontestasyon ak Demann Odyans lan bay Inite Odyans OHP an. Nou pwopoze w ajoute yon deklarasyon pwofesyonèl swen sante w la bay ki eksplike poukisa li ijan. Ou ta dwe jwenn yon desizyon nan 3 jou ouvrab. Nimewo faks Inite Odyans lan se 1-503-945-6035.

Si yo refize demann ou an pou yon odyans ki rapid, nou fè efò ki rezonab pou bay manm nan epi mande avi oral ki rapid de founisè a konsènan refi a epi fè swivi nan lespas de jou avèk yon avi alekri.

## Èske y ap kanpe sèvis mwen yo?

Si w ap resevwa sèvis OHP yo aktyèlman epi ou vle pou sèvis sa yo kontinye jiskaske yo rezoud odyans ou an, ou ka mande pou yo kontinye avantaj yo nan 10 jou ouvrab apre w fin resevwa lèt ki gen Avi Aksyon an. Si desizyon yo pran nan odyans lan pa an favè w, ou ka gen pou peye pou sèvis kontini ou te resevwa pandan w t ap tann desizyon an. Yo konsève an sekirite pou ou tout enfòmasyon sou manm yo ki itilize pandan pwosesis Plent, Kontestasyon ak Odyans Administratif la. Ou kapab rele Sèvis Manm yo nan 1-877-600-5472 oswa TTY nan 711.

## Kisa pou m fè si m resevwa yon fakti?

Menm si w pa gen pou peye pou sa a, tanpri PA INYORE FAKTI MEDIKAL YO - rele nou imedyatman. Anpil pwofesyonèl swen sante voye fakti ki pa peye bay ajans rekouvremant yo epi yo menm pouswiv yo lajistis pou yo touche. Li vin pi difisil toujou pou rezoud pwoblèm lan lè sa rive.

### TOUSWIT OU RESEVWA YON FAKTI POU YON SÈVIS OU TE RESEVWA PANDAN W TE NAN OHP, OU DWE:

1. Rele pwofesyonèl swen sante a, fè li konnen ou te nan OHP, epi mande li pou l faktire Trillium.
2. Rele Sèvis Manm nou yo nan 1-877-600-5472 oswa TTY nan 711 imedyatman epi fè konnen yon pwofesyonèl swen sante faktire w pou yon sèvis OHP. N ap ede w regle fakti a. Pa tann ou resevwa plis fakti.
3. Ou kapab fè yon kontestasyon lè w voye yon lèt bay pwofesyonèl swen sante w la e ban nou tou ki di ou pa dakò avèk fakti a paske ou te nan OHP nan lè w t ap resevwa sèvis la. Konsève yon kopi lèt la nan dosye w.
4. Fè swivi pou asire w nou te peye fakti a.
5. Si w resevwa dokiman tribinal ki gen rapò ak yon fakti, rele nou imedyatman. Ou ka rele tou yon avoka oswa Liy pou Avantaj Piblik la nan 1-800-520-5292 pou jwenn èd ak konsèy jiridik. Gen lwa pou pwoteksyon konsomatè ki kapab ede w lè yo faktire w ilegalman pandan w nan OHP.

Si w resevwa yon fakti pou sèvis swen sante yo epi w pa sèten si w ta dwe peye pou yo, rele Sèvis Manm yo nan **1-877-600-5472** oswa TTY nan 711 imedyatman.

Pafwa, pwofesyonèl swen sante w la pa byen ranpli dokiman yo epi yo p ap touche pou rezon sa. Sa pa vle di se ou ki gen pou peye. Si w te gentan resevwa sèvis la epi nou refize peye pwofesyonèl swen sante w la, malgre sa pwofesyonèl swen sante w la pa ka faktire w. Ou ka resevwa yon avi nan men nou ki di nou p ap peye pou sèvis la. Avi sa pa vle di se ou ki gen pou peye. Pwofesyonèl swen sante w la ta dwe anile frè yo. Si nou menm oswa pwofesyonèl swen sante w la fè ou konnen OHP pa kouvri sèvis la, ou toujou gen dwa pou konteste desizyon sa lè w mande fè yon kontestasyon ak yon odyans.

## Responsablite pou frè

Manm Trillium yo pa ta dwe peye pou sèvis swen sante yo. Okenn founisè kontraktiyèl oswa ajan, aflye oswa benefisyè founisè kontraktiyèl la pa ka:

- faktire yon manm
- voye fakti yon manm bay yon ajans koleksyon
- mentni aksyon sivil kont yon manm pou kolekte nenpòt kantite li dwe Trillium ke manm nan pa responsab pou bay founisè kontraktiyèl la

Si w resevwa yon fakti, rele Sèvis Manm nan

### Manm OHP yo p ap peye pou sèvis ki kouvri yo.

Pwofesyonèl swen sante w la kapab voye yon fakti ba ou sèlman si tout enfòmasyon ki vini apre yo se verite:

- **Sèvis medikal la se yon sèvis plan OHP w la pa kouvri;**
  - Avan ou te resevwa sèvis la, ou te siyen Akò pou Peman ki valab, nimewo fòmilè OHP 3165 - Akò Kliyan OHP pou Peman an pou Sèvis Sante (ki rele tou yon egzansyon);
  - Fòmilè a te mansyone estimasyon pri pou sèvis la;
  - Fòmilè a te endike OHP pa kouvri sèvis la; epi,
  - Fòmilè a te endike ou dakò pou peye fakti a pou kont ou.
- **Sèvis famasi a se yon sèvis plan OHP w la pa kouvri;**
  - Avan ou resevwa medikaman an, y ap mande w pou siyen yon Akò pou Peman ki valab, nimewo fòmilè OHP 3166 - Akò Kliyan OHP pou Peman pou Sèvis Famasi (ki rele tou yon renonsasyon);
  - Fòmilè a pral mansyone depans medikaman an;
  - Fòmilè a pral endike OHP pa kouvri sèvis la; epi, Fòmilè a pral di ke ou dakò pou peye fakti a poukont ou.

## Kilè m ap gen pou peye pou sèvis swen sante yo nan OHP?

- Ou ka gen pou peye pou sèvis OHP pa kouvri yo si w konsilte yon pwofesyonèl swen sante ki pa pran OHP oswa ki pa fè pati rezo pwofesyonèl swen sante nou an. Avan w resevwa swen medikal oswa avan w ale nan yon famasi, asire w yo nan rezo pwofesyonèl swen sante nou an.
- W ap gen pou peye pou sèvis yo si w pa t elijib pou OHP lè w te resevwa sèvis yo.
- Oumenm, oswa yon reprezantan responsab finansye, pral oblije peye pou sèvis ki pa kouvri pa OHP a:
  - Si ou siyen yon akò detaye pou peye pou sèvis la anvan ou resevwa l.
  - Akò a gen ladan l yon lis ki gen tout sèvis yo ansanm ak konbyen kòb yo koute.
  - Sa genyen ladan sèvis ki refize selon otorizasyon preyalab la.
- Akò pou Peye a valid sèlman si sèvis la pwograme nan lespas 30 jou oswa aprè oudenm oswa reprezantan ou an fin siyen l.
- Faktirasyon Balans, ki se pratik pou faktire diferans ant kantite founisè a faktire a ak kantite asirans ou an peye a, p ap aplike nan okenn moman.

### Mwen te entènè lopital epi plan m lan te peye pou sa a, men kounye a m ap resevwa fakti nan men lòt pwofesyonèl swen sante yo. Kisa mwen kapab fè?

Lè ou ale nan lopital oswa sal dijans lan, sa ka rive se yon pwofesyonèl swen sante ki p ap travay pou lopital la ki ba w swen. Pa egzanp, doktè ki nan sal dijans yo ka gen pwòp pratik pa yo pandan y ap bay sèvis nan sal dijans lan. Yo ka voye yon fakti apa ba ou. Si w fè chiriji nan yon lopital, ap gen yon fakti apa pou lopital la, chirijyen an, e menm pou laboratwa a, radyològ la, ansanm ak anestezyolojis la. Poutèt Trillium te annik peye lopital la sa pa vle di Trillium te peye lòt pwofesyonèl swen sante yo. Pa inyore fakti nan men moun ki te ba w tretman nan lopital la. Si w resevwa lòt sèvis yo, rele chak pwofesyonèl swen sante epi mande li pou l faktire Trillium. Ou ta dwe swiv etap 1-5 ki nan seksyon “Kisa pou m fè si m resevwa yon fakti?”.

# KÒMAN POU M PATAJE DESIZYON SOU FEN LAVI M YO?

## Desizyon pou fen lavi ak Direktiv Alavans (Testaman Lavi)

Yon Direktiv Alavans se yon fòmilè legal ki pèmèt ou:

1. Pataje valè ou yo, kwayans ou yo, objektif ak souwè ou yo pou swen sante si ou pa anmezi pou eksprime yo poukont ou.
2. Idantifye yon moun pou pran desizyon pou swen sante ou yo si ou pa ta ka pran desizyon yo poukont ou. Moun sa a rele reprezantan swen sante ou epi li dwe dakò pou aji nan wòl sa a.

Kèk founisè kapab pa swiv Direktiv Alavans yo. Mande pwofesyonèl swen sante w yo si y ap swiv pa w yo. Adilt ki gen laj 18 lane ak sila ki gen plis laj yo ka pran desizyon sou pwòp swen yo, e yo ka chwazi refize tretman tou. Sa ka rive yon lè ou tonbe malad byen grav oswa w blese nan yon nivo kote w pa ka fè pwofesyonèl swen sante w la konnen si w vle oswa si w pa vle yon tretman patikilye. Si w ekri yon Direktiv Alavans, ki rele tou yon Testaman Biyolojik, pwofesyonèl swen sante yo kapab swiv enstriksyon w yo. Si w pa gen yon Direktiv Alavans, pwofesyonèl swen sante w yo ka mande fanmi w kisa pou yo fè. Si fanmi w pa kapab oswa p ap deside, pwofesyonèl swen sante w yo ba ou tretman medikal ki estanda pou pwoblèm sante w la.

Si w pa vle kèk kalite tretman patikilye tankou aparèy respiratwa oswa tib alimantasyon, ou ka ekri sa nan yon Direktiv Alavans. Sa pèmèt ou deside swen w avan ou bezwen kalite swen sa a - sizoka ou pa an mezi pou dirije l pou kont ou, pa egzant si w nan koma. Si w reveye epi w konsyan, pwofesyonèl swen sante w yo pral koute kisa ou vle.

Ou kapab resewva yon fòmilè Direktiv Alavans nan pifò lopital ak nan men anpil pwofesyonèl swen sante. Epi ou ka jwenn youn sou entènèt nan <https://www.oregon.gov/oha/PH/ABOUT/Pages/AdvanceDirectiveAdoptionCommittee.aspx>

Si w ap ekri yon Direktiv Alavans, asire w ou diskite sou li avèk pwofesyonèl swen sante w yo ansanm ak fanmi w epi ba yo kopi. Yo kapab swiv enstriksyon w yo si yo

genyen yo sèlman. Si w chanje opinyon, ou kapab anile Direktiv Alavans ou an nenpòt ki lè. Pou anile Direktiv Alavans ou an, mande kopi yo epi chire yo, oubyen ekri ANILE an gwo lèt, siyen epi date yo. Pou si w gen kesyon oswa pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Desizyon sou Sante nan Oregon nan 1-503-692-0894, san frè nan 1-800-422-4805, oswa TTY nan 711.

Trillium pa pran desizyon sou pwoteksyon sou baz kwayans moral oswa relijye. Ou ka gen yon demann ke yon doktè oswa lopital patikilye pa ka swiv poutèt kwayans moral oswa relijye yo. Si sa rive, doktè oswa lopital ou a ta dwe enfòme w pou w kapab deside si ou vle yon lòt doktè oswa lopital pou pran swen ou.

Si ou panse Trillium pa te swiv egzijans direktiv alavans yo (sa ki vle di sa yon plan dwe enfòmasyon manm yo pou li konsènan kontèks Direktiv Avanse a), ou ka depoze yon plent nan OHA <https://www.oregon.gov/oha/ph/providerpartnerresources/healthcareprovidersfacilities/healthcarehealthcareregulationqualityimprovement/pages/complaint.aspx> OHA: 1-800-699-9075

### EPITOU OU KA VOYE PLENT OU AN BAY:

Health Care Regulation and Quality Improvement  
800 NE Oregon St, #465, Portland, OR 97232  
Imèl: [Mailbox.hclrc@state.or.us](mailto:Mailbox.hclrc@state.or.us)  
Faks: 971-673-0556  
Telefòn: 971-673-0540; TTY: 711

Ou kapab depoze yon plent tou nan Trillium. Ou kapab rele Sèvis Manm yo nan 1-877-600-5472, TTY: 711 oswa voye yon lèt nan adrès nou an nan: 555 International Way, Building B, Springfield, Oregon 97477.

## Deklarasyon pou tretman pou sante mantal

Oregon gen yon fòmilè kote w ka note souwè w genyen pou swen sante mantal yo si w gen yon kriz sante mantal, oswa si pou kèk rezon ou pa ka pran desizyon sou tretman pou sante mantal ou a. Fòmilè a rele Deklarasyon pou Tretman pou Sante Mantal. Ou kapab ranpli pandan



w kapab pran desizyon sou swen w. Deklarasyon pou Tretman pou Sante Mantal la endike ki kalite swen ou vle si yon jou ou pa anmezi pou eksprime souwè w yo. Se sèlman yon tribinal ak de doktè ki kapab deside si w pa kapab pran desizyon sou tretman pou sante mantal yo.

Fòmilè sa pèmèt ou fè chwa sou ki kalite swen ou vle ak sa ou pa vle. Yo ka itilize l pou deziyen yon adilt pou l pran desizyon sou swen w. Moun ou deziyen an dwe dakò pou l pale pou ou ak pou l respekte souwè w yo. Si souwè w yo pa eksprime alekri, moun sa pral deside ki sèvis ou ta ka vle.

Yon fòmilè deklarasyon valab pou sèlman twa (3) lane. Si w vin pa kapab deside pandan twa (3) ane sa yo, deklarasyon w lan pral rete valab jiskaske w pran desizyon yo ankò. Ou ka chanje oswa anile deklarasyon w lan lè w kapab fè chwa sou swen w yo. Ou dwe remèt fòmilè a bay Doktè Swen Jeneral ou a ak moun ou deziyen pou pran desizyon pou ou a.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan Deklarasyon pou Tretman Sante Mantal la ale sou sit entènèt Eta Oregon an nan: <http://cms.oregon.gov/oha/amh/forms/declaration.pdf>. Si founisè ou an pa swiv souwè ou yo ki eksprime nan Deklarasyon pou Tretman Sante Mantal la, ou ka depoze yon plent. Yon fòmilè pou sa disponib nan <https://www.oregon.gov/oha/PH/PROVIDERPARTNERRESOURCES/HEALTHCAREPROVIDERSFACILITIES/HEALTHCAREHEALTHCAREREGULATIONQUALITYIMPROVEMENT/Pages/complaint.aspx>

#### **VOYE PLENT OU AN BAY:**

Health Care Regulation and Quality Improvement  
800 NE Oregon St, #465  
Portland, OR 97232

Imèl: [Mailbox.hcls@state.or.us](mailto:Mailbox.hcls@state.or.us)

Faks: 971-673-0556

Telefòn: 971-673-0540; TTY: 711

# ÈSKE ENFÒMASYON PÈSONÈL MWEN YO PRIVE?

## **Dosye w yo prive**

Tout enfòmasyon sou pasyan yo prive. Sa gen ladan l tout enfòmasyon ki nan dosye medikal ou ak tout enfòmasyon ou ban nou, doktè w la oswa anplwaye klinik yo. Nou p ap pataje enfòmasyon sa yo san apwobasyon w sof nan yon ka ijans oswa lè règleman eta oswa federal yo otorize sa a.

Nan ka yon ijans, yo pataje sèlman enfòmasyon ki nesèsè pou ede w yo. Anplwaye eta oswa federal yo ka revize dosye w yo pou wè si nou te ba w pi bon swen nou te kapab la. Doktè w la oswa klinik la ka mande ou pou siyen pou yo divilge enfòmasyon nan premye vizit ou a oswa pita. Fòmilè a pral endike ki enfòmasyon yo dwe pataje, kiyès ki pral resevwa enfòmasyon yo, ak poukisa yo bezwen yo. Fòmilè a gen yon dat tou ki endike kilè y ap sispann pataje enfòmasyon yo.

Nou pataje dosye w sèlman pou rezon tretman, operasyon ak peman. Ou ka mete limit sou kiyès ki pou wè dosye w yo. Si gen yon moun ou pa vle wè dosye w yo, tanpri ekri nou pou fè nou konn sa a. Ou ka mande

nou ba w yon lis ki gen non tout moun nou te pataje enfòmasyon w yo avèk yo.

Yon lwa ki rele Lwa sou Pòtablite ak Responsablite sou Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability, HIPAA) pwoteje dosye medikal ou yo epi li kenbe yo prive. Yo rele sa tou konfidansyalite. Nou gen yon dokiman ki rele Avi sou Pratik Konfidansyalite ki eksplike an detay kijan nou itilize enfòmasyon pèsonèl manm nou yo. N ap voye l ba ou si w mande nou fè sa. Senpleman rele Manm Sèvis yo epi mande yo pou Avi sou Pratik Konfidansyalite nou an.

## **Fason nou revize, korije, oswa limite pataj Enfòmasyon Pwoteje sou Sante yo (PHI)?**

### **OU KA KONTAKTE TRILLIUM POU:**

- Mande gade dosye w yo oswa fè kopi yo.
- Mande met limit sou fason yo itilize oswa pataje enfòmasyon yo.



- Mande yo anile otorizasyon w lan.
- Mande korije oswa chanje dosye w yo.
- Mande yon lis ki endike lè Trillium te pataje enfòmasyon ki konsène w yo.

Ou kapab gen yon kopi dosye medikal ou yo. Pwofesyonèl swen sante w la gen pifò dosye medikal ou yo, pou w kapab mande yo ba w yon kopi. Yo ka faktire yon frè ki rezonab pou kopi yo. Ou kapab mande nou ba w yon kopi dosye nou genyen yo. Nou ka faktire w yon frè ki rezonab pou kopi yo.

Ou kapab gen yon kopi dosye sante mantal sof si pwofesyonèl swen sante w la panse sa ka lakoz gwo pwoblèm sante.

Trillium ka refize demann ou pou gade, fè kopi oswa chanje dosye w yo si pwofesyonèl swen sante w la di ou pa ta dwe wè yo. Si yo refize demann ou an, w ap resevwa yon lèt ki di w poukisa yo refize demann lan ak kijan ou kapab mande yo fè yon revizyon sou refi a.

Epitou ou pral resevwa enfòmasyon konsènan fason pou depoze yon plent avèk Trillium oswa avèk Biwo pou Dwa Sivil Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services Office for Civil Rights).

## Kòman m kapab rapòte yon plent pou vyolasyon konfidansyalite oswa yon pwoblèm sou konfidansyalite?

Ou ka kontakte Trillium oswa Sèvis Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services), Biwo pou Dwa Sivil (Office for Civil Rights) la, si w vle depoze yon plent pou vyolasyon vi prive oswa pou rapòte yon pwoblèm sou fason Trillium te itilize oswa pataje enfòmasyon ki konsène w yo. Plent ou depoze yo p ap afekte avantaj ou yo. Trillium pa kapab vanje kont ou poutèt ou te depoze yon plent, bay kolaborasyon w nan yon investigasyon oswa poutèt ou refize dakò ak yon bagay ou kwè ki ilegal.

### OU KAPAB SOUMÈT YON PLENT SOU VI PRIVE PA LAPÒS:

Office for Civil Rights  
Department of Health and Human Services  
2201 Sixth Avenue  
Mail Stop RX-11 Seattle, WA 98121

Pa telefòn: 1-206-615-2290  
Gratis: 1-800-368-1019  
TTY: 1-800-537-7697  
Oswa, pa faks: 1-206-615-2297

# AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE

Manm anplwaye Trillium yo dwe kolekte enfòmasyon sou ou pou yo kapab ba w sèvis swen sante. Nou konnen enfòmasyon nou kolekte sou ou ak sou sante w yo prive. Lwa gouvènman federal ak eta a egzije nou pwoteje enfòmasyon sa yo. Nou rele enfòmasyon sa yo Enfòmasyon sou Sante ki Pwoteje (Protected Health Information, PHI).

Avi sou Pratik Konfidansyalite a ba w enfòmasyon sou kijan Trillium ka itilize oswa pataje enfòmasyon ki konsène w yo. Yo p ap dekri tout sitiyasyon yo. Nou oblije ba ou avi sou pratik konfidansyalite pou tout enfòmasyon nou kolekte ak konsève ki konsène ou. Nou oblije reponn ak kondisyon avi ki anvigè aktyèlman an.

Sa ka rive Trillium chanje Avi sou Pratik Konfidansyalite a alavni. Tout chanjman ki fèt yo ap aplike pou enfòmasyon Trillium gentan genyen ansanm ak enfòmasyon Trillium gen pou l resevwa alavni. Trillium ap afiche yon kopi nouvo avi a jan lalwa egzije sa a.

Ou ka mande yo ba w yon kopi Avi sou Pratik Konfidansyalite a nenpòt lè ou vizite oswa kontakte Trillium. Epitou ou kapab jwenn li sou entènèt nan <http://www.trilliumohp.com>.

### Fason Trillium kapab itilize ak pataje enfòmasyon yo san otorizasyon w pou tretman

Nou kapab itilize oswa pataje enfòmasyon yo avèk founisè swen sante yo ki enplike nan swen sante ou.

Pa egzanp, yo ka pataje enfòmasyon yo pou kreye oswa swiv yon plan pou tretman w.

### **Pou peman**

Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon yo pou resevwa peman oswa pou peye pou sèvis swen sante ou resevwa yo. Pa egzanp, nou ka bay PHI yo pou faktire OHP pou swen sante ou resevwa a.

### **Pou operasyon swen sante yo**

Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon yo pou nou kapab jere pwogram ak aktivite nou yo. Pa egzanp, nou ka itilize PHI pou nou revize kalite sèvis ou resevwa a.

### **Pou tretman sante mantal**

Nou ka pataje oswa echanje kèk enfòmasyon avèk lòt plan OHP pou swen ki jere yo pou n kapab fè aktivite tretman yo.

### **Pou aktivite sante piblik yo**

Trillium gen yon kontra ak OHA, ajans sante piblik ki konsève dosye ki enpòtan epi ki mete yo ajou a, pa egzanp akouchman ak lanmò, epi ki kontwole kèk maladi.

### **Pou aktivite kontwòl sante yo**

Trillium ka itilize oswa pataje enfòmasyon pou yo enspekte oswa mennen investigasyon sou pwofesyonèl swen sante yo.

**Jan lalwa egzije sa a ak pou aplike lalwa.** Trillium pral itilize ak pataje enfòmasyon lè lwa gouvènman federal, eta a oswa yon òdonans tribinal egzije oswa otorize sa a.

### **Pou rapò abi ak investigasyon yo**

Trillium gen obligasyon dapre lalwa pou resevwa epi sonde rapò sou abi yo.

### **Pou pwogram gouvènman yo**

Trillium ka itilize ak pataje enfòmasyon pou avantaj piblik yo nan kad lòt pwogram gouvènman yo. Pa egzanp, Trillium ka pataje enfòmasyon pou yo detèmine avantaj Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI) yo.

### **Evite domaj**

Trillium ka pataje PHI yo ak fòsdelòd yo pou l kapab evite gen yon gwo menas nan sante ak sekirite yon moun oswa piblik la.

### **Pou rechèch**

Trillium ka itilize enfòmasyon yo pou rezon etid ak pou redije rapò. Rapò sa yo pa idantifye yon seri moun byen presi.

### **Divulgasyon ak fanmi, zanmi yo, ak lòt moun ki patisipe nan swen medikal ou a**

Trillium ka pataje enfòmasyon ak fanmi ou owa lòt moun ki patisipe nan swen ou. Ou gen dwa pou konteste pou yo pa pataje enfòmasyon sa yo.

### **Lòt itilizasyon ak divulgasyon mande yon otorizasyon alekri**

Nan lòt ka yo, Trillium pral mande w bay otorizasyon w alekri avan li itilize oswa divulge enfòmasyon yo. Ou ka anile otorizasyon sa a nenpòt ki lè alekri. Trillium OHP pa ka retounen sou okenn enfòmasyon yo gentan itilize oswa divulge avèk otorizasyon w.

### **Lòt lwa pwoteje PHI**

Anpil pwogram Trillium gen yon seri lòt lwa sou fason yo itilize ak divulge enfòmasyon ki konsène w yo. Pa egzanp, ou dwe bay otorizasyon w alekri pou Trillium kapab itilize ak pataje dosye sou tretman pou depandans sou pwodui chimik ou yo.

### **Ki dwa m sou enfòmasyon prive PHI?**

Ou gen dwa ki vini apre yo se konsènan enfòmasyon sou sante Trillium konsève ki konsène w yo.

Dwa pou wè epi dwa pou jwenn yon kopi dosye medikal mwen ou Nan majorite ka, ou gen dwa pou gade oswa resevwa kopi dosye medikal ou yo. Ou dwe fè demann lan alekri. Yo ka faktire w yon frè pou depans pou fè kopi dosye w yo. Si w vle resevwa kopi dosye w yo, rele Trillium.

### **Dwa pou mande pou yo korije l oswa mete ajou dosye ou yo**

Ou ka mande Trillium pou chanje oswa ajoute enfòmasyon ki manke yo nan dosye w yo si w panse gen yon erè ladan yo. Ou ka fè demann lan alekri pandan w bay yon rezon ki fè w fè demann ou an.

### **Dwa pou jwenn yon lis divulgasyon**

Ou gen dwa pou mande Trillium ba w yon lis ki gen non moun yo te pataje dosye w yo ak yo nan sis lane ki sot pase yo. Ou dwe fè demann lan alekri. Nan lis sa a, ou p ap jwenn lè yo te pataje enfòmasyon yo pou tretman, peman oswa operasyon swen sante. Nan lis la, ou p ap jwenn enfòmasyon yo ba ou oswa manm fanmi w dirèkteman oswa enfòmasyon yo te voye avèk otorizasyon w

### **Dwa pou mande limit sou fason PHI ou ap itilize oswa divulge**

Ou gen dwa pou mande nou pou limite fason PHI ki konsène w itilize epi pataje. Ou dwe fè demann lan alekri

epi fè Trillium konnen ki enfòmasyon w vle met limit sou yo ak pou ki moun ou vle limit yo aplike. Ou kapab mande yo anile restriksyon sa (yo) alekri oswa aloral.

### **Dwa pou anile pèmisyon**

Si yo mande w siyen yon otorizasyon pou yo itilize oswa pataje enfòmasyon yo, ou kapab anile otorizasyon sa nenpòt ki lè. Ou dwe fè demann lan alekri. Sa p ap gen okenn efè sou enfòmasyon yo gentan pataje yo.

### **Dwa pou chwazi kòman pou yo pale avèk ou**

Ou gen dwa pou mande Trillium pataje enfòmasyon avèk ou nan yon fason byen presi oswa nan yon andwa byen

presi. Pa egzanp, ou ka mande Trillium voye enfòmasyon yo nan adrès travay ou olye yo voye yo nan adrès lakay ou. Ou dwe fè demann sa alekri. Ou pa bezwen eksplike sou kisa ou baze demann ou an.

### **Dwa pou depoze yon plent**

Ou gen dwa pou depoze yon plent si w pa dakò ak fason Trillium itilize oswa pataje enfòmasyon ki konsène w yo.

### **Dwa pou jwenn yon kopi avi sa sou papye**

Ou gen dwa pou mande ba w yon kopi papye dwa ou an nenpòt ki lè.

# KÒMAN MWEN KAPAB RAPÒTE FWOD, GASPIYAJ OSWA ABI MWEN SISPÈK?

Nou pran angajman pou anpeche Fwod, Gaspiyaj, ak Abi pandan n ap konfòme nou ak tout Lwa ki Aplikab yo, ki gen ladan yo, san n pa neglije Lwa sou Fo Reklamasyon Eta a ak Lwa sou Fo Reklamasyon gouvènman federal la.

### **EGZANP FWOD PWOFESEYONÈL SWEN SANTE YO SE:**

- Lè pwofesyonèl swen sante yo faktire pou sèvis yo pa t bay oswa faktire pou atik yo pa t bay manm nan vre

### **EGZANP GASPIYAJ PWOFESEYONÈL SWEN SANTE YO SE:**

- Lè pwofesyonèl swen sante yo rekòmande fè yon seri tès ki pa nesèsè
- Lè yo preskri plis pase kantite medikaman ki nesèsè pou trete yon pwoblèm medikal espesifik

### **EGZANP ABI PWOFESEYONÈL SWEN SANTE YO SE:**

- Lè famasi yo faktire pou medikaman ki gen mak yo san yo pa konnen pandan yo bay medikaman jenerik yo
- Lè pwofesyonèl swen sante yo faktire pou sèvis ki pa nesèsè pou rezon medikal san yo pa konnen

### **EGZANP FWOD MANM YO SE:**

- Yon moun ki pa manm lan ap itilize kat Idantifikasyon manm lan pou l resevwa sèvis oswa atik medikal yo

### **EGZANP GASPIYAJ MANM YO SE:**

- Lè yo pa pase chache preksripsyon yo nan Famasi a

### **EGZANP ABI MANM YO SE:**

- Lè yo jwenn sèvis medikal ki pa nesèsè

# KONEKTE SWEN SANTE OU

---

Antanke manm, ou gen dwa pou rapòte Fwod, Gaspiyaj ak Abi san w pa mansyone non w epi pou Lwa ki aplikab konsènan denonsyasyon yo pwoteje w. Trillium pral voye rapò soupson fwod, gaspiyaj, oswa abi yo bay ajans ki apwopriye yo. Gen yon liy asistans telefonik ki disponib pou ba nou enfòmasyon sou fwod ak abi.

Si w panse te gen erè, fwod oswa abi ki te fèt, rapòte sa pi vit ke posib! Lè w fè nou konn sa a, sa anpeche lòt manm yo tonbe viktim. Lè w fè nou konn sa a, sa ede nou ekonomize avantaj swen sante w yo tou. Si w gen dout sou enfòmasyon sou Eksplikasyon Avantaj ou yo oswa ou kwè gen anpil erè, fwod, gaspiyaj oswa abi ki fèt, kontakte nou.

## **Liy Asistans**

Telefonik Konfidansyèl Fwod, Gaspiyaj ak Abi Gratis nan 1-866-685-8664

## **Sèvis pou Manm yo**

Gratis 1-877-600-5472 TTY 711

## **An Pèsòn**

13221 SW 68th Pkwy #200, Tigard, OR 97223

## **Pa Lapòs**

Trillium Community Health Plan, P.O. Box 11740 Eugene, Oregon 97440-3940

## **Epitou ou kapab deklare sa ou kwè ki se fwod, gaspiyaj, ak abi bay:**

### **Office of the Inspector General**

Gratis 1-800-HHS-TIPS oswa 1-800-447-8477, TTY 1-800-377-4950

## **Kote pou Deklare yon Ka Fwod oswa Abi yon Founisè**

### **Medicaid Fraud Control Unit (MFCU) Oregon Department of Justice**

100 SW Market Street, Portland, OR 97201

Telefòn: 971-673-1880, Faks: 971-673-1890

### **OHA Program Integrity Audit Unit (PIAU)**

3406 Cherry Ave. NE, Salem, OR 97303-4924

Faks: 503-378-2577, Liy Asistans Telefonik: 1-888-FRAUD01 (888-372-8301)

Sit entènèt: <https://www.oregon.gov/oha/FOD/PIAU/Pages/Index.aspx>

## **Kote pou Deklare yon Ka Fwod oswa Abi yon Manm komèt**

### **DHS/OHA Fraud Investigation**

PO Box 14150, Salem, OR 97309

Liy Asistans Telefonik: 1-888-FRAUD01 (888-372-8301), Faks: 503-373-1525 Attn: Sit entènèt liy

asistans lan: <https://www.oregon.gov/dhs/ABUSE/Pages/fraud-reporting.aspx>

## **Medyatè**

Yon medyatè se yon fonksyonè piblik ki aji kòm yon entèmedyè enpasyal ant moun yo ak ajans yo.

### **W ap jwenn medyatè ki nan Oregon lan nan adrès:**

500 Summer St NE Salem, Oregon 97301

Faks 503-947-2341

Ou kapab mande Medyatè OHA a ede w lè w rele nimewo gratis 1-877-642-0450 (TTY 711).

## NOUVO OPSYON POU JERE DOSYE DIJITAL SOU SANTE OU YO

Nan dat 1 Jiyè 2021 an, yon nouvo regleman federal ki rele Règ Entèoperabilite ak Aksè Pasyan (CMS 915 F) te rann plis fasil pou manm jwenn dosye sante yo lè yo plis bezwen yo a. Kounyeya ou genyen aksè konplè nan dosye ou yo sou aparèy mobil ou ki pèmèt ou jere sante w pi byen epi konnen ki resous ki louvri pou ou.

### Imajine:

- Ou ale kay yon doktè paske ou pa santi w byen epi doktè sa a ka rale dosye sante ou an soti depi senk dènye lane yo.
- Ou itilize yon repètwa founisè ki ajou pou jwenn yon founisè oswa yon espesyalis.
- Founisè oswa espesyalis sa a ka itilize istorik sante w pou dyagnostike w epi asire ke ou resevwa pi bon swen yo.
- Ou ale sou òdinatè w pou wè si yon demann peye, refize oswa li toujou ankou tretman.
- Si ou vle, ou pran istotik sante w avèk ou pandan w ap chanje plan yo.\*

*\*Nan lane 2022, manm yo ka kòmanse mande pou dosye sante yo ale avèk yo pandan y ap chanje plan sante yo.*

## NOUVO RÈG LA RANN PLIS FASIL POU JWENN ENFÒMASYON\*\* SOU:

- demann yo (peye oswa refize)
- pati espesifik nan enfòmasyon klinik ou an
- kouvèti pou medikaman nan famasi
- founisè swen sante

*\*\*Ou ka jwenn enfòmasyon pou dat sèvis yo nan dat oswa aprè 1 Janvye 2016.*

Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite kont manm sou entènèt ou an.



# MO POU KONNEN

**Aksyon:** (1) Refi oswa otorizasyon limite pou yon sèvis ou mande, ki gen ladan l kalite oswa nivo sèvis la; (2) Rediksyon, sispanasyon oswa tèminasyon yon sèvis ki te otorize avan; (3) Refi, total oswa pasyèl, pou peman pou yon sèvis; (4) Pa rive bay sèvis atan jan eta a defini sa a; (5) Lè yon CCO pa rive aji nan delè yo bay nan 438.408(b); oswa, (6) Pou yon moun ki rete nan yon zòn riral ki gen sèlman yon CCO, refi demann yon moun ki enskri nan Plan Sante Oregon pou egzèse dwa li, konfòmman ak 438.52(b)(ii), pou jwenn sèvis andeyò rezo a.

**Swen Sikyatrik Egi pou Pasyan ki Entènè:** Swen ou resevwa nan yon lopital. Yo dwe apwouve kalite swen sa a.

**Direktiv Alavans:** Dokiman ki ba w posiblite pou dekri souwè w yo konsènan tretman medikal pandan fen lavi w.

**Kontestasyon:** Lè ou mande yon plan pou l tounen sou yon desizyon ou pa dakò avè l konsènan yon sèvis doktè w la te rekòmande. Ou kapab ekri yon lèt oswa ranpli yon fòmilè pou eksplike poukisa plan sa ta dwe tounen sou desizyon l. Yo rele sa soumèt yon kontestasyon.

**Randevou:** Yon vizit kay yon pwofesyonèl ki bay sèvis.

**Sante Konpòtmantal:** Gen ladan l tretman pou sante mantal ak pou konsomasyon sisbtans (dwòg ak alkòl)

**Plan Swen:** yon plan pou manm ki nan Sèvis Swen ki jere, Kowòdinasyon Swen oswa Sèvis Kowòdinasyon Swen Entansif. Plan swen an ede sipòte tout swen moun ta ka bezwen. Li dekri sipò, rezilta, aktivite ak resous ki nesesè pou satisfè objektif manm lan, bezwen sante ak sekirite li. Plan sa kolaboratif, entegre epi li baze sou entèdisiplinarite. Li ka analize bezwen medikal, sosyal, kiltirèl, devlopmantral, edikatif, espirityèl, ak bezwen finansyèl yo pou l kapab rive atenn rezilta ekselan sou sante ak byennèt

**Jesyon Ka:** Sèvis pou ede ou resevwa swen ki efikas nan men lòt ajans yo.

**Pwogram CHOICE:** Pwogram CHOICE la sipòte adilt ki gen maladi mantal pou yo kapab viv nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an avèk responsablite ak kowòdinasyon swen lokal, sèvis ki adapte ak kominote a, ansanm ak sipò pou tranzisyon.

**Konsiltasyon:** Konsèy yon pwofesyonèl swen sante bay yon lòt ki patisipe nan swen w.

**Òganizasyon Swen Kowòdone (Coordinated Care Organization, CCO):** Yon CCO se yon òganizasyon kominotè ki fèt ak tout kalite pwofesyonèl swen sante ki mete tèt ansanm pou sipòte sante moun, fanmi ak sante tout kominote a.

**Kopeman:** Yon kantite lajan yon moun dwe peye ki sot nan pòch li pou chak sèvis sante. Manm Plan Sante Oregon yo pa gen pou peye kopeman. Asirans sante prive ak Medicare pafwa gen pou peye kopeman.

**Ekipman Medikal Dirab (Durable Medical Equipment, DME):** Tout bagay tankou chèz woulant, aparèy pou moun mache, ansanm ak kabann lopital. Yo dirab paske yo dire lontan. Yo pa epwize menm jan ak founiti medikal yo.

**Pwoblèm Medikal Ijans:** Yon maladi oswa blesi ki mande pou jwenn swen imedyatman. Sa kapab emoraji ki pa kanpe, gwo doulè oswa zo ki kase. Li kapab tou yon bagay ki anpeche yon pati nan kò w byen fonksyone. Yon pwoblèm sante mantal ijans se lè w santi w dekontwole oswa ou santi ou ta fè tèt ou oswa yon lòt moun mal.

**Transpò pou Ka Ijans (trajè):** Lè w itilize yon anbilans oswa Life Flight pou w al pran swen medikal. Teknisyen medikal ijans (EMT) yo bay swen pandan trajè oswa vòl la.

**Sal Dijans (ER) ak Depatman Ijans (ED):** Sal dijans ak Depatman Ijans, se kote nan yon lopital ou kapab resevwa swen pou yon ijans medikal oswa ijans sante mantal.

**Sèvis Ijans:** Swen ki amelyore oswa estabilize pwoblèm sante medikal oswa mantal britsoukou ki grav.

**Sèvis ki Ekskli:** Tout bagay yon plan sante pa peye pou yo. Sèvis pou amelyore aparans ou, pa egzanp chiriji kosmetik, tout pwoblèm ki amelyore pou kont yo, pa egzanp rim, jeneralman ekskli.

**Doleyans:** Yon plent ki fèt sou yon plan, pwofesyonèl swen sante oswa klinik. Lalwa mande pou CCO yo reponn chak plent.

**Sèvis Adaptasyon ak Aparèy:** Sèvis swen sante ki ede w retni, aprann oswa amelyore konpetans epi ki ede w fonksyone nan lavi chak jou.

**Asirans Sante:** Yon pwogram ki peye pou swen sante. Apre w fin enskri nan pwogram nan, yon konpayi oswa yon ajans gouvènman an peye pou sèvis sante ki kouvri yo. Gen kèk pwogram asirans ki egzijè peman chak mwa, ki rele prim.

**Evalyasyon sou Risk Sante/Kontwòl Risk sou Sante:** Yon lis kesyon ki ede nou pi byen konnen bezwen swen sante inik ou yo.

**Swen Sante Adomisil:** Sèvis ou resevwa lakay ou pou ede w viv pi byen apre yon chiriji, yon maladi oswa yon blesi. Èd pou medikaman, manje ak pou benyen se kèk nan sèvis sa yo.

**Sèvis Ospis:** Sèvis pou rekonfòte yon moun k ap mouri ansanm ak fanmi li. Ospis la fleksib epi li ka gen ladan l tretman pou doulè, konsèy ak swen repi.

**Swen pou Pasyan ki Entènè ak Pasyan ki Pa Entènè nan Lopital la:** Swen pou pasyan ki entènè nan lopital se lè pasyan an jwenn admisyon nan yon lopital epi li pase omwen 3 nwit ladan l. Swen pou pasyan ki pa entènè se sèvis chiriji oswa tretman ou resevwa nan yon lopital apres a ou ale lakay ou.

**Kowòdinasyon Swen Entansif (Intensive Care Coordination, ICC):** Nivo sèvis kowòdinasyon swen ki pi elve. ICC sipòte kondisyon ak bezwen medikal ki konplèks. Tout moun ki bezwen èd ka ale poukont li. Yon manadjè ka pral kontakte ou.

**Evalyasyon sou Risk Sante:** Fòmilè evalasyon kout pou ede nou idantifye si gen nenpòt bagay nou ka ede w avèk li.

**Sèvis Entèprèt:** Entèprèt lang oswa entèprèt langaj siy pou moun ki pa pale menm lang ak pwofesyonèl swen sante yo a oswa pou moun ki gen difikilte pou tande yo.

**Pratisyen Medikal ki Lisansye:** Moun ki kalifye pou preskri medikaman.

**Sèvis Limite:** Sèvis Sante Mantal ki sèlman kouvri an pati. Ou kapab peye pou sèvis sa yo si ou konnen sèvis yo limite epi aksepte swen an nan nenpòt fason. Sa genyen ladan sèvis ki ale odela bezwen sa yo pou dekouvri sa ki pa bon.

**Nesesè pou Rezon Medikal:** Sèvis ak founiti ki nesèsè pou prevni, dyagnostike oswa trete yon pwoblèm medikal oswa sentòm li bay yo. Li ka vle di tou sèvis pwofesyonèl medikal la aksepte kòm tretman estanda.

**Plan Sante Medikal:** Yon plan sante gen kontra avèk Otorite Sante Oregon (Oregon Health Authority, OHA) lan. Plan sa bay sèvis medikal, chirijikal, prevantif ak sèvis pou depandans sou pwodui chimik.

**Jesyon Medikaman:** Lè yo rekòmande ak kontwole medikaman w yo, pandan yo pa kouvri depans pou medikaman w yo.

**Direktiv Sante Mantal:** Yon dokiman ki dekri ki tretman ou vle si w vin enkapab (pa kapab pran desizyon) akòz yon maladi mantal.

**Rezo:** Tout pwofesyonèl medikal, sante mantal, pwofesyonèl pou swen dan, famasi ak pwofesyonèl ki bay ekipman ke yon òganizasyon swen kowòdone (CCO) gen kontra avè l.

**Pwofesyonèl Swen Sante Rezo:** Tout pwofesyonèl swen sante ki nan yon rezo CCO. Si yon manm konsilte pwofesyonèl swen sante ki nan rezo yo, plan an ap peye frè yo. Gen kèk espesyalis nan rezo a ki mande pou manm yo jwenn yon rekòmandasyon nan men founisè swen jeneral (PCP) yo a.

**Pwofesyonèl Swen Sante ki Pa nan Rezo:** Yon pwofesyonèl swen sante ki pa siyen yon kontra avèk CCO a, epi ki ka pa aksepte peman nan men CCO a kòm peman konplè pou sèvis li bay yo.

**Medyatè:** Yon moun ki enpasyal ki pa fè pati plan sante a, ki ede manm yo rezoud plent yo.

**Pwofesyonèl Swen Sante ki Andeyò Rezo:** Yon pwofesyonèl swen sante ki pa siyen yon kontra avèk CCO a, epi ki ka pa aksepte peman nan men CCO a kòm peman konplè pou sèvis li bay yo.

**Sante Fizik:** Sante ki gen rapò ak kò w.

**Sèvis Doktè:** Sèvis ou resevwa nan men yon doktè.

**Plan:** Yon òganizasyon medikal, òganizasyon pou swen dan oswa CCO ki peye pou sèvis swen sante manm li yo.

**Prim:** Yon montan ou gen pou peye pou yon kontra asirans.

**Apwobasyon Davans (Otorizasyon Davans, oswa PA):** Yon dokiman ki endike plan w lan pral peye pou yon sèvis. Gen kèk plan ak sèvis ki egzijè yon PA avan ou resevwa sèvis la. Se doktè yo an jeneral ki jere sa a.

**Medikaman sou Preskripsyon:** Medikaman doktè ou an di w pou pran.

**Kouvèti pou Medikaman Preskripsyon:** Asirans sante oswa plan ki ede peye pou medikaman preskripsyon ak medikaman

**Founisè Swen Jeneral (PCP):** Yo rele li tou yon “PCP,” se yon pwofesyonèl medikal ki jere swen sante w. Jeneralman, yo se premye moun ou rele lè w gen pwoblèm sante oswa lè w bezwen jwenn swen. PCP w la kapab yon doktè, enfimye pratisyen, asistan doktè, osteyopat oswa pafwa yon natiwopat.

**Doktè Swen Jeneral:** Yon medsen swen jeneral, oswa PCP, se yon medsen/doktè medikal ki bay alafwa premye kontak pou yon moun ki gen yon pwoblèm sante yo pa dyagnostike ansanm ak swen kontini pou yon seri pwoblèm medikal ki varye.

**Dantis Swen Jeneral:** Dantis ou jeneralman konsilte ki pran swen dan w ak jansiv ou.

**Pwofesyonèl Swen Sante:** Tout moun oswa ajans ki bay yon sèvis swen sante.

**Sèvis Reyadaptasyon:** Yon seri sèvis espesyal pou amelyore fòs, fonksyònman oswa konpòtman yo bay jeneralman apre chiriji, blesi oswa abi sibstans.

**Refere Tèt Ou:** Vle di ou pa bezwen otorizasyon nan men doktè ki ba w swen jeneral la pou resevwa swen.

**Swen Enfimye ki Kalifye:** Èd nan men yon enfimye pou swen blesi, terapi oswa pou pran medikaman. Ou kapab resevwa swen enfimye ki kalifye yo nan yon lopital, mezon retrèt oswa lakay ou gras ak swen sante adomisil la.

**Espesyalis:** Yon pwofesyonèl medikal ki pran yon fòmasyon espesyal pou pran swen yon pati nan kò w oswa pou trete yon kalite maladi.

**Odyans San Patipri Eta a:** Yon odyans OHA sou yon aksyon pou refize, redui oswa kanpe yon sèvis. Yon Manm OHP oswa Reprezantan Manm lan ka mande yo fè yon odyans.

**Swen Ijan:** Swen ou bezwen nan menm jou a pou gwo doulè, pou anpeche yon blesi oswa maladi agrave oswa pou evite pèdi fonksyònman nan kèk pati nan kò w.

# NÒT

---



